ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

ÁJINIYaZ ATINDAǴI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

*Qol jazba huqıqında*

**SEYTOV MEDET**

# ÁYYEMGI ORTA AZIYA XALIQLARININ RUWXIY QÁLIPLESIWI

5A111601- Sosial-gumanitar pánlerdi
oqıtıw metodikası (Ruwqıylıq tiykarları)

**Magistr**
**akademik dárejesin alıw ushın jazılǵan**
**dissertasiya**

**Ilimiy basshı:** **akademik J. Bazarbaev**

**NÓKIS – 2020**

**Áyyemgi Orta Aziya xalıqlarınıń ruwxıy qáliplesiwi**

**Joba**

Kirisiw........................................................................................ 3
I-bap. Áyyemgi Orta Aziya xalıqlarının ruwxıy qáliplesiwiniń baslanıwı
1. Insan sanasında inanmlardıń payda bolıwı.......................................... 7
2. Mifler olardıń áhmiyeti.................................................................. 10
3. Adam haqqında dáslepki ilimiy ájayıp túsinikler............................... 13
II-bap. Milliy ruwxıylıǵımızdıń jetilisiwiniń tiykarǵı dáwirleri
1. Milliy ruwxıylıǵımızdı tariyxın úyreniw........................................... 21
2. ”Avesto” hám táńirshilik dini............................................................ 28
III-bap. Islam ruwxıyatınıń qáliplesiwi
1. Islamda tawxid mádeniyatın qáliplstiriw............................................ 45
2. Suwpıshılıq tariyxatınıń qáliplesiwi.................................................... 63
3. Islam ilahiyatı.................................................................................. 67
Juwmaq.............................................................................................. 75
Paydalanǵan ádebiyatlar......................................................................... 77

## Kirisiw

Adamzat sanası hámme waqıt rawajlanıwda bolǵan. Sebebi ol mudamı ne ushın? Nege? degen sorawlardıń ústinde bas qatırǵan.

Mine sol oylanıwdıń nátiyjesinde insan eń dáslep miflerdiń ápiwayı totemizm magiya animizm, yudaizmnen keyin polemizm yaǵnıy kóp qudaylılıqqa sıyınǵan, jeke qudaylıqqa yaǵnıy tawxid túsinigi payda bolǵan.

Sosaniyler dáwirinde zardushtiylik Iranda húkimiran din boldı. Bul dáwirge kelip mazdayasna isenimi álleqashan negizgi mánisin joǵaltıp, mifologiyalıq oylaw tásirinde mushriklik ruwxındaǵı aqidalar butqasına aylanıp bolǵan edi. Payǵambarımız házireti Muhammad (s.a.v) ǵa vahiy túsken dáwirde de Sasaniyler aqidalardan bas tartpadı.

Negizinde adamzat sanasındaǵı ózgerisler Jaratqannıń inayatı menen ádewir ilgeri baslanǵan edi. Eramızdan aldıńǵı XVIII ásirde házireti Ibrahim alayhissalam Zardusht sıyaqlı birinshi márte tawxid nurınan bahramand bolǵan bolsa, XIV ásirge kelip házireti Musa Kalimullah jalǵız Táńri isenimin yahudiy qáwimge tarqattı. Eramızdıń baslarınan házireti Isa Masih (Rasulilloh) endi tawhid isenimine barlıq adamzattı tarta basladı. Isa (a.s) atı menen baylanıslı isenim 3 ásirde jayılıp, IV ásir baslarında Vizantiya imperatorı ullı Konstantin tárepinen xristian dini sıpatında rásmiy tán alındı.

Allahtıń aqırǵı kitabı Quranı kárim 23 jıl dawamında (610-632) Mekke qalasındaǵı quraysh qáwiminiń hoshimiylerge tiyisli Amin (isenimli) laqaplı Muhammed (s.a.v) ge vahiy arqalı nozil boldı. Muhammed Rasululloh aqırǵı payǵambar bolıp, sol sebepten bul ullı insandı «Xotimat un-nabi», yaǵnıy «Payǵambarlar muhri (aqırǵı)» dep ataydı. Muhammed (s.a.v) dáslepki ayatlar nozil bolǵanda 40 jasta, úylengen, 3 qızın turmısqa shıǵarǵan edi. Hayalı Xadisha (raziallahu anhu) usı waqıtta 55 jaslarda bolıp, áwel bastan-aq Payǵambarımızǵa isenim menen qaradı hám ol kisini qollap-quwatlap turdı. Birinshilerden bolıp islam isenimine iyman keltirgenler payǵambarımızdıń jaqın dosları Abu Bakir, jiyeni Ali ibn Abu Talib, tutınǵan ulı Zayd hám basqalar boldı. Biraq bul jańa isenim Payǵambarımızdı kópshilik jaqın aǵayınleri

tárepinen de jaqsı qabıl etilmedi. Ámekileriniń kópshiligi dáslep qarsı shıqtı, olardan eń mehribanı bolmısh Abu Talib pútkil ómiri dawamında jiyenin qorǵaǵan bolsa da, ózi islam isenimine iyman keltirmedi. Abu Talib hám Xadisha anamız óliminen soń Mekke musılmanları ádewir qıynalıp qaladı hám Rasulullah dosları Abu Bakir menen birge 622 jıl jaz aqırlarında Mekke qalasınan Madina (usı dáwirde Yasrib) ke jol aldı. Olardıń izlesleri ilgerirek kóshken edi. Bul hádiyse hijrat (kóship ótiw) dep ataladı hám islam tariyxında úlken áhmiyetke iye. Muhammed (s.a.v) tiń óz tuwılıp ósken elin ettixat jolında taslap shıǵıwı menen islam dinine isenim baslandı; sebebi, Madina qalasınıń kópshiligi Rasulullah aytqanların qabıl etip, jalǵız Allaǵa iyman keltirgen edi. Bul waqıya 16 jıldan keyin musılman jıl esabınıń baslanıwına tiykar boldı hám sol sebepli musılman jıl esabı «hijriy era» dep ataldı.

Demek, insannıń aqılı menen jaratılǵan keleshek áwladtı iygilikli rawajlanıw jolına jeteleytuǵın kisilerdiń dúnyaǵa kóz-qarası ósiwine, álemdi biliw haqqındaǵı pikirleri yaǵnıy filosofiyalı miyrasları biziń mánawiyatımızǵa kúsh-quwat beredi.

**Temaniń aktuallıǵı**. Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov óziniń «Joqarı mánawiyat-jeńilmes kúsh» degen miynetinde «Biz milliy mánawiyattı hár tárepleme rawajlandırıwdıń máselesin óz aldına tiykarǵı wazıypa qoyar ekenbiz, búgingi kúni ruwqıylıqtı qáliplestiretuǵiı hám oǵan tásir etetuǵın biziń faktor hám ólshemlerdi tereń tallap, olardıń bul boyınsha qanday orın tutıwın jaqsı ańlap alıwımız maqsetke muwapıq boladı»[1] degen edi.

Demek hár bir dáwirde ruwqıylıq jámiyetimizdiń eń áhmiyetli tarawlarınıń biri retinde milliy ǵárezsizligimizdiń mazmunın hám áhmiyetin bayıtıp barıw baǵdarında biziń milliy tariyxımızdıń altın ǵáziynesiniń biri bolǵan milliy ruwqıylıǵımızdıń payda bolıwı hám onıń saqlanıwı, jetilisip, jańalanıp barıwına arnalǵan milliy ruwqıylıǵımızdıń jetilisiwiniń basqıshların úyreniw júdá aktual másele bolıp esaplanadı.

---

[1] И.А.Каримов «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш». Т., «Мәнаўият» 2008ж 12-бет.

Bul istiń áhmiyeti sonda ǵárezsizlik dáwiriniń óz ótmishimizdi, óz mádeniyatımızdı qalıs bilip alıw, sonıń tiykarında dúnya hámjámiyeti aldındaǵı ózligimizdiń, kim bolǵanımızdı kórsetiw dáwiri bolıp esaplanadı. Bul Jumısta xalqımızdıń ruwqıy tiykarlarıniń tereńligin olardı saqlaw hám jańa mazmun menen suwǵarıp joqarı mánawiyat printsiplerine tárbiyalaw máselesi qoyılıp onıń tárbiyalanıw qáwmetiniń tiyimli tásirin kórsetedi.

Usı maqsetli wazıypalar bul Jumısta hártárepleme sáwlelendirilgen. Tiykarınan diyarimizdaǵı haqıyqıy tariyx, mánawiy dáreklerdi hám oyshıllardıń bay miyrasın ilimiy izertlew húkimetimiz tárepinen ámelge asırılıp atırǵan mámleketlik siyasattıń ámelge asıwına azǵana bolsa da úles qosıw Jumıstıń aktuallıǵın quraydı.

**Izertlewdiń maqseti.** Dissertatsiya jumısımızda Áyyemgi Orta Aziya xalıqlarının ruwxıy qáliplesiwiniń baslanıwı izertley otırıp, biziń ótkendegi bay ruwqıy miyrasımızǵa ilimiy tárbiyaǵa názer taslaw.

Milliy miyraslarımızdıń payda bolıw hám ózgertiw basqıshlarında hár túrli dáwirlerde jámiyetlik sananiń ózgeriwi menen mánawiy kóz-qaraslardiń rawajlanıwınıń tiykarı.

Milliy miyraslardıń hár qanday sociallıq-siyasiy qataǵanlıqlarǵa ushırawına qaramastan biziń dáwirimizge jetkeriw mártligin kórsetiw.

Bul miyraslardıń elimizde bárkamal insandı tárbiyalawdaǵi áhmiyetin járiyalaw.

**Izertlewdiń wazıypası.**

- Insan sanasında inanmlardıń payda bolıwı analizlew:

- Milliy ruwqıylıǵımızdıń dáslepki búrtikleri bolǵan mifologiyalıq túsiniklerdi izertlew;

- «Avesto hám táńirshilik dini tamırların izertlew;

- Milliy ruwqıyatimizdiń tiykarǵi dáregi bolǵan islamda tawxid mádeniyatın qáliplstiriwdiń ruwqıy áhmiyetin izertlew;

- Suwpıshılıq tariyxatınıń qáliplesiwi hám islam ilahiyatınıń úyreniw

**Mashqalanıń úyreniw dárejesi**. Bul másele boyınsha ilimiy tiykarlardıń dálillewler Ózbekstan ilimpazlarınıń miynetlerinde, sonday-aq tiykarǵi dárekleri bolǵan «Avesto», «Túrk makfurası», «Qutadǵu bilik», «Qabusnama», «Quranı kárim», «Ádep dúrdanaları» shariat hám taǵı basqada bir neshe dáreklerdi izertlep jumısta paydalanǵan.

**Izertlew ob`ekti.** Mifologiyalıq túsiniklerden hám dáslepki inanımlardan baslap diniy yaǵnıy zardushtiylik, Mazdakizm, Monızm, islam ideyaları jáne dúnyalıq ádebiyatlar bolıp esaplanadı.

**Izertlew predmeti:** Áyyemgi Orta Aziya xalıqlarınıń ruwxıy qáliplesiwin izertlew jumıslarınıń tiykarında toplanǵan materiallar izertlewge tartılǵan xarakterli ádebiy qural onıń predmeti boldı.

**Jumıstıń metodologiyalıq hám teoriyalıq tiykarları:** Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I.A.Karimovtıń joqarı mánawiyattı qáliplestiriw hám milliy qádiriyatlardı tiklew boyınsha ilimiy kórsetpelerı, teoriyaliq dálilleri. Ruwqıylıqtıń xalqımızdıń rawajlanıwındaǵı izbe-izligin kórsetetuǵın tariyxı izertlewlerde.

**Jumıstıń ilimiy jańaliǵi.** Milliy ruwqıylıǵımızdıń qáliplesiw hám jetilisiw máselesindegi kóp sanlı ádebiyat hám praktikalıiq materiallar ishinen jetilisiw basqıshların izbe-iz sistemalı túrde izertlep, onıń qáliplestiriw jolların dálillew.

**Jumıstıń teoriyalıq hám praktikalıq áhmiyeti** sonda bul dissertatsiya oqıw orınlarında «Ruwxıylıqtanıw» hám «Dintanıw» pánin oqıtıwdı hám massa arasında úgit-násiyatlaw islerinde qolaylı hám sapalı material xizmetin atqarıwı múmkin.

**Jumıstıń dúzilisi.** Jumıs kirisiw, úsh bap, juwmaqlaw hám paydalanǵan ádebiyatlardan turadı.

## I-bap. Áyyemgi Orta Aziya xalıqlarınıń ruwxıy qáliplesiwiniń baslanıwı

### 1.1. Insan sanasında inanmlardıń payda bolıwı

Bushmanlar «Ay qaydan payda boldı» degen sorawǵa jawınnan keyin koldun Ottıń qasında otırdı. Hóllengen sandalın sheship otqa júda jaqın qoydı. Qarasa bir sandalı kúlge aylanǵan, ekinshisiniń yarımı janǵan. Ol ashıwlanıp yarımı janǵan sandalın joqarıǵa ılaqtıradı. Ol joqarı usha beredi, túngi aspanǵa deyin ushıp Ay bolıp aldı deydi.

Mifler sóz benen, súwretlerde kórinip olar tek aytılmaydı, sáwlelendiriledi.

Rawajlanǵan qáwimlerde miflerdiń qospalı ciklleri ushırasadı. Etnologiyalıq – geypara zatlardı hám tábiyat qubılıslarınan kelip shıǵıwı (jer haqqında) kosmotologiyalıq (kók ógiz) etnologiyalıq – olardıń keleshegi haqqında mifler bar.

Mif grek sózi (mitnos grekshe skazanie) ruwxıy mádeniyatlılıq ertedegi formalarınıń biri.

Adamdı hám duńyanı jaratıw haqqında kosmotologiyalıq miften basqa, adamdi, tábiyattı haywandı qudaylastırıwdaǵı miflerde jasaydı. Mifologiya jámiyettegi belgili bir normanı saqlawda, dástúrlerdi jetkizip beriw sıyaqlı funkciyanı orınlap áhmiyetli mádeniy hám sociallıq xızmet atqarǵan. Dástúrden shıqqan hár qıylı háreketler qaralanǵan. Mádeniyattı miflerdiń qaldıqları (sueverie) ırımdı qádirlew, pal ashıw, qádem jaylarǵa, tabınıw, diniy iskerlerge, poinsimvollarǵa tabınıwda kórinedi.

Avstraliyalıqlardıń mifinde kún hám ay jaratılǵan emes, al jerdegi maqluqtıń oǵan aylanıwı. Olar kún hayal ekenligine isenip, ol ot bolıp janǵan bas penen aspanǵa otlı jalınǵa aylanǵan.

Adamlar tábiyat ústinen húkimlik súriw ushın onıń zańların qubılıslarınıń kelip shıǵıwın biliw kerek. Indoneziyada jawındı yamasa jalınnıń zárúrligi ushın koldun olar qaydan shıqqanı haqqında miflerdi aytıp qollaydı.

Kópshilik kosmotologiyalıq mif tábiyat stixiyasın zaklinanie (ǵarǵawǵa)niń bólegi bolǵan. Biziń eramızdan 312-311 jıllarınan burın «Ra qubılısların biliw hám Anopanı jeńiw kitabında dáslep dawıllardı, hám shaqmaq shaqqan»

jamǵırdı ǵarǵaǵan. Vavilonıyada tis awırǵanda-aq zat penen aralastrılǵan smolanı tiske basadı solardı uzaq zagovor oqılǵan. Onda qalay etip quday aspandı jarattı, aspan-jerdi, jer-dáryalardı, dárya-kanallardı, kanallar ılaydı, ılay-qurtlerdi, qurt qalay tasqa tústi. Zagovor (duwa qurtqa qaratılıp) «Seni Ea quday urǵan» dep tamamlaydı.

Eń dáslep adamlar qudaylardı óziniń obrazı hám uqsası etip túsindirgen burın olardı haywanlar túrinde túsindi. Geypara xalıqlardıń mifinde jerdi Mamont dúzgen, indeetsler tasbaqa, Afrika qáwimlerde ulli siir.

Geypara xalıqlardi ajayip haywan, yarim-drakon, yarim-adamda shiqqan. Onıń denesi aspan asti, denesi jer, súyekleri- taw, qani teńiz hám dár`ya, kózi kún hám ay, tisi jartas hám taslar, shashi toǵay boldı deydi.

Avstraliyada kenguru - birinshi baba oǵan iytler hújim etken onı bolsa bólek etip taslaǵan. Onıń bawrı - xolm usturt, terisi-skala, súyegi tas h.t.b. Arqa Amerikadaǵı indeclerde olardıń tótemi iyt dáwler tárepinen jaratılıp onnan dárya payda bolǵan. Orta ásirdegi miflerde dóretiwshi quslar kóbirek aytıladı. Ertedegi Egipette qus qudayı Ra qus obrazında maskalı shıǵıp jerdi hám aspandı jarattı. Onıń balası Gora lashın menen teńlestiriledi. Al Qıtaylar kúndi altın qoraz benen teń kórdi.

Arqa indecler hám sheber xalıqlar búrkit kúnniń ottıń, jasınnıń iyesi hám húkimdarı. Shamanlardıń atası, járdemshisi hám muǵállimi.

Qaraqalpaqlarda áwel bul dunyaǵa bir qus keldi deydi. Bayulı – dos bolayıq ekewmiz. Sulayman payǵambarǵa násiyatı.

Zardushtiylijte qorazǵa qúdiretligi onı kún nurı dep esaplaw mánistiń kul`ti Axura Mazda masxtı jaqtı dep esaplawı bar.

Suw – dúnyanıń besigi. Suw hám ot adamlardıń kewline úlken tásir etken hesh bir qáwimde suwdı húrmetlemegen hám barlıq tirishiliktiń anası dep, onıń tazalawshı hám emlewshi kúnniń sılanǵanı joq. Suw joq bolsa jer joq, jer joq bolsa ómir joq degen xalqımız. Jer kók ógizdiń kók ógiz teńizdegi ilaqanıń ústinde degen bizde mif bar.

Ot ertedegi adamzattıń birinshi sıyınǵanı. Onda janıw processi emes tiri nárse jalınnıń iyesin kórgen.

Biraz miflerde hayal - dóretiwshi quday indecler dáslep suw bolǵan, biraq taslardıń anası ay menen jasap turǵanda, kúnge aydaǵan, óz haywanlardı onnan keyin qızdı jaratqan onnan birinshi adamzat urpaǵı payda bolǵan deydi.

## 1.2. Mifler olardıń áhmiyeti

Filosofiyanıń haslı yamasa baslaması geyde mifologiyalıq bórtiklerdiń ishinde jasırınadı. Sonlıqtan onı «Filosofiyanıń aldı», «birinshi metoifizika» dep atağan. Aristoteldiń aytıwınsha miflerdi súyetwğın hám shığaratuğın Adam belgili bir dárejede filosof. Sebebi danalıq sebeplerdi analizlewden turadı, al mifler tábiyat qubılıslarınıń sebebin túsindiredi. III-VI ásirlerde neopolotnikler mifler filosofiyası qanday shınlıqtı aytsa miflerde sonday. Zevs qudayı eń birinshi baslama Afina – danalıq h.t.b.

Ertedegi grek mifleri klassikalıq jámiyetke deyingi sananıń úzliksiz bólegi bolip sóylew protsessinde payda bolıp fol`klorliq janrğa kiredi. Ol qosıq penen, muzika menen taniwğa baylanıslı.

Awwel bul duńyağa bir qus keltirdiń

Jerdegi júzin jáne menen toltirdiń

Keyin sol qustı ashtan óltirdiń

Kimlerge payanlı bolğan duńyasań deydi qaraqalpaq folklorinda

Mifler sóz benen, súwretlerde kórinip olar tek aytilmaydi, sáwlelendiriledi.

Pawajlanğan qáwimlerde miflerdiń qospali tsiklleri ushirasadi. Etnologiyaliq – geypara zatlardi hám tábiyat qubilislarinan kelip shiğiwi (jer haqqinda) kosmotologiyaliq (kók ógiz) etnologiyaliq – olardiń keleshegi haqqinda mifler bar.

Biziń eń ertedegi babalarımızdıń ideyalarınıń hám ruwxıylığınıń tariyxı haqqında mağlıwmatlar ásirden ásirge mif, ápsanalar hám ertedegi jazıwlarda saqlanıp kiyatır. Orta Aziya xalıqlariniń ertedegi mif hám ápsanaları túrli temalarda bolğan. Sonıń ishinde mifler, haywanlar, quslar haqqında mifler, qudaylar hám ápsanawiy qaharmanlar haqqında mifler bolıp olarda jaqsılanıw, baxıt-saadat quyash nurı hám ıssılıq, jamanlıqqa baxıtsızlıq úlkesi degen

túsinikler júzege kelgen. Jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı gúres mifologiyalıq obrazlarda, Mitrada, Koyumars, Iyma hám basqa obrazlarda kóringen.

Mitra quyash qudayı. Ol kisilerge nur, ıssılıq baxıt-saadat baǵıshlaǵan. Sonıń menen birge jaqsı qurallanǵan bolıp dushpanlarǵa qarsı daxshat saladı, kisilerdi apattan qutqaradı. Mitra tawsılmas kúshke iye bolǵan palwan sıpatında kórinedi. Ol dushpanı joq qıladı hám onı jeńedi. Ol otta kúymeytuǵin, suwǵa batpaytuǵın qaharman.

Turan degen qaysı jer, qay jerge jaylasqan. Bul tuwralı mırza Ulıǵbektiń «Tórt ulıs tariyxın» úyreniw kerek.

Efas ibn Nux oǵiz ul bolǵan onıń birinshisi Túrk. Ol ullarına jer bólistirgen. Turan-Shıǵısta Tınısh okeanınıń Batıstı Balkanǵa deyin, Qublada Gimalay tawın Tibet, Arqa Hindistannan baslap arqa poliusqa deyin óz ishine alǵan. Insantariyxında eń úlken bir mámleket bolǵan. Azerbayjan, Túrkiya, Túrkmenistan, Ózbekstan, Qırǵızstan, Qazaqstan, Azerbayjanǵa kiretuǵın Naǵishivon, Ózbekstan quramıyna kiretuǵın Qaraqalpaqstan. Gruziyaǵa kiretuǵın Ajariston. Moldaviyaǵa kiretuǵin Gagauziya bar.

Rossiya ishindegi suveren mámleketler Bashqurtstan Kabardiko-Balkar, Tatarstan, Shubasiston, Yaxudstan, Daǵistan. Sonday Rossiyaday Túrkiy xalıqlardıń Tauli-Altay, Karashat-Sherkesiya, Xakasiya rayonlari. Qitayda uyǵirlardiń Shinjon-Uyǵir rayonı, Arqa Kiprde Túrk respublikasi kóp jıldan beri bar. Bul xalıqlardıń hár biri ózlerin túrk babamızdıń hám Turanniń miyrasxorı dep biledi. Mısalı Azerbayjan Respublikası milliy ǵárezsizlikke iye bolıwdan-aq milliy telegraf agentligin «Turan» dep atay basladı.

## 1.3. Adam haqqında dáslepki ilimiy ájayıp túsinikler

Áiyemgi adam dúnyanıń payda bolıwın adamlarda yamasa sút emiziwshilerdiń payda bolıwı hám tuwılıwı menen baylanıstırǵan. Dúnya jaratılmaǵan al mayekten shıqqan. Aspannıń dóńgelek kók jasıl, kun ay adamlarǵa mayek sıyaqlı kórinedi. Onday mifler kóp xalıqlarda ushırasadı.

Avstraliyada dáslep keyin tırna straus máyegin tuwıp onı aspanǵa ılaqtırǵan ol jarılıp onnan kún payda bolǵan dep esaplaydı. Egipette «Óliler kitabındaǵı biyiklikte uya bolǵan onda ullı tototun ǵazdıń máyeginen kún payda bolǵan ol qudaylardı, adamlardı jaratqan deydi.

Grekler kosmetikalıq jumırtqa haqqındaǵı ápsanalardı sociallıq teńsizlikke paydalanadı. Mısalı perua qáwimlerinen dúnyalıq jumırtqa ol úsh máyekten turadı. Ertedegi Egipettiń ápsanalarında quday barlıq basqarıwshılar jumırtqadan jaratqan. Qıtay mifinde qarlıǵash máyekti túsirip alǵanda Kien-ti degen hayal jumırtqanı jutıp jibergen onnan hámledar bolıp bala tuwǵan oǵan Jumırtqa dep at bergen. Ol balanıń urpaqları Iń dinastiyasın dúzgen onnan barlıq Qıtay imperatorları shıqqan. Iranda musılman sufiları quday «qanatsız pársiz qus nurda «aq gawhar- máyekten jaratılıptı.

Musılmanlarda quday eń dáslep Muhammeddiń nurın aq-gawhar jumıtrqadan dóretilgen aq tawıs túrinde jaratqan Tawıs 1000 shaqası bar daraqqa otırǵızıldı, bolajaq adamlardıń janı tawısqa qaradı hám qustıń denesiniń qanday bólegin kóre qalsa, jerdegi wákilligin yaǵniy Kim basın kórse ol basqarıwshı, Kim ayaǵın kórse xızmetker mártebesin aldı delingen.

Úsh dúnya haqqında adamlardıń pikirleri esaptıń úshlik sisteması, yaǵnıy úshke deyingı sanaw menen baylanıslı. Geypara qáwimlerde XIX ásirde bir, eki, úsh degen san ǵana bolǵan. (Geyparalarinda 10 ǵa deyin).

Úsh sanı kóplikti bildirgen hám ilahiy bolǵan. Onıń qaldıǵı qarǵıs, zagovorlarǵa, duwalaw kúshin beriw ushın úsh ret qaytalaǵan. Vavilonda aspan qudayı – Abu, jer qudayı – Mardak, jer astı qudayı Ea. Daosizmda úsh iyelewshi aspan qudayı, jer qudayı, suw qudayı. Indiyada Braxma-jarıq, Vishnu-hawa,

Shiva-ot. Keyin Braqma - úzliksiz háreket, Vishnu-dóretiwshi, Shiva- buzıwshı qudaylar bolǵan.

Hindistannıń Upanishadında dúnya adamǵa uqsaǵan. Dáslep bul dúnya Adam obrazındaǵı Atmanda bolǵan. Ol ózin ekige bóldi yaǵnıy erkekke hám hayalǵa. Ol hámme nárseni tuwdıradı.

Adamzattıń progresi magiya menen emes al onı jeńip alıw menen baylanıslı boldı. Birinshi grek filosoflari materialistler kelbetsiz magiyaliq kúshke isenimdi biykarlaydi. Zarurlik túsinikti oylap tapti.

Leykin hesh nárse sebepsiz payda bolmaydı deydi. Geypara ertedegi oyshıllardı ilimiy bilimler jetispegennen sueveriyalerge (ırımlarǵa) tiykar berdi.

Ellada da magiya hám ilimniń arasında turǵan filosoflarda boldı.

Empedoks ózinde filosoftı, vrachtı, koldundı astronomdı astrologtı, ilimpazdı hám sueverdi kórsetti. Ol Rimniń eki júzli Yakus qudayın eske túsiredi. Yakkustı bir beti úzliksiz alǵa ilimniń payda bolıwına qaratılsa ekinshi beti ertedegi grek miflerine qaratıldı. Empedokl shayır, orator, siyasiy isker, demokratiyanı jaqlawshı edi. Ol jıltır ǵana kiyimde, bastı del`fiylik venok, mıs sandalda júrip barlıq awırıwdı jazıw uqıbına, dawldıń qiyamet ashıwın qaytaraman, jemis zúráátin jetkeremen. Aydada ólgenlerdiń janın shaqıraman dep jariyaladı. Ol dinniń quday ekenligin dálillew ushın Etna bul kamanıń kraterine sekirip tústi, vulkan onı jutıp jiberdi tis bashmaqınıń birewin keyin zıńǵıttı.

Pifagordıń san haqqında tahliymattı tábiyattıń sanlıq nızamlıǵı haqqında máseleni qoyıwǵa talpınıw boldı. Lekin ol sanlar magiyası menen aralastı. Geyde sanlardv ózinshe jasıratuǵın mánis, tiri maqluq retinde kórinedi.

Pifagor barlıq zatlardıń tiykarı hám baslaması dep jariyaladi. «Hámmesi sanda», «San dúnyanı basqaradı». Bul túsinik sawdanıń rawajlanıwınıń tásirinen esaptiń hám tárezide ólshewdiń áhmiyetin shaqsa kerek ol barlıq sanlardı birden onǵa deyin on qudaylar arasına, aspandaǵı on aymaq hám on planeteǵa berdi. San erkekke (jup sanlarǵa) hayalǵa (taq) bólinip, olarǵa magiyalıq áhmiyet

berdi. Muhaddes birew ol barlıq qudeshlardiń anası, ulıwma birinshi baslanǵısh barlıq tábiyattın qubılıslarınıń tiykarı.

Eki bul tábiyattıń qarama-qarsılıq hám biykarlawdıń printsipi. Úsh birinshi baslanǵan úshlik birligi. Adam denesinle san menen belgilengen, birew- miy, ekew-júrek, úshew-gindik h.t.b.

Áiyemgi adamlarda materiallıq penen materiallıq emestiń arasında ayırmashılıq bolmadı. Deneniń hám jandı qarsı qoyıwda bolmadı. Kóp waqıtlarǵa deyin zatlardı janlı jansız depte bólmedi. Joqarıda adamlardıń denesinde denesi bar kishirek, onıń kishkene kopiyası dep oyladı. Kópshilik qáwimler jandı qustıń, tıshqannıń, hárre, gúbelke qurt, jılan túrinde túsindi. Ertedegi túrklerdegi Alan Goanıń nurdan júkli bolıp shımshıq sıpatındaǵı jigitten hámledar bolıwıda usıǵan uqsas.

Adamlar onda bir neshshe Jan bar dep isenedi. Mısalı yakutlar kóleńkedegi, dem alıwdaǵı, aqıldaǵı janlar. Sonlıqtan geypara xalıqlardı kósemniń kóleńkesin basıwǵa yamasa oǵan ótkir zattı taslawǵa bolmaydı. Ob dáryasınıń boyındaǵı ugrilar erkeklerde bes jan, hayallarda tórt Jan bar dep esaplaydı. Bizlerde qvzdıń janı qırıq degende sonnan qalǵan bolar. Bul máselede anemizm haqqında aytılıwı ketek. Áyyemgi adamlarda diniy inanımlardıń bolıwına qaramastan stixiyalı materialistler boldı. Óytkeni olar ruwx bolmastıń aldında degen túsinik bolmadı. Dúnya materiallıq edi. Hátteki ólgenlerdiń janı denelik tiykarda olardı awqatlandırıw hám suwǵarıw kerek dep oyladı. Mısalı bizde iyis shıǵarıw, hám t.b. onda adamlar bolmıstı sanadan materiyanı oylawdan bólip almadı barlıq tábiyat bolmıs retinde qabıl etildi. Lekin ol stixiyasız sana boldı.

Adamlardıń qatal ógey tábiyattıń ústinen birinshi jeńisinen, ilimniń texnikaniń zashatkası arqalı dúnyanı materialistlik ruwhıy ózlestiriwden basladı. Adamnıń haywannan bólingen baslı talabı ol biliwge talap barlıq adamlar óz tábiyatı boyınsha bilimge umtıladı» dep jazdı Aristotel` «Metoifizikasında».

Adamladıń óndirislik praktikası, miynet quralların tayarlaw, úylerin soǵıw onıń biliminiń ósiwine múmkinshilik beredi.

Ottıń tabınıwı sananıń rawajlanıwı ushın júdá úlken rol atqardı, jaıq jasın onıń sónip baratırǵan shoqqa shaqanı salǵannan keyin payda bolıwı onı mayda kúyinge aylanıwı, onıń tútini, bunıń hámmesi rawajlanıwdı hálsizlik etip atırǵan aqıldı jetilistirdi. Ottı óshirmewge ǵamqorlıq, onıń bir jerden ekinshi jerge kóshiriw hám ottı paydalanıw adamnıń haywannıń pútkilley ayırmashılıǵı hám onıń «Meniń tastıyıqlawǵa alıp keldi. Bul jerde «Otqa barǵan qatınnıń otız awız sózi bar» degen naqıldı hám ottı saqlaw, máselesi, máńgi ot sıyaqlı túsiniklerge toqtap ótiw zárúr.

Bilimniń baslanǵısh forması miynet quralların islew hám onı paydalanıw. Adamǵa tastı ılaqtırmastan burın gózlew kerek  ekenligin tájriybe bildirdi.

Mádeniyat tariyxshıları belgili dárejede áyyemgi adamlar ottı payda qılıp fizik rolın, tamaq tayarlaw ushın ximik rolın, jaranı tańıw ushın xirurgi, tawların tasların biliw arqalı geograf, barmaq penen sanaw arqalı matematikte boldı. Mısalı mergenler haywannıń iyisi boyınsha ańshılıq isler edi.

«Adam haywannan sonı menen ajıraladı. Geyde aspanǵa qarap qoyadı». Juldızlı aspan jıl awısıwı, máwsim Jumıs kunnıń háreketi menen jumıs isledi. Aziya ellerinde sharwalar ıssı klimattıń túnde kóship júrgende ay olarǵa jol kórsetti. Sonlıqtan yarım ay musılmanlardıń muqaddes emblemaları boldı. Adamlar waqıttı ayǵa qarap ólshewdi úyrendi. Orıslarda mesyats-ay delinse, bizde jańa ay, aylıq degen sózlerde sonıń menen baylanıslı.

Erteden-aq adamlar aspandaǵı juldızlardıń háreketin baqlaǵan hám onı tabatuǵın bolǵan. Temur qazaq (polyarnaya zvezda) bilgen ol basqa juldızlar arasında qozǵalmaydı hámme waqıt arqanı kórsetedi hám suwıq samal esetuǵın jaqta turadı.

Ólgennen keyingi ómir aspanda boladı degen túsinik keyin ólgen kósemlerdi jawdıń tóbesine jerlew menen baylanıslı bolǵan. Vavilon qudaylarv tawlarda jasaǵan. Ertedegi grek panteonları Olimpiya tawlarında, bibliyadaǵi yaxve qudayı Sinay tawında jasaǵan.

Adamlar ólgenderdiń janı kunge ketedi hám sonda juldızǵa aylanadı. Kunnıń kul`ti patsha qudaylastırıw menen baylanıslı. Meksika basshıları

Frantsuz Korolı Lyudovig XIV ózlerin kun dep esaplap ózin bayraqta sáwlelendiriwdi tapsırǵan. Shıngıs xannıń atında geyparalar «Shındaǵı kun» dep jorıydı.

Áyyemgı obshınalıq ıdırap jámiyet payda bolıw menen ústemlik etiwshi dınıy isenimlerine qarsı háreketler koldunlardıń shamanlardıń oylap tapqanlarına hám amulet talısmanlarǵa kritika payda bola basladı.

Arqa amerikadaǵı indeetslar dóretiwshi haywan haqqında onıń menen qarsılasıp onnan aspanǵa biygirek kóterilgenligi haqqında onıń kórsetpelerine narazılıǵı haqqında áńgimeler ushırasadı.

Sonda mifler bar koldunlarǵa jretslerge qarsı shıǵıp olardı aspandaǵı qudayların joq qılıwǵa atlanǵanı haqqında. Mısalı Aziyanıń Sumatra atawında dayaklar «bir waqıtta jerde batır kúshli adamlar jasaǵan. Olar qudaylardı joq qılıwdı sheshken. Biyik tawǵa kóterilip ol jerden sabaq oqların aspanǵa atqan. Oq tiygen qudaylar jerge qulaǵan olardı úlken shoqparlar menen óltirip taslaǵan» delinedi.

Turan degen qaysı jer, qay jerge jaylasqan bul tuwralı mırza Ulıǵbektiń «Tórt ulıs tarıyxın» úyreniw kerek.

Efas ibn nux oǵiz ul bolǵan onıń birinshisi Túrk. Ol ullarına jer bólistirgen. Ol Ulıǵbekke aytılǵan.

Turan-Shıǵısta Tınısh okeanınıń Batıstı Balkanǵa deyin, Qublada Gimalay tawın Tibet, Arqa Hindistannan tartıp arqa qutıbqa deyin tereńirekke óz ishine alǵan. Insan tariyxinda eń úlken bir mámleket bolǵan. Azerbayjan, Túrkiya, Túrkmenistan, Ózbekstan, Qirǵizstan, Qazaqstan, Azerbayjanǵa kiretuǵın Naǵishivon, Ózbekstan tárkibine kiretuǵın Qaraqalpaqstan. Gruziyaǵa kiretuǵın Ajariston, Moldaviyaǵa kiretuǵın Gagauziya bar.

Rossiya ishindegi suveren mámleketler Bashqurtstan Kabardiko-Balkar, Tatarstan, Shubasiston, Yaxudstan, Daǵistan. Sonday Rossiyaday Túrkiy xalıqlardıń Tauli-Altay, Karashat-Sherkesiya, Xakasiya rayonları. Qitayda uyǵırlardıń Shinjon-Uyǵir rayonı, Arqa Kiprde Túrk respublikası kóp jıldan

beri bar. Bul xalıqlardıń hár biri ózlerin túrk babamızdıń hám Turannıń miyrasxorı dep biledi hám oǵan haqısıda bar. Mısalı Azerbayjan respublikası milliy ǵárezsizlikke iye bolıwdan-aq milliy telegraf agentligin «Turon» dep atay basladı.

Sonday-aq tiykarǵı tili, dini ózgerip ketken Bolgariya, Mojoristan (ruminiya) ǵárezsiz mámleketleri, Mordva, Mari, Udmurd, Tuva Muxtar mámleketler xalqımızda Sibir, Uzaqsharq úlkelerindegi, Qıtay Mongolistan, Afganistan, Iran, Hindistan úlkelerin túrk baba hám Turan mámleketleriniń mıyrasxorı dep esaplaw tabiiy.

Onıń geografiya tawları Ural, Kavkaz, Tyanshan. Pamir, Gimalay, Altay hám basqalar.

Okeanları Arqa Muz okeanı, Tınısh okeanı

Teńizleri Qara Teńiz, Azov teńizi, Jer orta teńizi h.t.b.

Kayumars mifologiya boyınsha jer júzinde payda bolǵan birinshi Adam. Ol Axura Mazda tárepin eki túste Adam hám ózigden turǵan.

Insaniyattiń jawız dushpanı bolǵan Axriman Kayumarstı óltiredi. Kayumarstıń ógiz tárepindegi denesinen 55 túrli dán. 12 túrli ósimlik, sıyır ógiz, olardan 272 paydalı haywanlar payda boladi. Deneniń adam bóleginen erkek hám hayal jınısı dúnyaǵa kelgen delinedi. Xojelidegi qolsay esteliginde usı Kayumars atı menen baylanıslı dep esaplaydı kópshilik ilimpazlar.

Alisher Nawayınıń «Farhad hám Shiyrin» dástanında Qıtay qaharmanlıq ulı Farxo tilsimlengen sırın biliw ushın Gretsiya jurtına sapar shegedi. Bul jılda dáslep qorqınıshlı aydarhanı, sol zardushlik dinindegi jawızlıq ruwxı Axrimandı hám temi tıyınlı tilsimdi jeńip danıshpan Sokrat sáwbetine jetisedi.

Avestonıń «Vandidat» kitabınıń ekinshi babında Jamshid (haslı Iyma vaxishta – gózzal Iyma) haqqında mif bayan qılınadı. Barlıq álem parwardigarlarınan zardashtqa payǵambarlıq rolın inayat qılǵanda ol táńirinen múriwbet qılıp soraydı. Áy pútin dúnyanıń jaratıwshısı, muxaddes zat Axura Mazda Sen mennen aldın insanlardiń qay biri menen suhbat qilǵansań, kimge muxaddes dinnen tálim bergensen. Joqarı bilimler iyesi bolǵan birden

bir tańri boyınsha juwap Bergen: «Áy xalıq, bendesi zardusht». Sennen aldın men biyik bir insanlardan iyma (jámshid)sharua hám padalar iyesi sol gózzal insanǵa xabar jolladım. Men oǵan sen meniń dinimdi úyrenip onı qorǵawǵa tayarlıq kórgil» dedim. Men bunday wazıypa ushın jaratılmaǵan bolsam, oqımaǵan bolsam, men din-etikattı teren ózlestiriw hám qorǵawǵa qádir emespen» Sonda «Áy zardusht – men Axura Mazda oǵan buyırdım «Eger sen Áy Iyma meniń dinimdi ózlestiriwge hám jaqsılawǵa tayın bolmasań onda men jaratqan dúnyanı abad qıl keńeyttır. Sen usı jer júzin qorǵawǵa, saqlawǵa hám basqarıp turıwǵa masul bol. Iyma: Men sen jaratqan dúnyanı abad qılaman, onı keńeytiwge, onı qorǵawǵa, basqarıp barıwǵa tayarman» dep juwap berdi. Sonnan keyin 900 jıl dawamında Iyma jer júzin adab qılıp túrli ónerler shıǵardı. Bay materialliq mádeniyat binayat etildi. Lekin ómiriniń aqırında ol tabıslardan maqtanıp ketip kóbirek kibrge berildi. Ásilik etti. Onı «jaratıwshı» dep daǵazalap pútkil xalıqlardı ózine sajda qılıw, sıyınıwdı talap qıla basladı. Soǵan deyin ruxlardı ólimde, kesellikte, suwıqta, ashlıqta bolmaǵan eken. Jamshid ózin quda dep járiyalap jer júzine palakat tarqatadi, ashlıq hám qattı suwıq baslanadı. Sonnan keyin daxshatlı jawız kúsh-Aji Dahako (bizińshe ajdarxa) jurttı basıp alıp óz húkimranlıǵın ornattı hám miń jıl jurttı zulmat qaplaǵan eken.

Payǵambar kelisken. Sonda jılan kamar (súyir shıbın) ǵa eń mazalı haywandı anıqlap beriwdi soraǵan. Kamar bir bir tamshıdan qan ákelip jılannıń tiline hár qıylı haywannıń qanın tamızıp turǵan. Kamar taǵı bir maqlúktıń qanın alıp kiyatırǵanda onı qarlıǵash kórip, onnan eń mazalı qandı anıqladıńba dep soraǵanda kamar juwap retinde eń mazalı qan adamnıń qanı, onı házir alıp baratırǵanın aytadı. Qarlıǵash kamardı bull joldan qayta olay etpe desede onı tıńlamay jılanǵa qaray tez ushıp ketipti. Qarlıǵash quwıptı. Ol kamardı jılannıń tiline adamnıń qanın tamızıp atırǵanda izinen jetip kamardı jılan tilindegi qan tamshısı menen shoqıp alıptı. Sonnan jılannıń tili jırtılıp ekige bólinedi. Qaymıqqan da qarlıǵashtıń quyrıǵı jılannıń awzına ilinip qaladı. Sonnan jılannıń tili ekige bólingen hám qárlıǵashtıń quyrıǵınıń

páride ayrılıp ekige bólingen. Sonnan beri jılan qarlıǵashtı quwalaydı al qarlıǵash adamdı panalaydı hátteki onıń úyiniń pátigine úya saladı delinedi. Adam hámme waqıt qarlıǵashtı jaqlaydı. (Qazaqtıń Tóle biy degen biyin «Qarlıǵash áwliye» dep ataǵan ápsanada bar).

Bunıń ideyalıq hám ádep-ikramlıq, ruwxıy mazmunı joqarı. Bunda birinshiden adamnıń birinshi ekologiyalıq baqlawı kórinedi. Shınında da qarlıǵashtan basqá hesh bir qus bólingen quyrıq párine iye emes, haywanlar arasında da ayrı til júdá siyrek ushırasadı.

2. Onda adam joqarı eń bahalı maqluq da qandayda bir jánlikke baǵınıp, onıń awqatı bolıwı múmkin emes, kerisinshe oǵan xızmet etiwi kerek

3. Bunda shınlıqtıń salıstırmalı ekenligi kórsetilgen. Eger shınlıq adamǵa zıyanlı, oǵan qarsı qaratılǵan bolsa onnan hátteki qudaydıń qálewi bolsada bas tartıw kerek

4. Onda jaqsılıqqá jaqsılıq penen juwap beriwdiń zárúrligin, birewdiń xızmetin umıtpawda da kórinedi.

5. Ol fol`klordıń ajayıp úlgisi. Onda áyyemgi adamlardıń kórkemlik talǵamı, estetikalıq kóz qarasları kórsetilgen.

Ol dáwirdegi bul mifte diniy, filosofiyalıq, ádep-ikramlılıq kóz qaraslar tábiyattı tanıwdan elementlerin ózi ishine alǵan.

## II-bap. Milliy ruwxıylıǵımızdıń jetilisiwiniń tiykarǵı dáwirleri

### 2.1. Milliy ruwxıylıǵımızdı tariyxın úyreniw

Milliy ruwxıylıǵımızdıń tariyxıy jetiskenligi úlkemiz xalıqları mádeniy rawajlanıw procesi menen baylanıslı hám usı saxnada júz beriwshi hádiyse. Tek mádeniy rawajlanıw júdá qıyın tariyxıy hádiyselerdi qurasa, millettiń ruwxıy kamalatı búgingi kúnge deyin óz dolzarblıǵın saqlap kiyatırǵan tiykarǵı ózek elementlerge tayanǵan halda belgilenedi. Usı sebepli, milliy ruwxıylıǵımızdıń neshe mıń jıllıq jetiskenligin bir qatar alamatlarǵa kóre dáslepki tárizde úsh tiykarǵı dáwirge ajıratıp kózden keshiriwdi maqul bildik:

1. Islamǵa deyingi milliy ruwxıylıǵımızdıń qáliplesiwi.
2. Islam mádeniyatı sheńberinde milliy ruwxıylıgımız jetiskenligi.
3. Jańa dáwirde dúnya mádeniyatı hám milliy ruwxıylıǵımız.

Bul dáwirler óz ishine alǵan múddetlerine kóre óz-ara teń emes. Birinshi dáwir neshe mıń jıldı qamırasa, ekinshi dáwir 8-9 ásirdi óz ishine aladı, úshinshi dáwir bolsa biziń úlkemiz Túrkstan ushın 5 ásir shaması dawam etip, aqırǵı 200 jılı kóbirek fojialarǵa tolıq boldı .

Bul dáwirlestiriwdiń tiykarında kóbirek sırtqı belgiler jatadı. Olardıń eń áhmiyetlisi dárekler ahwalı menen baylanıslı. Islamǵa deyin ruwxıylıǵımız haqqındaǵı eń áhmiyetli dárekler úlkemizdiń búgingi milliy territoriyalarınan sırtta tabılǵan bolsa, «Avesto» kitabı hám túrkiy tas bitikler. Ekinshi bólim maǵlıwmatlar bolıp, áyyemgi Shumer, Babil hám Ashshur, áyyemgi Mısır hám Greciya, Indiya hám Qıtay derklerinde, Iran shaxlarınan qalǵan tas bitiklerde kórsetilgen. Úshinshi topar dárekler arxeologiyalıq estelikler bolıp, olar elimiz territoriyasınan tabılǵan materiallıq zatlar hám imaratlar menen baylanslı. Tórtinshi topar derekler sońǵı dáwirlerge deyin awızeki dástúr halında jetip kelgen xalıq ádebiyatı, úrp-ádet hám dástúrler, oyınlar, bayramlar, ırımlar bolıp, olar haqqında úzil-kesil juwmaq shıǵarıw qıyın.

Ulıwma bunday túrli topar dárekler óz-ara anıq analizdi talap etedi. Islamǵa deyingi ruwxıylıq haqqındaǵı túsiniklerimiz, sol sebeplerge kóre, báribir úzil-

kesil bolıwı qıyın hám qansha erte zamanlarǵa kirip barsaq, sonshelli tariyxıy haqıyqat hám ápsanalar aralasıp, shatısıp ketedi.

Úshinshi dáwir bizge eń jaqın bolǵanı sebepli onı úyreniw máseleleri izertlewshilerdiń ádewir keń sheńberin qamırap alǵan, sebebi dáreker tiykarınan ózbek, rus hám basqa qońsı xalıqlar tillerinde saqlanǵanlıǵınan bul tarawda imkaniyatlar jeterli. Ǵárezsizlikke deyin bazı arxivler mámleket sırı esaplanıp, izertlewshiler názerinen jasırın tutılǵan bolsa, búgin olardıń esikleri ashıldı hám tábiyiy baspalarımızdaı eń kóp shıqkan usı Jańa dáwir ruwxıylıǵı mashqalalarına baylanıslı bolmaqta.

Alisher Nawayınıń «Farhad hám SHirin» dástanı birinshi bóliminde Chin (Qıtay, Tibet) qaǵanınıń ulı Farhad tilsimlengen ayna sırın biliw ushın Greciyaǵa saparǵa shıǵadı. Bul jolda ol qorqınıshlı aydarhanı, soń zardusht dinindegi jawızlıq ruwxı Axrimandı hám temir deneli tilsimdi jeńip ótip, danıshpan Suqrat sáwbetine jetisedi. Sukrot eń bálent taw bawırndaǵı jardan jay alǵan edi. Nawayı bulardı ayrıksha atap ótedi:

Bul úsh mánzilden ótkergenge mahmil,

Deyilgen taw erir tórtinshi mánzil.

Demek, Farhad Suqroqa jetiskenshe úsh mánzildi basıp ótkenligi málim bolmaqta. Nawayınıń majoziy súwretlewinde birinshi mánzildegi aydarhanı alǵashqı tas ásiri ruwxıylıǵında insan tábiyatındaǵı jabayılıq tımsalı, ekinshi mánzildegi Axrimandı-bronza dáwiri «Avesto» mádeniyatındaǵı mifologiyalıq oylawǵa tán xurofatlar tımsalı, úshinshi mánzildegi temir adamdı-óz atı menen temir dáwiri-áskeriy demokratiyaǵa tiykarlanǵan úlken imperiyalar dáwirinde alıp barılǵan ayawsız qırǵın urıslar hám jawızlıq tımsalı dep analiz etiw múmkin. SHahzada Farhad tımsalında ullı túrk eli áste-aqırın óziniń ishindegi dushpanları-jabayılıq, jawızlıq qásiyetlerin bir-bir jeńip ótip, ruwxıy kamalat basqıshlarınan danıshpanlıqqa kóterilip bardı. Bular-kórkem ádebiyattaǵı majoziy tımsallar analizi.

Insan jámáá bolıp jasaydı. Islam mádeniyatınıń ullı nazariëtchilaridan, XIV ásirdiń ullı filosof-tariyxshısı hám siyasatshısı, Amir Temurǵa zamanlas bolǵan

Ibn Xaldun (1332-1406) insan jámáálerin eki topar yaki basqıshqa ajıratqan. Birinshisi-alǵashqı jámiyet, yaǵnıy urıw xám qáwim jámiyeti bolıp, bunda adamlardıń bir jámááge birlesiwi, aǵayınlik qatnaslarǵa tiykarlanǵan boldı. Bul dáwirde adamlar ózligin tek óz jámáási, arı barsa, qáwim hám el shegarasında ańlap jetti.

Ruwxıy kamalattıń joqarıraq basqıshına kóterilgen insanlar ushın tán bolǵan ekinshi basqıshtaǵı jámááni alımlarımız «qala jámáási» dep ataǵan. Negizinen bul túsinik tek «qala» emes, «mámleket» mánisin de bildirgen. Greklerdiń «polis» sózi búgin biz túsingen «qala»nı emes, Afina, Sparta sıyaqlı qala-mámleketlerdi ańlatǵanlıǵın dúnya tariyxınan bilemiz. Insanlar jámiyetinde dáslepki mámleketlerdiń payda bolıwı alǵashqı qalalar qáliplesiwi menen baylanıslı. Sol sebepli greklerdegi «polis» (qala) sózinen Evropa territoriyasında «politika» (siyasat, yaǵnıy insanlar ar qatnas tártip-qaǵıydaları) túsinigi qáliplesken bolsa, islam dúnyasında arabsha «madina» (qala) sózinen «mádeniyat» túsinigi qálilesedi. Bul túsinikler kelip shıǵıwına kóre tutas ekenligi usınnan málim.

Áyyemgi qalalarda urıw ornına máhálle, qáwim ornına elat qáliplese basladı. Biraq alǵashqı jámiyetten ósip shıqqanı sebepli, onda qáwimshilik dáwiriniń kóp ırımları saqlanıp qalǵan edi. Máselen ózlerin joqarı mádeniyat iyesi dep bilgen áyyemgi grekler ózge xalıqlarǵa pás názer menen qarap, olardı ózleri dárejesinde kórmes edi. Olardı óltiriw, jerlerin tartıp alıw, múlklerin ózlestirip alıw jınayat emes, bálki jasorat úlgisi sıpatında qabıl qılınar edi. Hátte áyyemgi Grek eliniń eń ullı alımı Aristotel da bárshe huqıq hám múmkinshiliklerdi tek óz xalqına-greklerge lazım kórgen, dúnyadaǵı ózge el wákillerine «varvar» (jabayı) dep qarap, olarǵa tek qullıqtı rawa kórgen. Grek demokratiyası tap usı dúnya qarsqa muwapıq bolıp, tek azat ellinlerge tiyisli edi, qullar bul demokratiyadan tısqarı esaplanar edi.

Usınday sharayatta jeńilgen qáwim wákilin óltirmey, qul sıpatında saqlap qalıw jeńgenler názerinde bálki jeńilgenge himmat kórsetiw dep bahalanǵan.

Bul dáwirde adamzat málim dárejede rawajlanǵan mádeniyat basqıshına erisken bolsa da, basım xalıqlar sanasında ele mifologiyalıq oylaw húkmiran edi.

Mifologiyalıq oylaw Bolmıs áhmiyetin ańlawǵa dáslepki urınıw bolıp, onda kópshilik insanalar abstrakt túsiniklerdi materiallıq haqıyqatlıq nárse-hádiyselerden ajıratıp túsine almaydı.

Alǵashqı jámiyet insan turmısınıń ekonomika, siyasat, ruwxıylıq sıyaqlı túrli tarawlardı bir-birinen ajıralǵan halda túsiniw, huqıq hám axlaq, din hám isenim bir-birinen ayrıqsha, ǵárezsiz halda payda bolǵan emes. Usınday sharayatta siyasiy húkimiranlıq, ekonomikalıq múlkke iyelik, ruwxıy qúdiret bir-biri menen shatısıp, bir tarawda qúdiretli bolǵan insan basqa tarawlardı da iyelewge umtılar edi. Siyasiy húkimiranlıq qolında bolǵan adam ruwxıy, ekonomikalıq tarawlarda da óz qúdiretin jayıwǵa háreket qılar yaki ekonomikalıq qúdiret-múlk iyesi siyasiy, ruwxıy tarawlarǵa da dawa qıla baslar edi.

«Avesto» kitabı mazmunında mifologiyalıq oylaw keń orındı iyelegen. Máselen, húkimiranlıq huqıqınıń belgileniwinde «farr» («Avesto» tilinde «xvarno») principi nızamlı tiykar sıpatında qabıl etilegn. Onıń mánisi sol, joqarı dúnyalıq hákimyat dinastiyanıń bir wákilinen ekinshisine ótiwde málim ilahiy belgi boladı, yaǵnıy málim bir janıwar, qus yaki nur shuǵlası húkimdarlıqqa tańlanǵan adamdı ajıratıp kórsetedi.

Xalqımız arsında tarqalǵan «pálensheniń basına baxıt qusı qonıptı» ibarası usı áyyemgi dástúrdiń izlerine ishara edi. «Farr» ádette húkimdar dinastiya wákilleri menen baylanıslı túsindirilgen. Irandaǵı Axamniyler, Sasaniyler dáwirinde bul princpke ámel etilgen.

Ullı ilahiy húkimiran atınan eldi basqarıwshı «farr» iyesi-monarx (shax, xan, xalifa, sultan, málik) statusı territoriyada usılay payda boldı. Ol húkimdar tek Táńri húkimiranlıǵına isener edi. «Xalıq húkimi», «xalıq irodası» degen túsinikler ol dáwir ushın pútinley tanıs emes edi.

Bul tártip qaǵıydalardıń ózgerisi Isa alayhissalam daъvati menen baslandı, dew múmkin. Isa alayhissalamǵa deyin jiberilgen payǵambarlar hár biri bir

qáwimge Allah haqıyqatınan xabar bergen bolsalar, Rasulullax bárshe insaniyatqa tiyisli Haqıyqat xabarın keltirdi. Ol birinshi bolıp, bárshe insanlar jalǵız Táńiri aldında teń, óz-ara aǵa-ini, apa-sińil, dos dep, Allah húkimin járiyaladı. Biraq bul ullı haqıyqat ańsat qabıl etilgen joq.

Solay etip milliy ruwxıylıǵımız jetilisiwiniń eń áyyemgi dáwirin 3 basqıshqa ajıratıp úyreniw maqul kórindi. Olardıń birinshisi alǵashqı jámiyet Ibn Xaldun dáwirinde insan ruwxıylıǵınıń dáslepki qáliplesiw procesin óz ishine alıp, onı eń áyyemgi ruwxıylıq basqıshı dep atawda múmkin. Quranı kárimniń «Tin» súresi 4-ayatında aytıladı: «Lakad xalqna-l-insana fi ahsani taqvim. Summa radadnaxu asfala safidin» («Haqıyqatın da, biz insandı eń kórkem formada jarttık. Soń onı asfala sofilinga qaytardıq…») «Asfala sofilin» sózi «eń tuban xalot» dep awdarmalanadı.

Insan ruwxıy kamalatında eń uzaq dawam etken basqısh tas ásiri bolıp, bul dáwirde insan hám tábiyat arasındaǵı qatnas júdá jaqın bolǵan. «Avesto»nıń bizge jetip kelgen 4 bólimnen biri «Vendidat» kitabınıń ekinshi babında Jamshid haqqındaǵı mif bayan etiledi. Bunda:

Pútkil álemler párwardigarınan Zardushqa payǵambarlıq rutbası inayat bolǵan soń, ol táńrige múrajat etip soraydı: «Ey, pútkil dúnyanıń jaratıwshısı, muqaddes zat Axura Mazda (Ullı bilimler iyesi)! Sen mennen ilgeri insanlardan qay biri menen sáwbetleskenseń, kimge birinshi márte Axura Mazdanıń muqaddes dininen tálim bergenseń!».

Ullı bilimler iyesi bolmısh jalǵız táńri oǵan sonday juwap qıladı.

«Ey, Haq bendesi Zardusht! Sennen ilgeri men birinshi insanlardan Yima (Jamshid) ke, sharwa hám jılqı padaları iyesi usı gózzal insanǵa xabar jolladım. Men oǵan «Ey, Vivaxvanta ulı gózzal Yima! Sen meniń dinimdi úyrenip, onı qorǵawǵa tayarlıq kór» dedim. Biraq ey Zardusht, ol gózzal Yima bılay juwap qıldı: «Men bunday wazıypa ushın jaratılmaǵan bolsam, oqımaǵan bolsam, men din isenimdi tereń ózlestiriw hám qorǵawǵa tayar emespen». Sonda, ey Zardusht, Men-Axura Mazda-oǵan buyırdım: «Eger sen, ey Yima meniń dinimdi ózlestiriw hám qorǵawǵa tayar bolmasań, onda men jaratqan dúnyanı

abat et, keńeytir. Sen bul jer júzin qorǵawǵa, saqlawǵa hám basqarıp turıwǵa juwapker bol!» Hám, ey Zardusht, ol gózzal Yima maǵan juwap qıldı: «Men sen jaratqan dúnyanı abat qılaman, onı keńeytiremen, onı qorǵawǵa, saqlawǵa, basqarıp barıwǵa men tayınman» Sonnan keyin 900 jıl dawamında Yima (Jamshid) jer júzin abat qılıp, túrli ónerlerdi járiyaladı. Bay materiallıq mádeniyat payda etildi. Biraq ómiriniń aqırında Jamshid jeńislerden maqtanıp ketip menmenlikke berildi. Ózin «jaratıwshı» daǵazalap, pútkil xalıqtan ózine sájde qılıw, sıyınıwdı talap ete basladı. Ráwiyat qılıwınsha, ólim de, kesellik te, suwıq ta, ashlıq ta bolmaǵan eken. Jamshid ózin «quday» dep járiyalaǵan soń, jer júzine awırıw tarqaydı, ashlıq hám qahratan suwıq baslandı hám sonnan keyin qorqınıshlı jawız kúsh – Aji Dahaka elge bastırıp kelip, óz húkimiranlıǵın ornatqan hám mıń jıl jurttı zúlmet qaplaǵan eken.

Quranı kárim Haqtı nahaqtan ajıratıw ushın nazil etilgen kitap bolıp, sol sebepten Furqan (parıqlap beriwshi) dep de ataladı. «Avesto» kitabında bolsa insan aqılıy jetisiwindegi mifologiyalıq oylaw basqıshı óz kórinisin tapqan. Qanday bolǵanda da Alisher Nawayı qahramanı aydarhanı jeńip ótken birinshi mánzil yaki «Avesto» da Jamshid dáwiri shártli ráwishte ata-babalarımız ruwxıy kamalatınıń birinshi basqıshı – tas ásirine ishara dep qabıl etiw orınlı. Bul dáwir qansha dawam etkeni haqqında házir pánde túrli tartıslar bolıp atır. Bul dáwirde insan túrli tas qurallar jasaw hám olardan paydalanıwdı úyrendi, oq jay, alǵashqı sopol ıdıslar ashıldı, alǵashqı sharwashılıq hám diyxanshılıq qáliplesti. Dáslepki úy haywanları hám mádeniy ósimlikler payda bola basladı. Bul dáwirlerde ata-babalarımız áste-aqırın tábiyat hám insanlar ara uyǵınlıq barlıǵın seze basladı.

Bul ruwxıylıq elementleri «Avesto» da óz kórinisin tapqan. «Avesto» mazmunınan biz ata-babalırımızdıń ana jerge, xalqımız ushın tiykrǵı tirishilik dáregi bolǵan aǵar suw, otqa isenimin anıq sezemiz. Jáne ámeliy jaratıwshılıq xızmeti, ásirese, jerge islew beriw hám sharwa malların baǵıw, babalarımız tárepinen júdá muqaddes bir jumıs, ibadat dep qabıl qılınǵanınıń da gúwası bolamız.

Ibadat máselesi. Bul máselege kelgende dáslepki insaniyat kóp adastı, tuwrı joldı kóriw qıyın boldı, máselen, dáslep insan tábiyatındağı ayırım buyımlar yaki hádiyseler qúdiretin anıqlay almay, olarǵa sıyına basladı, házirgi zaman Evropa páninde «fetishizm» de pát alǵan isenim payda boldı. Jamshid apatı birinshi - tas dáwiri ruwxıylığındağı noqislik nátiyjesi, jańa ruwxıy basqıshqa ótiw ıqtıyajınan tuwılǵan insan sanasındağı krizis. Insandı bul krizisten qutqarıw ushın jáne máńgi baqıy lazım bolǵan.

Solay etip, insaniyat tiykarınan tas qurallarınan paydalanǵan, alǵashqı jámiyet dáwiri babalarımız ruwxıylığında júdá áhmiyetli basqısh bolıp, Túrkstan waqıyası territoriyasında nayza hám oq jay oylap tabılǵan 10-12 mıń jıl ilgeri ótmishten baslap, bir neshe mıń jıllardı óz ishine aladı. Onıń sońǵı 4-5 mıńınshı jıllarınan suwǵarıw diyxanshılıq hám úy haywanlardı saqlawǵa tiykarlanǵan sharwashılıq xızmetiniń dáslepki qáliplesiw processleri rawajlanıdı hám sonıń menen baylanıslı ráwishte bul dáwirdegi insan ruwxında onıń turmısı ushın áhmiyetli bolǵan Ana tábiyatqa mehir, jer, suw, otqa isenim, jaratıwshılıq miynetin ulıǵlaw sıyaqlı ruwxıy páziyletler payda boldı. Bunıń izleri birinshi náwbette territoriyamızda birinshi ret jaratılǵan jazba dárek «Avesto» kitabında óz kórinisin tapqan.

## 2. «Avesto» hám tańirshilik dini

«Avesto» - «ómirge jol kórsetkish» dep atalǵan miyras, bunnan derlik úsh mıń jıl burın biziń úlkemizde payda bolǵan ullı mádeniyat, joqarı Ruwqıylıq tiykarında dúnyada birinshi ret jaqsılıq hám jamanlıqtı, miyrimlilik penen jawızlıqtıń, bilimlik penen nadanlıqtıń adamzat rawajında áhmiyetin kórsetip bergen sharafatlı kitap.

Biziń ata-babalarımızdıń danalıǵınan, aqıl-uqıbınan, ásirlik tájriybesinen dórep, on eki miń baspaq terisine (onı qalay ónlegen) altın sıya menen jazılǵan bul otız eki kitap olardıń ádep-ikramliliǵiniń joqarı dárejesi, ruwqıy kúshiniń bekkemligine kórstkishi. Olar ullı mámlekettiń ideyalıq bayraǵi wazıypasin atqarǵan. Álbette bul tariyxıy miyras, altın ǵáziyne, júdá uzaq jollardan, qıyın sınawlardan, awır qısıwmetlerden ótip biziń kúnlerimizge jetip, ózligimizge qaytqan.

Nátiyjede zorlıq, zaman qiyametleri, xalıqlardıń natınıshlıǵı uzliksiz jawgershilikleri, xalıq bilgen hám dóretken «Avesto» kitabınıń tilin «óli» tillerdiń qatarına aylandırǵan. Keshegi keńes dáwirinde de bizler zardushtiylik dininiń hám onıń muqaddes kitabınıń bizge qatnası joq ápiwayı bir otqa tabınıw ekenligin túsiniw menen sheklengen edik. Ol waqıtta «Avesto» siyaqlı muqaddes kitabınıń dúnyajúzlik áhmiyeti haqqında, biziń xalıqlarımızdıń bul kitaptıń payda bolıwındaǵı qatnası hám onnan tálim-tárbiya alǵanlıǵı haqqında oylawǵada bolmas edi.

Gárezsizlik nátiyjesinde bul muxaddes kitaptıń ózimizge qaytıp onıń Xorezmde 2700 jıllıǵınıń pútkil dúnya júziniń jámiyetshiliginiń belgilewi, bugingi kúni onıń insaniyattın ruwqıy - mádeniy turmısınıń ajıralmas bólegi hám tárbiyanıń quralına aylanǵanlıǵı onı dóretiwshilerdiń áwladları bolǵan bizlerdi de sózsiz shadlandıradı.

«Avesto» sózi gimn, nızam - qaǵıydalar toplamı manisin ańlatadı. Avestonıń kitap halına keltiriw máselesinde alımlar arasında hár qıylı pikirler bar. Solardıń biri Zardusht óz taliymatın jariyalaǵan waqıtta óz oy-pikirin jazıp qaldırıw haqqında oylamaǵan deydi. Sebebi burıńǵı din xızmetkerleri barlıq

esitken gaplerdi zárúr waqıtlarda yadtan aytıw uqıbına iye bolǵan. Sebebi ruwxaniyler jazıwdı tapqan Axriman ol onı adamlar arasında nákaslıq ruwxın sebiw ushın paydalanǵan dep túsingen. Zardushtra da dáslep sonday pikirdegi din arbabı bolǵan degen pikirlerdi beredi.

Bunnan basqa «Avesto» jazba shıǵarma retinde biziń eramizdan bir ásir burın payda bolǵan degen tastıyıqlawlarda ushırasadı.

Lekin geypara dáreklerge qaraǵanda onıń dáslepki kitap turine keltiriliwi Zardushtıń tiri waqtında, onıń aralasıwı menen iske asa baslaǵan dep kórsetiledi. Zardusht tárepinen onıń jaslıq dáwirinde -aq «Tuwılıw kitabı» nıń pitkenligi, ol tárepinen «Abisto» («Avesto») dep atalǵan kitaptı «Bishtasptıń aldına qoyǵanlıǵı» hámde «Padsha dara inb-Dara xaziynesinde «Avesto»nıń on eki mıń qaramal terisine jazılǵan» qol jazba nusqası saqlanǵanlıǵı xaqqında Beruniy keltirgen maǵlıwmatlar, bulardıń bir jılda jazılmaǵanlıǵı kórsetedi. Solay etip «Avesto»nıń Axmaniylerge deyin kitap túrine keltirilgenligin dálilleydi.

Abu Rayxan Beruniy (973-1048) dıń mınaday sózleri itibarlı «Patsha Dara ibn Daranıń ǵáziynesinde «Abisto» («Avesto») nıń on eki mıń terisine altın menen jazılǵan nusqası» bar edi. Iskender ateshxanalardı wayran qılı, olarda xızmet etiwshilerdi óltirgen waqıtta onı jandırıp jiberdi. Sonıń ushın sol waıtlardan beri «Avesto»nıń besten ushi (yaǵnıy on segiz kitabı) otqa jaǵılıp ketti «Avesto» otız eki kitap edi. Májusıyler qolında shama menen on eki kitap qaldı.

Demek Iran axmaniylerinde «Avesto» 32 kitap túrinde bolǵan. Makedonıyalı Iskender biziń eramızdan burın 334-329 jılları Irandı jeńip alǵannan keyin «Avesto»nıń birneshshe nusqasın Makedonıyadaǵı ustazi Aristotelge sıylıq retinde jibergen. Jandırılǵannan qalǵan «Avesto»nıń medicina, astranomiya, filosofiya hám ádebiyatqa tiyisli bólimleri Iskender Zulxarnayn grek tiline awdarmalaǵan.

Avestonıń Iskender Zulxarnaynnıń tárepi menen Gretsiyaǵa alıp ketilgeni, zárúr jerlerin awdarmalap, qalǵanın jaǵı jibergeni, on eki mıń qaramal terisindegi altın tekst haqqında (Tebariyda 12000 pergamenti) keyingi

dáwirlerde jaratılǵan zardushtiylik ádebiyatında («Bundaxishin», «Shaxrixon Eron», «Tansar xatları» (VI-ásir), «Murux az-xazab», «Forsnoma» hám basqalar) maǵlıwmatlar bar. Bul shıǵarmalarda da yunonıylar atashxanalardı wayran etken, ibadatxanalardı baylıqları talan-taraj etken, din wakillerin óltirip, tutqınǵa alıp ketkenligi haqqında jazıladı.

Aradan eki-úsh ásir ótkennen keyin Parfiyada Arqasiyler húkimdarı Volotes (51-73-jıllar) tárepinen muxaddes «Avesto»nıń qalǵan jazba hám awızeki bólekleri qayta tiklegen. Zardushtiylikti mamleket dini dep qabı etken.

Keyin ala Iranda Sasaniyler sulalasınan bolǵan húkimdarlardiń zardushlikke qızıǵıwshılar kóbeygen. Iran patshası Ardashir (242-272j) dáwirinde «Avesto» muxaddes kitap retinde qayta tiklenedi. Sol dáwirdegi sol sulaladan bolǵan Xısraw Anushirwan (531-579j) «Avesto»nı túsiniw qıyın bolǵan áyyemgi Xorezm tilinde jazılǵanlıǵı sebepli sol dáwirdiń ádebiy tili esaplanǵan paxlaviy tiline awdarǵan. Pers ruwxaniyleri sol kitaptı tayarlawda ózleri ushın túsinikli bolmaǵan anı emes atamalardi, hádislerdi óz shariatı hám pikirlerinen kelip shıǵıp Iran shariatı maslastı. Solay etip sasaniyler ruwxaniyleri tárepinen «Avesto»nıń belgili dárejede ózgeriwine jol qoyılǵan.

Iranlılardıń «Denkard»- (din ámelleri) (IX ásir) degen qamusı ásirinde «Avesto»nıń 21 kitaptan ibarat bolǵanlıǵı hám onıń mazmunı haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Sasaniylar zamanında sol kitaplardıń tórtten bir bólegi saqlanıp qalǵan. Sasaniy húkimdarlar tárepinen qayta tiklengen kitap «Zend Avesto» dep atalǵan. «Zend» sózi bayanlaw, túsindiriw degendi ańlatadı. Ol zardushtiylik dini taǵliymatınıń tolıq bolmaǵan bólegi bolıwına qaramastan úlken kólemde bolıwına baylanıslı dinshiler kúndelik islerinde paydalanıw ushın «Xurde Avesto»nı yaǵnıy «Kishi Avesto»nı dóretip oǵan tańlawlı duwalar, gimnler kirgizilgen.

Solay etip Zardusht tárepinen jaratilǵan «Avesto» kitabı keyin Baktriya, Sogdiana, Iran ruwxaniyleri tárepinen tolıqtırılǵan hám jámlengen. Sonıń menen qatar zardushtiylik dini pútkil Turan ulkesin, Iran, Xorasan, Azerbayjan, Irak

hám kishi Aziyaǵa tarqalı islamǵa deyin mámleketlik din dárejesin iyelegen. Sonıń ushında bul walayatlarda otparastliq ibadatxanaları júda kóp bolǵan.

VII-VIII ásir dawamında Orta Aziya arablar taǵliymatınan baǵındırıwı hám islam dininiń keń tarqalıwı menen Zardushlik hám muxaddes «Avesto» kitabı qattı quwǵın astına alınadı. Beruniydiń kórsetiwinshe arablar Zardusht tárepdarların qırǵan hám ilimiy hám muxaddes kitapları otqa jaqqan.

Iran hám Orta Aziyalı zardushtiylik dinine tabınıwshılırdı bir topar arablardan qashıp shıǵı hám túslik walayatlarǵa kóship ketiwge májbúr bolǵan. Olardıń áwladları túslik Hindistanda Bombey hám Tuj walayatlarında házirde parslar atı menen atalı 200 mıńǵa jaqı adamnan ibarat bolǵan qáwimler túrinde jasaydı. Olar házirde otparaslıq dinine tabınadı. Zardushtlerdiń jáne bir topar Irannıń túslik walayatlarında jasamaqta. Olardı gebrler dep ataydı. Áne usı qáwimler dúnyadaǵı eń áyyemgi zardushtlik dinin hám muxaddes «Avesto»nı ózleride saqlap qalmaqta. Biraq «Avesto»nıń tolıq teksti bizge jetip kelmegen. Onıń bizge jetken tórt bólegi «Yasht», «Videvdat», «Visperad» hám «Yasna»lar.

«Yashta» qayırlılıq qudayı Axura-Mazdaǵa atalǵan 21 gimn hám qosıqlar toplanǵan. Bul «Avesto»nıń payǵambar Zardusht tárepinen keltirilgen eń áyyemgi bólegi.

«Avesto»nıń saqlanıp qalǵan tórt kitabınıń birinshisiniń atı «Videvdat» (dáwlerge qarsi nizam) dep ataladı. Ol 22 bap bolıp, tiykarınan Zardusht penen Axuramazdanıń soraw juwaplarınan hám sáwbetlerinen ibarat. Ekinshi kitap «Esin» yamasa «Yasna» dep ataladı. Onıń mazmunı tiykarınan Zardushtıń xatları (namaları) yaki «Gat»ların shólkemlestiriledi. Ol 72 «Awa» dewden yaǵniy maqullawdan ibarat. Birinshi maqullawda tabiyat hám hadallıq húkimdarı, hámme narseni biletuǵin hám hámme nársege uqıplı Axuramazdanıń nasiyatların xaqlıǵına, iyman-isenim bildiriwshi hám soǵan usaǵan duwalar jıyındısınan turǵan.

Úshınshi kitap «Visparat» dep atalǵan. Ol 24 baptan ibarat bolıp, álemdi biliwge tiyisli pánd-nasiyatlardan ibarat. Onı sıyınıw namazlarınıń jıyındısı da delinedi. Sonıń menen birge ol «Esin»ǵa qosımsha da dep esaplanadı.

Tórtinshi kitap «Bundaxash» dep atalıp, ol áyyemgi Iran (paxlaviy) tilinde jazılǵan. Onda qudaydıń zalım kúshlerge qarsı gúrestegi martebesi oǵan tán jigirma eki ertedegi qosıqlar jiyindisi orin alǵan.

«Avesto» haqqında eń áhmiyetli derek IX ásirge tiyisli «Denkard» (din ámelleri) shiǵarmasi. Onda «Avesto»niń jigirma bir kitabi toliq tárepinen berilgen. Bul taripler sawaplı isler hám urp-ádet.

Insaniyat tariyxınıń burılı dáwirinde jámiyetlik áhmiyettegi juwapkershilikti túsingen adamlar óz tariyxın, óziniń mádeniy, ruwqıy ótmishin úyreniwge talpınadı, onnan quwat aladı. Onı túsiniw arqalı, ózligimiz tiyikarında ózine múnásip is qıladı. Bul jaǵday hár bir xalıqtıń óziniń tariyxtan ornın izlewge, milletiń keshegi kúni, «jerdiń jarıǵınan shıqpaǵanlıǵın dálillewge múmkinshilik beredi. Bunıń mısalın ǵárezsizlik sharapatında elimizde siyasiy, ekanomikalıq huqıqıy, ruwxıy jańalanıwlardıń oy-pikirimizge tásir etip, sanamızdı, qarım-qatnaslarımızdı ózgertip ózimizdiń hasıl násilimizdiń kim ekenligine shın kewilden dıqqat awdarıwǵa qaratqanlıǵımızdan kóriwge boladı.

Usı kóz-qarastan «Avesto» sıyaqlı muqaddes miyrastan qaraqalpaq xalqınıń da ózligin izleniwi tábiyiy bolıp esaplanadı.

Zardushtiliktegi biziń babalarımızdıń izleri «mıńsan eki» máselelerde kórinip, onıń biziń ózligimizge tiyisli ekenliginen dárek beredi. Al, ózlikti biliw, teńizdiń gáwhar monshaqların jıynaw menen barabar hámme waqıt udayına izleniwdi, úyreniwdi talap etedi.

Ózbek xalqı onıń quram bólegi bolǵan qaraqalpaq xalqı, ertedegi Xorezm, óziniń joqarı mádeniyatı hám bay tariyxı menen, insan súygish ideyası menen suwǵarılǵan dúnyalıq hám diniy, filosofiyalıq kóz-qarasları menen jáhán tariyxında múnásip orındı iyelegen.

Birinshi Prezidentimiz I. Karimov óziniń Xiywanıń 2500 jıllıq saltanatlı majliste sóylegen sózinde Xorezmniń jáhán tariyxındaǵı ornına toqtalı, «ózbek mámleketshiliginiń tiykarǵı tırnaǵı bunnan 2700 jıl burı usı Xorezm oypatında qoyı. Zardushtiyliktiń muhaddes kitabı «Avesto» hám usı Xorezmde jaratı» degen sózleri júdá tiykarlı hám haqıyqat sózler edi.

Avestoda xaqıyqat, tınıshlıq hám erkin ómir menen baylanıslı sociallı murattı tınısh miynet iskerligi menen, dóretiwshilik penen baylanıstırıp «Kimde kim biyday eske ol Ashaxtı (xaqıyqatlıqtı) egedi hám Mazda dinin jánede kúsheytiredi, qúdiretli qıladı. Qay bir úyde biyday ambarı bolsa onda qızdırılǵan temir dáwlerdiń moynın shırmap taslaydı» (Vandidat 3 fargard 31-32 bólim). Demek miynet hám qayırlı isler nur hám shadlıq álemin kóbeytedi hám tınıshlıqqa, dáwletke jol baslaydı.

«Avesto»da bayan etiliwinshe atız jerdi tap qızdı súygendey súyiw kerek, oǵan jaqsı tuxımlar sebiw, onı mol hasıl beriwin anaǵa aylandırı kerek. Axura Mazdanıń kórsetpesin muwapıq «Jerge jaqsı hám kúshli tuxım seppek» dúnyadaǵı eń zárúriy nızam bolıp esaplanadı. Ol «Jas kelin erine perzent inam etkenindey atızda onı shep hám oń qolı menen, qalıwsız islegen hám súygen adamǵa mol-mol ónim beredi. Islenbegen hám egilmegen jer ersiz hám perzentsiz jahıl qız sıyaqlı baxıtsızdur. Qız jaqsı erdi arzıw qılǵanınday jerde jaqsı diyxanǵa intizar». Bul sózler zardushtiylikte dúnyaǵa kóz-qaras qanshelli optimalistlik ruwxta ekenliginen, dúnyaǵa belsene qatnas, insannıń dóretiwshilik qúdiretine iseniw tuyǵısınıń kúshli bolǵanlıǵınan derek beredi.

Zardusht táliymatında «Hár kúni eki mártebe suw aǵıp ótetuǵın, suwǵarılatuǵın bir bólek atızı, padası, haywanlı háwlisi, háwli jayında ot janıp turatuǵın, kóp perzentli qatını, óz miynetin menen jan uyasın baǵıp júrgen, atızdı jaqsı isleytuǵın, malǵa jaqsı qaraytuǵın adam gúnasızdur» delingen. Demek, zardushtiyliktegi sociallıq ideal, tikkeley tınısh ómir, azıq-awqatlardıń molshılıǵı, súyikli qatını, kóp bala, den-sawlıq hám uzaq ómirge baylanıslı bolıp esaplanadı.

Onda jalǵan sóylew, birewdi aldaw gúna, yaǵnıy jınayat esaplanadı. Bunı Zardusht óz táliymatın úyreniwge kelgen kisilerge násiyat qılı túsındirgen «Záberdes hám qúdiretli bolıw ushın hámme haqıyqat ǵáziynesine ámel qılǵan, haqıyqat hám rasgóylikke ámel qılsań záberdes hám qúdiretli» bolasań.

Haq sózden basqa hesh nárse tuwralı oylama, haq sózden basqa hesh nárse tuwralı sáwbetlespe, haqqanıy ámelden basqa hesh nárse menen shuǵıllanba.

Jalǵan gáp aytıp tiri qalǵannan, ras gápti bayanlap ólgen artıq. Óz nápsin jeńip, jılawlay almaǵan kisi, hesh nárse ústinen jeńiske erise almaydı.

Bulardan raslıq hám haqıyqatlı úsh huqıqıy, aqlaqıy tayanıshqa tiykarlanadı. Qayırlı pikir, qayırlı sóz, qayırlı ámel zardushtiylikte bul úshlikke ámel qılǵan kisi jalǵan hám haqıyqatsızlıq lashkeriniń basshısı Axriymannıń aqıbet nátiyjede jeńiliske ushraytuǵınlıǵına isenip, qálbi hádden ziyad pákize boladı dep uqtiradi. «Men jaqsı pikir, jaqsı sóz, jaqsı iske shan-sháwket baǵıshlayman» men jaqsılıqtan ibarat Axuramazda nızamına shan-sháwket baǵıshlayman. (Yasna 14)

Eger adamlar Axuramazda jaratqan qanllarǵa katta hámel qlsa haqyqat hám qayrllq jawızlıq ústinen saltanat qılıp bara beredi delingen. Bunıń ushın jawızlıqtı joq qılǵan shaǵlanıp atırǵanda hár kimnen pákleniw, iyman hám isenimdi saqlap qalıw ushın muxaddes nızamlarǵa qattı ámel qılıw talap etiledi.

“Avesto”daǵı kórsetiwinshe tábiyattı qorǵaw hám ortalıq tazalıǵın saqlaw túrli keselliklerdiń tarqalıwınıń aldın alıw maqsetinde sanitariya-gigeniya qaǵıydaların tómendegishe iske asıradı.

1. Shıǵındılardı bekitiw, pataslanǵan jerlerdi, topıraq tas, qum menen kómip taslaw. Sol arqalı mikroplar óltirilgen yaki kemeygen.

2. Ot penen ıssılıq hám suwıqlıq jolı menen joyıw.

3. Ximiyalıq jol kúl, sirke, sharap, túrli ǵiyalar tútetiw jolı “Avesto”nıń «Vandidat» bóliminen besinshi babında tábiyat hám atrap ortalıǵın pataslaytuǵın túrli keselliklerdi tarqatatuǵın haywan hám janliklerdi joq qılıwǵa kúshli túrde shaqıradı.

Sonıń menen birge úy haywanlarında júdá itibarlı bolıwǵa shaqıradı. Iytti óltirgen adam 1000 eshkimerdi, 1000 suw qońızın, 1000 kesel tarqatıwshı peshsheni óltirip ǵana gúnasın juwıwı múmkin.

«Avesto»da ekologiya máselelerine yaǵnıy tábiyattı, jer suw, dala ósimlik, janwarlardi qádirlew, jerdi isletiwi, suwǵarıw, baǵıw-baqsha eginler qulǵa, sharwanı ayrıqsha jılqıshılıqtı jolǵa qoyıwǵa suwdı muxaddes tutıwǵa ayrıqsha itibar berilgen.

Háwız, qudıq salma suwların pataslawǵa qarsı arnawlı gúres alıp barılǵan, ózen jap boylarına mal baǵıwǵa, iytlerdi baylawǵa ruxsat etilmegen, qudıq hám háwiz suwların pataslaǵanlarǵa úlken jariyma salǵan.

Ekologiya zańlarında tórt nárse jer, ot, suw, hám hawa sonday ázizlengen hawanı buzıw, haywanlardıń óligi, bul jaqta tursın adamlar ólgende jerge kómiw, suwǵa ıǵızıw, otqa jaǵı úlken gúna bolǵan bunday jınayatqa jaza 400 dúrre urıw, eger qılǵan jınayatı awırraq bolsa ólim jazasın bergen, yamasa úlken jarima, bolmasa jámáá islerinde paydalanıwǵa qul qılǵan.

Joqarı sud zardushtiylik aqsaqallar keńesiniń  wakilleri hám jámááti abroylı aqsaqalları menen másláhátlesip ádalatlı zańlar arqalı iske asırǵan.

«Avesto»da aǵayin-qarındaslarınıń óz ara sem`ya qurıw zań menen qattı qadaǵan etilegn. Ol qáwım hám urı qanın taza uslaw ushın kerek bolǵan. Ásirese kóp perzentlik húrmetlengen. Zardusht Axura Mazdada kóp perzentli shańaraqqa ne bereseń dep soraǵanda ol «Bunday adamlardı óz qáwenderligime alaman, ómirim parawan, rısqısın mol qılaman» dep juwap beredi. Sonıń ushın zardushlikte úlken sem`yalar, hámledar hayallar jámáá tárepinen qorǵalǵan. Kóp balalı sem`yalarǵa mámleket ǵáziynesinen napaqa tayarlaw hám bir tuwǵanda 2-3 perzent tuwǵan hayallarǵa jeńillik hám járdem berilgen hám túye menen sıylıqlanǵan. Sonıń menen qatar hámleni aldırǵan yamasa túsiriw gúna dep esaplanǵan ayıpdar adam ólim jazasına buyırǵan. Sonday-aq hayaldı perzentlerin sergizdan qılatuǵın sem`ya baslıǵına zinaǵa berilgen erkek hám hayallarǵa tiyisli dúrre menen urıw yaki ólim jazası qollanǵan.

Ulıwma «Avesto»daǵı bunday sociallıq-siyasiy hám huqıqı pikirler xalqımızdı huqıqıy mádeniyatın hám ruwxıyatın baytıwda júdá úlken áhmiyetke iye bolǵan.

«Avesto»da estettika pániniń oraylıq kategoriyası bolǵan gózzalıq Axura Mazda taratqan uyqasımlıq (garmonıya) hám tártiplilik sıpatında talqılanadı. Uyqasımlıqtıń bolıwı nakaslıqtıń alamatı dep eskertiledi. Mol-mol hasıl bergen atız ǵana, úlken hám saǵlam padalar, jerdi suwǵaratuǵın dárya, álemdi jaqtartıp adamlarǵa oyın-zawıq baǵıshlaǵan quyash ǵana gózzaldur. Sonıń ushında

hámme álemge nur hám jaqsılıq, baxıt hám rahat urıǵı sebiwshi Axura Mazda gózzaldur dep keltiriledi. Al ondaǵı adam gózzallıǵı bolsa, insannıń sociallq muratınıń hám islegen ámelleriniń gózzalıǵı menen ólshenedi. Mısalı Yasnadaǵı bir ráwiyatqa baylanıslı Gansu degen jigittiń atlardı, adamlardı jutıp atırǵan zaxariy atlıǵıp turǵan Yam-yashil degen qorqınıshlı jılandı óltiriwi menen denelik hám ruwqıy gózzal dep bahalanadı.

Zardushtiylıktegi jılanlardıń jamanlıq tımsalı ekenligi keyin xalıqtıń úrp-ádetlerine sińip ketiwi menen birge, olardıń simvollarında da kóringen. Mısalı 1996-jılı Kerder qalasınan tabılǵan badiyadaǵı Qumay qustıń ayaq astında jılannıń basılıwı onıń paleketlerinen basıp turıw simvolın kórsetse, onıń dógeregindegi balıqlardıń bolıwı olardı qorǵawshılıq qásiyetin kórsetedi. Sebebi «Avesto»da Axura-Mazda dáwlerden, Axrimannıń jamalıǵınan adamlardı qorǵap hám saqlap turatuǵın «Qara» degen balıqtı jarattı dep kórsetedi.

Zardushtiylikte dúnyaǵa kóz-qarasta jarıq júzlilik, quwanısh jaqsılıq, haqıyqattı ulıǵlaw hám kórsetiw ómirdiń mánisi dep quwanıshlı, zawıqlı jaratıwshılıq tuyǵılar ardaqlanǵan. Sonıń menen qatar ondaǵı tabiyattı sap hám áwmetli kórinisi, adamniń tinish miynet jani, ómirge muxabbat, diyxanshiliq hám sharwashiliqqa ózgeshe mexr, barlıq qayirli pikir hám qayirli islerdi qádirlew onıń estetikaliq tuyǵilariniń tiykarın shólkemlestiredi. Bul «Avesto»nıń áзsanaцiy obrazlar arqalı miynetke, gózzalıqqa hám insaniy adamgershilikke shaqirǵan kórsetpeleri bolıp kórinedi.

Zardushtiylik diniń ilgeri súrgen ondaǵi qádirli hám áhmiyetli axlaqiy-socialliq, estetikaliq ideal keyin orta ásirlerdegi filosofiyada hár qanday adalatsizliq, zulmat hám huqiqsizliqqa qarsi guresip, xaqqaniy insanparvar hám parawan turmis jaratqan jaqsi hám ádil patshalar xaqqindaǵi obrazlardi óziniń ruwqıy rawajin tapti.

Bul muratlar qanday rauiyatlar, qansha diniy túsinikler arqali elge tarilmasin olarda adamlardiń tikkeley turmis tarizi hám xámmege tiyisli ortaq qásiyetler moxirlenip qalinǵan. Sonıń ushın ol taliymatlar xalıq fantaziyasi

menen bayiǵan nátiyjede afsana hám rauiyatlar xalıqtiń filosofiyaliq kórkem óner, gózzaliq hám ádep-ikramliq ideyalairn sáwlelendiriw formasina aylanǵan.

Bul ullı ruxiy qádriyat ulgisin oqiǵan sayin diniy inanimlarda insanniń dúnyani biliw múmkinshiligine kóleńke bolmay, iman hám etikat dúnyani biliwdiń ózine tán formasi al bilim bolsa insanniń rauiyatlarǵa iseniwi hám ele keńeyip hám tereńlep ketpegen ámeliy iskerliktiń nátiyjesi sipatinda kórinedi. Insan rauiyatlar menen kórsetilgen túsiniklerden onday qiyaliy kushlerdiń barliǵina isengen. Qiyaliyliqtiń ómirliligine aylanip onıń pikir qatnaslarina qanat baylaǵan.

Maxmud Qashǵariy túrklerdiń islamiyatqa qattı baylanǵanlıǵına júdá isengen islamiyat dáreklerinde «Meniń túrk ismli Shıǵısta jaylasqan bir áskerim bar. Eger bir qáwimge ǵázeplensem, túrklerdi solardıń ústine jiberemen» degenin ke++ltiredi.

Túrkistan X ásirde tolıq islamiyatqa kirdi. Sonı aytıw kerek, Túrkler islamǵa basqa milletler sıyaqlı zorlıq penen emes, tiykarınan ózleriniń qálewi menen ótti. Bunıń sebebi eski túrk dini táńirshiliktiń, tiykarǵı aqiydaları islamǵa júdá jaqın ekenligi. Siriyalı Mixayldıń pikiri boyınsha «Túrk milletiniń ázelden bir Táńirge isengenligi islamdı qabıl etiwge sebep boldı» dep kórsetedi.

Gerodottıń aytıwınsha, táńirshilik tariyxı biziń eramızdan burın XI ásirge barıp taqaladı. Xunlar dáwirinde «Táńri» túsinigi aspandı ulıǵlawdı bildirgen. X ásirdiń birinshi yarımında oǵuzlarǵa ziyaratqa kelgen xalifalıq elshi Ibn Fadlan: «Túrklerdiń biriniń basına bir mashqala tússe ol basın joqarı kóterip «Táńir bir» dep duwa etedi» deydi. Belgili Mongu xan óziniń keńesinde «Biz tek bir ǵana Táńriniń barlıǵına, onıń sayasında jasap atırǵanlıǵımızǵa hám onıń ámiri menen óletuǵınlıǵımızǵa isenemiz» degen.

Orxan jazıwlarına qaraǵanda qaǵan hám bekler óliwi menen olardıń ruwxları qusqa uqsap, kókke, Táńriniń janına ushadı, dep qabıl etilgen. Bizde Sulayman Baqırǵaniydiń kishi balası Sultan Úbbi ákesine ókpelep kepterge aylanıp ketti, degen ápsanalarǵa bul túsiniklerdiń tásiri tiygen bolıwı da itimal.

Táńirshilikte payǵambarlar, muxaddes kitaplar, perishte kibi túsinikler bolmaǵan. Tek Orxan jazıwlarındaǵı Umay táriypi ózine itibardı tartadı. Onda qaǵanlardıń anaları Umayǵa uqsatıladı. Maxmud Qashǵariy Umaydı, ana qarnındaǵı balalardıń qorǵawshısı retinde súwretleydi. Al biziń fol`klorımızda Umay ana analardıń piri retinde keltiriledi.

Táńri dininde belgili bir ibadatxanalar bolmaǵan. Biraq adamlar bayram, máresimlerde hám basqa payıtlarda shın júrekten kókke qarap duwa qılǵan. Mısalı, Shıńǵısxan Xorezm imperatorına qarsı urısqa kirer aldında bir tóbe ústine shıǵıp, basın ashıp, qamarın moynına baylaǵan halda betin topıraqqa basıp úsh keshe, úsh kúndiz jeńisti beriwin sorap, Táńirge duwa qılǵan.

Xalqımızdıń ótmishine qarasaq, biziń ata-babalarımızdı moynına ala jip salıp qudayǵa tabınıw kúni keshege deyin, ásirese ekinshi watandarlıq urıs dáwirinde kóbirek kóringeni belgili. Sonday-aq biziń belgili shayırımız Berdaqta:

«Ala jip salıp moynına,
Kóz jası tolıp qoynına,
Túsip sayıllıq jolına,
Bir neshsheler ótken eken» dep bildiredi.

Táńirshilikte shamanlardıń («porxanlardıń») roli kúshli bolǵan.

Iran tariyxshısı Juvayniy «Shamanlardıń sózi hám duwası menen shaxzadalar qattı esaplasadı, olardıń pikirlerin esitpesten bir iske kirispeydi. Shamanlar kesellerdi de dawalaydı» dep kórsetedi. Túrkler shamanlardıń Táńiri menen múnásibette bolatuǵınlıǵına isengen. Ol haqqında Rashid-ab-din Shıńǵıs qasındaǵı Tab Táńri laqabındaǵı, tawda jalańayaq, jalańbas, hátte tır jalańash júretuǵın shamannıń kókke shıqqanlıǵın, hár sapar Shıńǵısxannıń qasına kelip Táńriniń kúshliligin hám onıń dúnya húkimdarı bolatuǵınlıǵın kórsetip turǵan, dep bayanlaydı.

Sol Juvayniy komlardıń («shamanlardıń») keleshekten xabar beretuǵınlıǵın ayta kele, olar ay hám quyashlardıń tutılıwın aldın ala xabarlaydı, dep bildiredi.

Kók-túrklerde otqa tabınıw júdá áhmiyetli orındı iyelegen. Olar, shet elliklerden biraq, aymaqqa kelse, xannıń aldına kirip atırǵanda shamanlar tárepinen eki ottıń arasınan tazalanıp ótetuǵın bolǵan. XI ásirde grek elshisi Zemarkos kók-túrkler shegarasına solay etip kirip kelgenin kórsetedi. P. Garpini Altın Orda húkimdarı Batiyxan aldına kirip atırǵanda eki ottıń arasınan ótkizetuǵinliǵin hátte, marhumnıń zatların dáslep otta tazalaytuǵın, onnan soń qollanılatuǵınlıǵın aytadı.

Demek, biziń kúnlerimizge deyin jetip kelgen kelinlerdi ottan atlatıw, awırıwlardı ot penen alaslaw, sol Táńirge isenim dáwirinen qalǵan sarqıtlar bolsa kerek.

Al shamanlar bolsa biziń elimizde awırıwlardı emlewge hám jin-jıpırlardan tazalawǵa xızmet etkenligi kúni keshege deyin bolǵanin biziń 2005-2006-jıllarında Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarında bolǵan etnografiyalıq ekspeditsiyalarımızdıń materiallarında ushırasadı. Ásirese onda Jumaniyaz porxannıń háreketleri xalqımızdıń esinde elege deyin saqlanıp qalǵan.

Belgili ilimpaz, jazıwshı Qalli Ayımbetov óziniń «Ótken kúnlerden elesler» degen miynetinde «Porxan keldi» degen áńgemesinde «Ayaǵı jalańayaq porxan úyinde qáste Adamı bar bir shańaraqqa kelip awriwlardı jıynadı. Keshke taman zikir saldı. Porxannıń jaraǵan túyedey baqırǵan dawısı hámmeni tik ayaqqa turǵızdı.

Porxan bir waqıt sekirip úydiń shańaraǵına asıldı. Awzınan kóbigi aǵıp baqırıp hár kimge bir dápinip júrdi. Porxan qatar otırǵan hayal-bala shaǵalardıń arqasına shappat penen urıp jiberdi. Sonda olar esinen awıp talip qulap qaldı. Ekinshi ret barıp jawrınlarına shappat penen urǵanda qulap jatırǵanlar esi enip orınlarında ǵazday qatarlasıp otırdı. Azanda qatınlar náwbet penen kirip proxanǵa qolınıń tamırların uslatıp, awırǵan jerin aytıp kórgen túslerin jorıttı. Jıynalǵan kópshilik porxandı maqtap, ózleriniń ırza bolǵanın aytıp ataǵanların

berdi. Porxanda olarǵa patiyasın berip tez jazılatuǵının aytıp jolǵa tústi. Awıldıń balaları porxannıń izinen táwiraq jerge erip barip qaldı[1]».

Túrkler arasında jamǵır hám qar jawdırıwǵa baylanıslı isenimler hám iskerlikler kóp bolǵan. Qıtay dáreklerine qaraǵanda, túrkler ǵayrı tábiyiy kúshlerge húkim etip, qálegen payıtta samal estirtip hám jamǵır jawdıratuǵınınınan xabar beredi. Xunlar dushpanlardıń ústine qar, dawıl, jamǵır, boran jiberip onıń járdeminde jeńiske erisken. Onı «Yada tası» dep ataǵan.

Bul hádiyselerdi arab xalifaları esitip hayran qalǵan. Ásirese, Ámir Ismayil Ibn Axmad (892-907) túrklerge qarsı urısta bul hádislerge kimde kim isense kápir bolatuǵınlıǵın aytıp eskertken. Lekin, erteńine aytılǵan waqıtta taw ústinen bir qara bult kóterilip, gúldirmama guldirlep, qarańǵı túsken. Bul qorqınısh waqıyanı kórip Ámir Ismayil attan sekirip túsip Allaǵa jalbırınǵan. Biraq bultlar bular turǵan tóbe ústine kelip sheleklep quyǵan hám olar qashıwǵa májbúr bolǵan[1]».

Maxmud Qashǵariy Túrkler «Bir tas penen (Yay-Yada) menen káramat qıladı. Samal hám jamǵır shaqıradı. Bul keń taralǵan bolıp, men de onıń guwası boldım» deydi.

Arab Muxammed Ibn Xusayin at Túsiy: «Túrklerde túrli reńde Yay (jay J.B.) tası bolıp ol arqalı jamǵır, dawıl hám qar jawdıradı. Onı basqarıwshılardı «Yotshı» deydi. Yotshılar arasında sonday adamlar bar olar awıldıń bir tárepinde qar jawdırsa ekinshi jaǵında quyash jarqırap turadı. Túrkler bunday taslardı sawashqa júriwde ózleri menen alıp júredi hám olar járdeminde jeńiske erisedi[2]» deydi.

Xorezmshax áskeleriniń tiykarǵı bólegin quraǵan qańlılar arasında usı ónerge iye bolǵanlar bolǵan. Oqtay qaǵan bir saparda bir shamanǵa yay (Yada) qılıwdı buyırǵan. Jaz ortasında qar hám jamǵırǵa jolıqqan qıtaylar qorqınıshqa túsken[3]

[1] К.Айымбетов, Откен күнлерден елеслер Нөкис Қарақалпақстан 2008 жыл 31-32 бетлер
[1] Усман Турон, Туркий халықлар мафкураси, Т., Чулпон нашриёти 1995 йил 60 бет
[2] Булда сол китап 61 бет
[3] Булда сол китап 62 бет

Ulıwma «Jay tas» haqqında túsinik biziń babalarımızda ushırasqanlığına biziń dástanlarımızda gúwalıq beredi. Mısalı Qoblan dástanında:

Aldımda aǵam joq edi,

Keynimde inim joq edi,

Qostar qılıp ózime,

Qulaq salsań sózime,

Sorap keldiń xaniyem.

«Jay tas degen tasıńdı» degen qatarlardan kórinedi. Al samaldı shaqırıw, jawındı toqtatıw tuwralı hár túrli kórinisler, soranıwlar qaraqalpaqlar arasında «Qamıs bası qaltırawıq, Jeken bası jaltırawıq, Aydar, Aydar kishit» dep shaqırıwlar, «Jawma-kúnim jawma», «Men atamnıń tunǵıshıman, qazan qırǵan qırǵıshıman» degen hám taǵı basqa kórinisler sol túriklerdiń «Jay tas» túsiniginiń qaldıqları bolıwıda itimal.

Túrklerde óz jurtına sadıq bolıw, watan táǵdiri hám oǵan muhabbat júdá joqarı hám basqa xalıqlarǵa úlgi bolǵan. Eski túrk dinine baylanıslı «Túrk táńrisi» túrk milletiniń qorǵawshısı bolıwı menen birge túrk jurtları, ásirese tawlarınıń bulaq suwları, ata-babalardıń mazarları muhaddes bolıp, ruwxlanıwdıń xızmetin atqarǵan. Olardı Xun húkimetiniń húkimdarı Meteniń «Topıraq - millettiń tamırıdur, onı qalay bereyin» degen sózi watan táǵdirin túrklerdiń erteden-aq ardaqlaǵanlıǵın kórsetedi.

Túrklerdiń Qıtayǵa baǵınǵan dáwirinde Qıtay dáreklerinen tabılǵan Ishpara xannıń tómendegi sózleri ibratqa ilayıq. «Ulımdı sarayıńızǵa jiberip atırman. Ol Sizge hár jılı shıǵısı hasıl atlardı aparajaq. Men erte kesh ámirińizge tayarman. Biraq kiyimlerimizdiń aldın ashıwǵa burınǵı kiyimlerimizdi sheshiwge, tilimizdi ózgertiwge hám siziń zańlarıńızdı qabıl etiwge kelsek, biziń úrp-ádetimiz júdá erteden bolǵanı sebepli oǵan batılım barmaydı. Biziń milletimizdiń qálbi birdur» degen eken. Sonday-aq biziń xalqımızdıń ataqlı dástani «Alpamısta» Baysarı baydıń qalmaqlarǵa kóship kelgennen keyin Tayshaxanǵa barıp:

«Zakat deseń bereyin,

Salǵırt deseń bereyin,

Dinimdi buzba xan aǵa,

Jurtıńda dawran súreyin» degen talabına júdá uqsas.

Túrk xanları Qutluǵ, onıń inisi Qapaxan hám balası Bilge qıtaylarǵa qarsı on eki márte urıs ashıp óziniń watanın, ózligin saqlaǵan. Bunıń sebebi túrklerdiń joqarı mánawiyatlılıǵı edi.

VIII-IX ásirlerde Budda dininiń tásiri kúsheygen gezde Bilge qaqan (716-734) Urxonda Budda dinine ibadat quriw máselesinde óziniń aqilli wáziri hám qáyin atasi Tunyukuh penen oylasqanda: «Ol dinler insanlarǵa jumsaqliq, kishilik etetuǵini ushın olar túrklerdiń turmis tárizine hám jawinger ruwxina jat ekenligin hám onı qabil etiw nátiyjesinde hádden ziyat kóp sanlı qitaylarǵa qarsiliqta jeńilip qaliw múmkinshiligin bildirgen. Xan bul danishpanniń máslahatin duris dep tapqan.

Keyin Bilge haqan baǵinishli dáwirde ótkere almaǵan qitay tásiri haqqında bilay degen «Shın milleti shiyrin sóz hám jumsaq mal (tawar) arqali uzaqtaǵi qáwimlerdiń kewillerin almaqshi boldılar. Lekin aqıllı insanlardi báribir alday almadı» degen.

Túrk xalqı milliy mádeniyatin, nizam hám dástúrlerin muhaddes bilip júdá qatańlıq penen qorǵaǵan.

Túrkler áskeriy bilim, tárbiyada jetiklik usıllari hám bekkem tártip sharapatinda áyyemgi Orta ásirlerde jańa dáwir baslarinda dúnyada ústemlikti qoldan bermegen.

Al, túrklerdiń tariyx maydaninda jáhán hákimiyati ideyasi menen shiǵiwi dáslep onıń tek ruwqıy biyikligi ǵana emes, al onıń áskeriy quwati menen de edi. Onıń materialliq tarawda kúsh arttiriwinda kózge túsken dáslep tiykar at edi.

Xanlar dáwirinen baslap túrkler ómirlerin at ústinde ótkergen, at ústinde awqatlanǵan (Bizdegi at ústine keldim, irkilmeymen degen sóz bálki sonnan bolar), qimiz ishken sipatinda paydalanǵan ham alti áskeriy kúshlerdi urista sheber paydalaniw.

Orta Aziyadaǵi túrklerdiń jetisken qudreti. Túrkler-xunlar dúnyada birinshi bolıp er-juuen, zangi-dizgin siyaqli anjamlar shiǵarǵan. Sonıń menen birge atli ásker ushın mólshellengen shalbar, belbew,

Ayaq-kiyimniń payda bolwı da túrklerge baylanıslı. Sonıń menen birge uzın qılısh paydalanǵan. At hám qural túrklerdiń kúshin, quwatın arttırıp dúnyanı iyelewge tiykar etken. Bul dáwirde qiyatlar atti tek arbaǵa ǵana qosa alar eken. Túrklerdiń atli áskerleriniń tezlik hújimge kóshkende olardiń qarsiliqlari sharasız qalatuǵin bolǵan.

Túrkler tosattan qılınǵan hújimleri hám onıń ózine tán usıllari arqali hár qanday quwatli dushpanlardi da kupayakun etken. Sonıń ushında orta ásirler dereklerinde túrkler «Dawilday birden payda bolıp qus siyaqli birden kózden ǵayip boladi» dep túsindirilgen. Sonıń ushında qaraqalpaqlar at degenshe qanat deseńshi… degenler.

Nátiyjede bul tásirden qitaylar ózleriniń Ken kiyimlerinen hám kelte qilishlarinan uaz keship, túrklerdiń atqa miniwin úyrenip, uzın qılıshlardan paydalanǵan, er-turman hámde jawingerlik kiyimler jasawdi úyrengen.

Evropalılar bolsa atqa miniwdi tek qunlardıń qol astında jasaw sharapatında úyrengen. Ulıwma qunlardıń batıstaǵı jeńisleriniń tiykarǵı sebeplerdiń biri usı atlı áskerler edi.

Sonıń menen qatar túrkler biziń eramızdan bir mıń jıl burın Sarı jaydı áskeriy qural retinde paydalanǵan. Sarı jaydıń oqları 300 metrge deyin ushıp júz metr alıslıq eki santımetr taqtaydı tesip etetuǵın bolǵan.

Shıńǵısxan Túrkistandı jeńip toy beriw payıtında onıń tuwısqanı hám áskerbasılardıń biri Esunge besjúz metr alıslıqtaǵı nıshanaǵa sadıq oǵın tiygizgen[1]

Túrkler basqalarǵa materiallıq mádeniyattı taratıp qoymastan ruwqıy mádeniyattıda en jaydırǵan.

Túrkler jeńimpas millet bolǵanlıqtan ózleri menen berge shatır-hammam hám tayar emlewxanalardı ózleri menen birge alıp júrgen.

[1] Джон Мен, Чингисхан, Москва эксniко 2008 жыл 62-63 бетлер

Rimliler shatır-hammamdı túrklerden úyrengen hám qońsılarına taratqan.

Ol dáwirde eski grek hámde islam dúnyasında murın tazalaw oramalı bolmaǵanda M.Kashqariydiń aytıwınsha túrkler «murın tazalaw ushın ksege jipek mata bóleklerin salıp júrer edi» dep bildiredi.

Bular túrk babalarımızdıń dúnya tariyxında iz qaldırǵan áskeriy qúdireti, insaniylıq kelbeti, mánawiy baylıǵınıń joqarı bolǵanlıǵın kórsetip, biziń milliy ideyamızǵa azıq boladı hám jaslardı jawıngerlikke, watanparuarlıqqa hám kámillikke úyretiwde tiykarǵı dereklerdiń biri bolıp esaplanadı.

## III-bap. Islam ruwxıyatınıń qáliplesiwi

### 3.1. Islamda tawxid mádeniyatın qáliplstiriw

Islam dininiń jáne bir áhmiyeti adamzattıń ruwqıy kamalatında tariyxıy izbe-izlikti qaǵıyda qılıp belgilep qoyılǵanı. Bul másele Quranı kárimniń kóp súreleri máselen, ekinshi («Baxara») hám úshinshi («Oli Imron») súreleriniń baslanǵısh ayatlarında ashıq aytılǵan bolıp, tómendegishe awdarmalanǵan: «Alif. Lom. Mim. Bul (ilahiy) Kitap (Quran) gwmanlı emes hám taqıwadar ushın hdoyat, olar ǵoyib (diniy xabarlar)ǵa iyman keltiretuǵın, namazdı jaqsı oqıytuǵın hám Biz ırısqı qılıp bergen nárselerden sadaqa qılatuǵınlardan. Jáne olar Siz (Muhammed) ke hám Sizden ótken payǵambarlarǵa nozıl qılınǵan nárse (ilahiy kitaplar)ǵa iyman keltiretuǵın hámde aqıret (qıyamet) ke isenetuǵınlar.

Keyingi, «Oli Imron» súresiniń baslanǵısh ayatlarında bul ideya jánede anıǵıraq qılıp túsindiriledi: «Alif. Lom. Mim. Allah-Onnan ózge ilah joq. ól tiri hám máńgi jasawshı. Ol Sizge (Ey Muhammed), Kitap (Quran) dı haqıyqattan ózinen aldınǵı (ilahiy kitaplar) dı tastıyqlawshı halında nozil qıldı. Tawrat hám Injıldi aldın nozil qılıwı bolsa, adamlarǵa hidayat deregi bolıwı ushın edi.

Bul ayatlarda Qurannıń Furqan («haq penen nahaqlıqtı ajıratıwshı») dep atalıwı ayrıqsha aytılǵan, bul da tereń hikmetke iye. Tariyxıy izbe-izlik tek Quranda, bálki onnan aldınǵı ilahiy kitaplarda da aytılǵan hám olarda ózinen keyingi kitaplarǵa isharalar bar ekenligi málim.

Quranda qayta-qayta aytılıwınsha, islam dininde Alla aldındaǵı eń awır gúna shirk, yaǵnıy jalǵız Parwardigarǵa qaysı bir zattı sherik qılıwǵa urınıwlar. Bárshe ilahiy kitaplarda alǵa súrilgen Tawhid ideyası islamda óziniń joqarı dárejedegi analizin tapqan.

Islam mánawiyatınıń qırları tereń. Sanap ótkenimiz ilimiylik hám jazba mádeniyatqa, tayanıw, tariyxıy izbe-izlik hám tawhid usılar qatarınan. Quranı kárim ayatlarında insannıń jer júzinde xalifa ekenliginiń bir neshe qayta aytılıwı islam mánawiyatınıń eń ullı qádiriyatlarınan. Quranı kárimniń áziz hám mukarram etip jaratılǵanı, oǵan jer hám aspandaǵı barlıq nársler boysındırılıp qoyılǵanlıǵı ayrıqsha aytıp ótilgen.

Islam mánawiyatınıń eń joqarı bólimleriniń biri qáwimshilik ırımlarına úzil-kesil shek qoyılǵanı, urıw jámiyeti, jeke babalarımızǵa barıp taqalıwshı rassalıq birlik ornına tawhid isenimi tiykarındaǵı insaniy biradarlıq jámáási – «umma» túsiniginiń kiritiliwi boldı. Bul hádiyse adamzat ruwqıy jetilisiwinde eń áhmiyetli burılıw nuqtası, biraq bul ideya elede tolıq ańlap jetilgen dep bolmaydı.

Islam mádeniyatınıń qáliplesiwi ańsat bolǵanı joq, bunıń ushın bazı siyasiy máseleler tuwrı sheshiliwi zárúr edi. Payǵambarımız ómiriniń aqırlarına barıp arab dúnyasında «umma» ideyası jeńisti qolǵa kiritti, arablar qáwimshilikten jeke millet dárejesine kóterile basladı. Bul protsess dáslepki xalifalar Abu Bakir hám Omar (raziallohu anhu) dáwirlerinde aqırına jetti. Arab mámleketi qáliplesti. Islam qońsı mámleketlerdi de fath ete basladı. 642 jılda aqırǵı Sosaniy Yezdigerd III Nahovand jaqınındaǵı urısta jeńilip, Xurasanǵa kirdi. Qutayba ibn Muslim (705-717) dáwirinde Moverennaxr arablar tárepinen basıp alındı.

Eger tariyxıy haqıyqatlıqtı tuwrı túsinetuǵın bolsaq, bul dáwirge kelip áyyemgi Turan úlkesinde málim siyasiy bóliniw jaǵdayı húkim súrer, túrli kishi húkimdarlar bir-biri menen alısıp, Ullı Túrk qaǵanlıǵı kriziske júz tutıp, túrkiy hám iraniy qáwimlerden biri arablarǵa keskin qarsılıq kórsetse, ekinshisi kelisimge kelmew jolın tutar edi. Báribir basqınshılıqqa qarsı milliy-azatlıq gúresi toqtamadı, Islam dini de dáslep máhálliy xalıq sanasına júdá qıyınshılıq penen sińip bardı. Biraq tawhid isenimi eski ırım aqıydalar ústinen áste-aqırın jeńiwi tábiyiy edi. Bir qatar túrkiy hám iraniy qáwimler arablar menen jeke isenim tiykarında birlesiw jolın tutıwǵa beyim bolıp barar edi. Tek ummaviy xalifalar kópshiligi Ajam xalıqların arablar menen teń kórmeslik siyasatın tutar hám bunıń menen xalıqlardıń ıqtıyarıy ráwishte iyman keltiriwlerine ruwqıy tárepten tosqınlıq qılar edi. Bul arada Rasulullah qarındas hám áwladları, birinshi náwbette kúyewleri házireti Ali (raziyallahu anhu) hám ámekileri házireti Abbos (raziallahu anhu) áwladları atınan xalifalıq taxtına dawagerlik baslandı. Abbosiylar óz maqsetlerine erisiw ushın Xorasan hám Maverennaxrdan járdem soradı. Abbosiy imam Ibrahim negizgi ajamlıq bolǵan

Abu Muslimdi qullıqtan azat etip, Xorasanǵa Abbosiyler paydasına úgit alıp barıwǵa jiberdi. Abu Muslim júdá tez waqıt ishinde ajam xalıqlarınan úlken ásker toplap, Ummaviylerge qarsı gúres basladı hám 750 jılda Ummaviyler dinastiyası joq etilip, Abossiyler xalifalıq taxtına otırdı. Abu Muslim qozǵalańı jeńisi bul jer tariyxında wlken ózgerislerge alıp keldi. Abbosiyler ajam xalıqları menen birgelikte jeńiske eristi. Jeńiske eriskenler quramında arablardan góre ajamlar yaǵnıy parsı hám túrkler kóbirek edi. Xorun ar-Rashid zamanınan xalifanıń shaxsıy qorıqshıları túrkiy xalıq wákillerinen, saray wázirleri kóbirek iraniy xalıqlarınan tayınlanatuǵın boldı.

Solay etip, VIII ásir ekinshi yarımı IX ásir baslarında territoriyaınń úsh ullı xalqı – arab, parsı hám túrkiy eller ara siyasiy qúdirette ózine tán teń salmaqlı jaǵdayı payda boldı. Islamnıń negizgi ideyası – musılman úmmetiniń teńligi ámelde júzege shıǵarıw imkanı tuwıldı. Bul dáwirden baslap jergilikli xalıqlar arsında islam dininiń abırayı tez arta basladı. Islam mádeniyatınıń qáliplesiw protsesin sol sebeplerge kóre VIII ásir ortaları – Abu Muslimniń Ummaviyler ústinen jeńisi hám Abossiyler xalifalıǵı ornawınan baslaw maqul kórinedi. Bul territoriya mádeniyatı XIII ásir baslarına deyin tez pát penen joqarıladı, mangollar basqını bir múddet mádeniy rawajlanıwǵa tosqınlıq etken bolsa da, bári bir XVI ásir baslarına deyin rawajlanıw dawam etti. Biraq XVI ásir baslarında júz bergen úlken ózgerisler nátiyjesinde pútkilley ózgeshe jaǵday payda boldı. Kishi Aziyada Usmaniyler, Iranda Safaviyler, Maverennaxr hám Xorasanda Shaybaniyler, Awǵanstan hám Arqa Indiyada Boburiyler dinastiyası bir neshe júz jılǵa bekkem ornasıp, islam mádeniy ornına ayrıqsha mámleketler aymaǵında milliy mádeniy ózine tánlik qáliplese basladı. Óz-ara tásir málim dárejede saqlanıp qalǵan bolsa da, áste-aqırınlıq penen territoriyalıq ulıwmalıqtan kóre milliy ózine tánlik quwatı asıp bardı. Biraq bul jaǵday dárhal bilingeni joq, bálki bir neshe júz jıllarǵa sozılǵan protsess boldı. Aytıw mwmkin, XX ásir baslarında da Arqa Afrikadan Shıǵıs Túrkstanǵa deyin, Volga boylarınan Bengaliyaǵa deyin jayılǵan islam mádeniyatınıń úlken hám abıraylı iyeleri bir-birin biler, óz-ara dóretiwshilik-ruwqıy birlikti úzbegen edi. Ullı

Britaniya hám Rossiya imperializmi de ústinen shıqpaǵan niyetke Shora húkimeti eristi-áyyemgi Turanzamin xalıqlarınıń qońsı xalıqlar menen neshe mıń jıllıq mádeniy-ruwqıy baylanıslardı short úzip tasladı, tek qońsılar menen, bálki óz ótmish mádeniyatı menen de qatnasta bolıw imkanın keskin kemeytirip, milliy ruwqıylıǵımızdı ǵáriplikke ushırattı. Mine endi búgingi Ǵárezsizlik sharayatında biz neshe jıllar kózimizden jasırın bolǵan úlken ruwqıy baylıqlardı jańadan ashıp atırmız.

Allanıń barlıq kitaplarında aytılǵan, ata-babalarımız ásirler dawamında ańlap jetken hám iyman keltirgen Tawhid haqıyqatınıń áhmiyeti sonda, jalǵız Alla iradası menen biz kórip turǵan Bolmıstıń hár bir tıǵız bólegi ózgeleri menen baylanıslı óz-ara baylanısta. Sol sebepten Bolmıstaǵı hár bir bólek ózgeriwi barlıq Bolmıstı ózgertiredi, hár bir bólektegi ózgeris bolsa, óz náwbetinde, pútkil bolmıstaǵı ózgeristen kelip shıǵadı. Bul ulıwma dwńyalıq nızamlıq jer júzinde xalifa etip jaratılǵan Insan zatınıń ayrıqsha múmkinshiligi-onıń erki, oǵan sanalı hám ıqtıyarlı háreket qılıw imkanı berilgen. Sonıń menen birge Jer júzinde xalifalıq ta úlken múmkinshilik, hám úlken juwapkershilik – sanalı hám húr zat sıpatında Insan hár bir qádemi ushın barlıq Bolmıs aldında juwapker, hár bir háreketine Alla aldında juwap beredi, tawhid haqıyqatınıń jáne bir sırın aytıw kerek. Bolmıstıń jekeligi sonı kórsetedi, ondaǵı eń alǵashqı mákanda jıljıw háreketinen eń joqarı mrifiy jollarǵa deyin negizinde bir waqıttıń ózinde bar.

Islam mádeniyatınıń eń ullı qádiriyatı tawxid isenimin barlıq qúdireti, mazmunı, ámeliy áhmiyeti hám kólemi menen ańlap jetiw territoriyanıń ilgeri ziyo (nur) iyeleri ushın neshe ásirlik Jumıs boldı. Bul jolda territoriya ruwqıylıǵı kamalat jolınıń bir qatar izbe-iz jolların basıp ótti. Olardan dáslepki basqıshın Sunna basqıshı dep ataw múmkin.

Payǵamabarımız tiriliginde «Meniń sózlerimdi jazbań, tek Alla ayatların jazıp alıńlar» dep buyırǵan edi. Solay islendi de. Álbette, kimlerdur óz baslaması menen ol házirettiń aytqan gápleri hám qılǵan isleri haqqında málim maǵlıwmatlardı jazıp barǵan bolıwı múmkin. Biraq Allanıń kitabı pútin bolmay,

ózgermes tekst halına keltirilmey turıp, oǵan basqa sózler aralasıp ketiw qáwpine jol qoyıp bolmas edi. 651 jılda, xalifa Usman dáwirinde bul jumıs jaqsı orınlandı. Házireti Abu Bakir dáwirinde Suhuf (ayrıqsha betler) formasında jámlengen Quranı kárim teksti bul waqıtqa kelip Mushaf (qol jazba kitap) formasına keltirilip, onnan bir neshe nusqa kóshrip kóbeytildi.

Payǵambarımız Muhammed (s.a.v) ge vahiy kele baslaǵan waqıttan tap onıń ólimine deyin ótken 23 jıl «saoda ásiri» dep ulıǵlanadı. Sebebi, usı dáwirde Muhammed (s.a.v) niń dávatlarına erisip, islam dinin qabıl etken sahabalar diniy máselelerde ózlerinde qanday bir sawal payda bolsa, Rasulullah (s.a.v) tan soradı, olar juwap bere almay qalǵan orınlarda Allahtan vahiy nozil bolar edi, Muhammed (s.a.v) tiń óliminen keyin Xulafoyi Roshidin dáwirlerinede de, ásirese házireti Umar (r.a) lar óz aqıl-parasatları hám sahabalıq dáwirindegi tájiriybeleri tiykarında úmmetler aldında payda bolǵan mashqalalardı sheshiwge urınıp keldi. Biraq Rasulullah sahabaları birininen keyin biri álemnen ótip, túrli mashqalalar barǵın sayın kóbeye baslaǵan soń, endi tek Kuranı kárim tekstine tayanıp bar haqıyqatlıqtaǵı kóp máselelerdi islamıy isenimge muwapıq qanday sheshiw kerekligin anıqlaw qıyınlasıp bardı. Solay etip, ilahiy kitap ayatların sharxlap, kóplep turmıslıq sawallarǵa anıq juwap bere alıwshı jáne bir ullı dárekke zárúrlik tuwıldı.

Áne usınday isenimli derek Hádisi shariflerde bolıwı múmkin edi**.** VII ásir ekinshi yarımınan baslap, Abu Xurayra (676 jıl qaytıs bolǵan), Anas ibn Molik (710 jıl qaytıs bolǵan), Abdullah ibn Abbos (619-686), Abdullah ibn Omar, Jobir ibn Abdullah sıyaqlı dáslepki robiylardan Rasulilloh sózleri hám ámelleri haqqında mıńlap hádisler jazıp alındı. Abu Sayd al-Xudriy, Ibn Shihob az-Zuhriy sıyaqlı dáslepki muhaddisler jetisip shıqtı. VIII ásir baslarında Ummaviy xalifalarınan Umar ibn Abdulazaz (717-720) noiblerine Muhammed (s.a.v.) hádislerin jámlew haqqında párman berdi, Abdulmalik ibn Abdulaziz Jurayx (766 jıl qaytıs bolǵan), Arx Rabi` ibn Subayx sıyaqlı alımlar hádisler jıynap jazıwdı basladı. Nátiyjede hádis ilimi rawajlanıp, Imam Malik ibn Anas (713-795)tiń «al-Muvatto», Imam Shofe`iy (767-820) hám imam Ahmad ibn Xanbal

(780-855)lardıń «Musnad» de pat alǵan úlken hádis toplamları jaratıldı. Úlkemizde tómendegi atı kórsetilgenler birinshi bolıp hádis topların dúzdi: Imam Abdullah ibn Mubarak al-Marvaziy, Isa ibn Raxovayxal-Marvaziy, Imam al-Xaysam ibn Kulayb ash-Shoshiy hám basqalar.

Keyingi IX ásir hádis iliminiń «altın ásiri» dep dańq taratqan. Sebebi, bul ásir hádislerin toplaw dáwiri ótip, endi olardı derektanıw hám teksttanıw ilimi qaǵıydalarına muwaıq analizlew hám izertlew, málim mazmun tiykarında tártip beriwge kirisildi. Hádistanıw atalıwshı úlken ilim baǵdarı jaqsı qáliplesti. Hádis tálif etiw tarawında «Musnad», «Sahih», hám «Sunan» dep atalǵan baǵdarlar payda boldı.  Bul dáwirde keyingi ásirler ushın úlgi bolarlıq isenimli hádis toplamları jaratıldı. Pútkil islam áleminde eń abıraylı dárek sıpatında dańq taratqan «Kutubu sitta» («Altı kitap») avtorları sol dáwirde jasaǵan. Olar: Abu Abdullah Ismoil al-Buxariy (810-870), Imam Muslim ibn al-Hajjoj (819-874), Abu Isa Muhammed ibn Isa at-Termiziy (824-874), Abu Dawıd Sulayman (817-888), Ahmed an-Nosiy (830-935), Abu Iso Muhammed ibn Yazid ibn Mojja (824-886) sıyaqlı muhaddisler. Altı ullı muhaddistiń dáslepkisi watanlasımız Abu Abdullah Muhammed ibn Ismail ibn al-Muǵira al-Buxariy (810-870) edi. Imam Buxariy ózleri toplaǵan 600 mıń hádisten 7275 te eń isenimli «sahih» lerdi mazmunına kóre tasnifler, pútkil jańasha tártiptegi hádisler toplamın jaratıwǵa miyasar boldı. Ol muhtaram zattıń shıǵarmaları keyingi muhaddisler ushın bárshe tárepten órnek hám úlgi boldı. Imam Buxariy jaratqan «Al-adab ul-mufrad» («Ádep dúrdanaları»), «Kitabı af`ol il-ibod» (Allah bándeleriniń xulqları) sıyaqlı bir basqa qatar shıǵarmalar da territoriya xalıqlarını islam axlaqı ruwxında tárbiyalawda ayrıqsha áhmiyetke iye.

Sunna basqıshınıń áhmiyeti hám onıń milliy ruwqıylıǵımız jetisiwinde tutqan ornı haqqında aytatuǵın bolsaq, dáslep, bul basqıshtı territoriyada derektanıw hám tekstanıwshılıq pániniń joqarı rawajlanıwı sıpatında baxalaw lazım boldı, sebebi Rasulillah hádisleri Quranı kárim ayatlarınan keyin ullılıqta ekinshi orında turıwshı dárek bolıp, onıń da teksti hám isnodi (yaǵnıy bul hádis roviyleri isenimli hám itibarlı ekenligi) júdá názik hám ayrıqsha qatnas talap

etiwshi tema edi. Bul máselelerde arzımaǵanday túyiliwshi qandayda bir tar ilimiy teń salmaqlıqqa emes, bálki hár bir musılmannıń isenim ámelinde ayrıqsha gúmrahlıqqa alıp keliw qáwpi bolǵanı ushın da bul taraw júdá ziyreklikti talap etedi, muhaddiske júdá qattı qaǵıydalarǵa ámel qılıwdı buyırar edi. Bul awır shártlerge kónlikpe payda etiw islam ilimleriniń keyingi rawajı hám kamalatına ayrıqsha qolaylıq jarattı. Sovet dáwiriniń jeke húkimiran ideologiyaǵa sózsiz boysınıw sharayatında, ásirese, sociallıq pánler tarawında tekst hám dárekke qatnas, ilimniń bul negizi bir qansha itibardan shette qaldı hám zamanlaslıq ruwxındaǵı aldı-qashtı uranpazlıq kóp orında haqıyqıy ilim ornın iyelep ala basladı. Búgin biz bul tarawda da, jánede anıǵıraǵı birinshi náwbette bul tarawda, milliy ruwqıydıǵımız erisken jeńislerdi qayta tiklewimiz, tekst hám derekke júdá ayrıqsha qatnasta qaytıwımız, bunda Imam al-Buxariy, Muslim ibn al-Hajjoj, Abu Isa at-Termiziy sabaqların dıqqat penen úyreniwimiz dárkar.

Sunna basqıshınıń jáne bir jeńisi islam xalıqları ruwqıy jetilisiwiniń bul birinshi paǵanasında qáliplesken 5 islamiy mazhab, yaǵnıy islam isenimine baylanıslı kóz-qaraslar hám ámellerdiń bazı parqlarǵa iye bolǵan bes baǵdarı arasında bir-birin biykar etpeslik hám óz-ara húrmet qatnasları ornatılıwı. Bul ańsat hám birden qálipleskeni joq.

Dáslep Imamı Ázam Abu Xanifa an-Númon ibn Sobit (699-767) kóz-qarasları tiykarında sunniy baǵdarında Hanafiya mazhabı qáliplesken bolsa, keyin ol shákirt hám izlesleri tárepinen molikiya, shofe`iya, xanbaliya mazhabları, shia baǵdarında bolsa payǵambarımız áwladınan altınshı imam Jáfar as-Sodiq (700-765) atı menen baylanıslı jáfariya mazhabı payda boldı.

Musılman huqıqı – shariat hám fiqh tiykarların da sol dáwirden baslandı. Imam Ázam – Abu Hanifanıń jaqın shákirtleri Imam Abu Yusuf Ansoriy (731-804) hám Imam Muhammed ash-Shaybon (749-805) bul tarawda tiykarın salıwshı boldı. Imam Abu Yusuf islam dúnyasınıń birinshi bas qazı qılıp tayınlandı. Imam Muhammedtiń «Al-Mabsut» (yaki «Kitap al-asl fil-furu» - «Juz`iy máseleleriniń negizleri»), «Kitob al-jom`e-al-kabir», «Kitab al-al-jom`e

as-saǵir» sıyaqlı shıǵarmaları bul tarawda jaratılǵan keyingi barlıq islerge dasturumal wazıypasın ótedi.

Sunna basqıshınıń ekinshi ullı jeńisi islam axlaqınıń territoriyada puxta qáliplesiwi. Payǵambarımız hádisleriniń eń áhmiyetli hám salmaqlı bólimi adamlarda joqarı insaniy páziyletlerdi qáliplestiriwge qaratılǵan. Ondaǵı ata-anaǵa múnásibet, ilimge múnásibet, sabır-taqat, shúkirlik etiw, óz-ara mehir, doslıq, miymandoslıq, opa hám sadaqat, miynetsúyiwshilik hám hadal luqmanı qádirlew, kemtarlıq, ashıq kewillik, rasgóylik qásiyetleriniń birinshi orınǵa qoyılıw insaniyat ushın biybaha ruwqıy qádiriyatlardıń tasadifiy toplamı emes, bálki ayrıqsha bir sistema halına keltirilgen bolıp, álbette, bunda ullı muhaddisler, birinshi náwbette Imam Buxariydiń xızmetleri orınlı.

Payǵambarımız súnnetleriniń ibratlı orınları júdá kóp. Mısal retinde onıń hayalǵa múnasibetine itibar bereyik.

Ibn Omar raziyallohu anhu ráwiyat qıladı: «Biz, janob Rasululloh tiri waqıtlarında, «Taǵı, bir bálege giriptar bolıp qalmayıq!»dep qáweterlengenimizden, hayallarımızǵa bir (qattı) sóylep, jaqsı mámile qılatuǵın boldıq» Bul hádis mazmunınan kórinip tur, Payǵambarımız hayallarına hárgiz qopal qatnas qılmaǵan, nátiyjede basqa sahabalar da óz hayallarına húrmet hám múlayımlıq penen mámile qılıwdı úyrenip barǵan. Haqıyqatında, Muhammed (s.a.v) bir hayaldıń kewline zıyan, azar bergenleri, qapa qılǵanları haqqında hesh bir hadiste bir ishara joq, kerisinshe, hayallar Payǵambarımızǵa degen bazıda azar beriwshi háreketine jol qoysalar da, ol zat júdá halımlıq penen juwap qılǵan. Álbette, ol kisi hár bir insan sıyaqlı hayallardıń da ózine jarasa kemshiligi bar ekeni sezgen, biraq urıw sógiw, qattı sóylew arqalı bul kemshiliklerdi dúzetip bolmaslıǵı, tek sabır, jumsaq qatnas hám shaxsıy úlgi menen tálim berilse, tásirli bolıwı múmkinligin jaqsı bilgen hám bul ádepke ámel qılǵan. Demek, sunnaǵa ámel qılǵan adam, kóp hayal alıw haqqında emes, hayallar kewlin renjitpeslik haqqında qayǵırıw islamǵa múnásip. Jismaniy hám ruwqıy páklikke umtılıw islam axlaqınıń, Rasulullah hádisleriniń jáne bir áhmiyetli tema baǵdarı. Táharat, ǵusl máseleleri, misvokdan (tis taza tutıw)

paydalanıw, sırtqı azadalıq talapları bolsa, haramnan, ótirik sózden, ǵiybat, jala, zinakarlıq, ózge haqına qıyanet, nahaqlıq hám zulımǵa jol qoymaslıq, olardan saqlanıw ishki, ruwqıy páklikke baylanıslı talaplar. Bular barlıǵı da Quranı kárimde hám Rasulilloh súnnetlerinde júdá qattı qılıp qoyılǵan.

Solay etip sunna basqıshınıń negizgi áhmiyeti, onıń ibrat marifatı negizine qurılǵanlıǵında, yaǵnıy Sunna Allah hidayat etken Haqıyqat jolına (as-Sirot al-mustaqim–tuwrı jol) Rasulullah Muhammed (s.a.v) nıń turmıs hám oylaw tárizine usaw, onnan ibrat alıw arqalı erisiwdi názerde tutadı. Payǵambarımız hám onıń jaqın adamları (sahabaları) ómiri dawamında musılman jámáási («umma») ne birlesip qanday qádiriyatlarǵa ámel qılǵan bolsa, bul jasaw tárizi keyingilerge de órnek hám úlgi bolıwı Sunna mánawiyatınıń ózek tamırı.

Sunna dáwirinde payǵambarımızdıń ómir jolları haqqında dáslepki shıǵarmalar – Ibn Ishoq (704-707) hám Ibn Hishom (834) «Sira»leri («Sirat ar-Rasulullah») payda boldı. Bul kitaplar ápiwayı awdarma emes, bálki Allanıń payǵambarı adamzatqa jetkeriw wazıypası júklengen shaxs – Rasululloh haqqında bolıp, dıqqat orayında risolat (payǵambarlıq-messiya) máselesi turǵanı ushın shıǵarmanıń Kirisiw bóldiminde Muhammed (s.a.v.) nan aldın ótken payǵambarlar haqqında da xabarlar berilgen edi. Bul dástúr keyin rawajlanıp, Házireti Mussa alayhissalam hám basqa payǵambarlar turmısı xám xızmeti haqqında da xabar beriwshi kitaplar jaratıla basladı.

Bul dáwirde Muhammed (s.a.v.) nan baslanǵan Quran tafsirleri dástúri de rawajlandı, keń mánidegi ádep ilimine tiykar salındı. Ibn al-Muqaffanıń (724-759 ) «Al-Adab as-Saǵir», «Al-Adab-al Kabir» miynetleri jazıldı. Halil ibn Ahmed (718-792) luǵatshunoslik tiykarlarına baǵıshlanǵan «Al-Ayn» shıǵarması quramında aruz iliminiń teoriyalıq tiykarların jaratıp, hám til ilimi, hám ádebiyattanıwǵa qolaylıq jarattı. Keyingi ásir aqırında Ibn al-Mutazz (861-908) ádebiyattanıwdıń jáne bir quram bólegi «ilmi bade`» ni ashtı. Arab klassik sheriyatınıń tiykarın salıwshılar Abu Nuvas (762-813), Bashshar ibn Burud (714-784), Abul Ataxiya (718-825) sıyaqlı ullı shayırlar, Al Johiz (775-868) sıyaqlı ádebiyatshılar sol dáwirde jasap ótken. Usı ullı tulǵalar arsında islam

dáwiriniń dáslepki túrkiy shayır  Adib Ahmad te bar edi. Alisher Nawayı aytıwınsha, islam túrkiy sheriyatınıń bul tuńǵısh shayırı xanafiya mazhabınıń tiykarshısı Abu Xanifa an-Númon bin Sobit-Imamı Ázam (699-767)niń eń súyikli shákirtlerinen bolıp, kózi ázzi bolsa da, qálib kózi rawshan edi. Watanlasımız Adib Ahmadtıń bizge deyin túrkiy ádebiy tilde jazılǵan «Hibatul-haqoyiq» (Haqıyqatlar sıylıǵı) dástanınıń XV ásirde kóshirilgen bir neshe nusqası hám Alisher Nawayı shıǵarmalarında keltirilgen jáne bir eki bólimi jetip kelgen. Adib Ahmed birinshilerden bolıp Rasulullah hádislerine qosıqlar baǵıshlap jazǵan shayır.

Solay etip VIII-IX ásirlerde islam mádeniyatı qáliplesti hám onıń dáslepki basqıshı – Sunna-óziniń eń joqarı basqıshına eristi. Bul jeńisler, dáslep islam axlaqı tiykarınıń sisteması payda bolǵanlıǵı, shariyat hám fiqh ilimi, derektanıw hám tekstanıw teoriyası hám ámeliy tájiriybeleriniń qáliplesiwi, adab ilimi, dáslepki Quran tafsifleri, qiraat ilimi, sheriyat teoriyası, sarfu nahv (grammatika), luǵatshunaslik hám basqa ilimlerge tiykar salına baslaǵanlıgı menen belgilenedi. Bunday ullı ruwqıy baylıqlar payda bolıwı, hám rawajlanıwında territoriyanıń barlıq xalıqları, ásirese, parsı, arab, túrk elleriniń úlesi úlken bolıp, máselen, watanlaslarımız – Ahmed Yugnakiy, Imam Muhammed al-Buxariy, Abu Isa at-Termiziy sıyaqlı alımlar qosqan ruwqıy úles pútkil jáhan afkor xalqı tárepinen tán alındı.

Insaniyat tariyxında mıńlap payǵambarlar ótken. Olardıń aqırǵısı («Xotimat-un-nabi») Muhammed (s.a.v.) arab qáwimlerniń jeke millet sıpatında qáliplesiwinde jetekshi orın tuttı. Biraq Quranı kárim tiykarında qáliplesken Tawhid isenimi hám «umma» túsinikleri tek arablardı birlestiriwge ǵana qaratılǵan bolmay, bálki pútkil insaniyattı, bálki pútkil tábiyat, kosmos, Bolmıstı bir áhmiyeti sıpatında ańlap jetiw imkanın beredi. Biraq bul Ullı mazmunǵa ańsatlıq penen jetiskeni joq. Abu Muslim qozǵalańı hám Mamunnıń (813-833) xalifalıq taxtın iyelewi protsesinde territoriyada arabiy, iraniy, túrkiy milletlerdiń óz-ara siyasiy sociallıq teń salmaqlıq jaǵdayı payda boldı. Áskerler kóbirek túrkiy xalıqlar wákillerinen, wázirler hám saray ámeldarları iraniyler,

diniy abıraylı adamlar arabdan bolıwı dástúrge aylandı. Keyinirek qosıq tiykarınan parsı tilinde, anıq pánler arab tilinde jazıla basladı. Áne sonday jaǵdayda IX-XV ásirlerde túrli xalıq abıraylıları arasında jeke territoriya mádeniyatı qáliplesti hám túrkiy millet wákilleri hám bul ulıwma miyrasqa sezilerli úles qostı.

1. Payǵambarımız (s.a.v.) dáwirinen Tawhid isenimi tiykarında insaniy biradarlıq jámáási – «umma» túsinigi qáliplese baslaǵan bolsa, VIII ásir ekinshi yarımı – IX ásir baslarınan (750 jıl – Abu Muslim qozǵalańı hám Abbosiylerdiń hákimyatqa keliwi, 813 jılda Mamunnıń xalifalıq taxtına otırıwı nátiyjesinde) territoriyanıń úsh ullı xalqı – arab, pars hám túrkiy eller ara siyasiy qúdirette ózine tán teń salmaqlı jaǵdayı payda boldı, yaǵnıy Islamnıń tiykarǵı ideyası – musılman úmmetiniń teńligi ámelde qollanıwǵa haqıyqıy imkan boldı.

2. Túrli islamıy mazhablar (xanafiya, shofe`iya, molikiya, xanbaliya, jáfariya), yaǵnıy islam isenimine baylanıslı kóz-qaraslar hám ámellerdiń bazı parqlarǵa iye bolǵan bes baǵdarı qáliplesti, hám bara-bara olar arasında bir-birin inkar etpeslik hám óz-ara húrmet qatnasları ornatıldı. Bunday túrli analizler ara óz-ara murasa jaǵdayı aqır nátiyjede isenim máselelerinde taassub (fanatizm) hám bir jaqlama aqıydaparaslıq qáwpiniń aldın alıwǵa tiykar boladı.

3. Musılman huqıqı-shariyat hám fiqh negizlerin qáliplestiriw baslandı. Imam Azam –Abu Xanifa an-Núman bin Sobit (699-767) hám onıń jaqın shákirtleri Imam Abu Yusuf Ansoriy (731-804) hám Imamı Muhammed ash-Shaybon (749-805)  bul taraw tiykarın saldı.

4.  Payǵambarımızdıń ómir joları haqqında dáslepki shıǵarmalar – Ibn Ishoq (704-707) hám Ibn Hishom «Sira» ları («Sirat ar-Rasululloh») payda boldı. Bul kitaplardıń tiykarǵı ideyası risolat (payǵambarlıq missiya) máselesi bolıp, olar keyin ulıwma payǵambarlar ómiri hám xızmetleri haqqında xabar beriwshi kitaplar – «Qisas ul-anbiyalar» jaratıw dástúrine tiykar úlgi boldı.

5. Quran tafsirlerin maqul  qılıw dástúri rawajlandı.

6. Xalifa Umar ibn Abdulaziz (717-720) dáwirden Muhammed (s.a.v) hádislerdi toplaw rásmiy tús alıp, Imam Malik ibn Anas (713-797) niń «al-

Muvatto», Imam Shofe`iy (767-820) hám Ahmed ib Xanbal (780-855)lerdiń «Musnad» dep atalǵan úlken hádis toplamları payda bolǵan bolsa, IX ásirde hádistanıw ilimi qáliplesip, onıń qaǵıydaları tiykarında islam áleminde Quranı kárimnen keyin eń úlken dárek esaplanǵan 6 sahih (isenimli) hádis toplamları jaratıldı. Olardıń avtorları: Abu Abdullah Ismail al-Buxariy (810-870), Imam Muslim ibn al-Xajjoj (819-874), Abu Isa Muhammed ibn at-Termiziy (824-874), Abu Dawıt Sulayman (817-888), Ahmad an-Nosiy (830-935), Abu Isa Muhammed ibn Yazid ibn Mojja (824-886) sıyaqlı abıraylı muhaddisler.

7. Rasulullah (s.a.v) hádisleriniń eń áhmiyetli hám salmaqlı bólim adamlarda joqarı insanıy páziyletlerdiń qáliplesiwine qaratılǵan. Olardaǵı ata-anaǵa húrmet, ilimge umtılıw, shúkirlik, óz-ara mehir, doslıq, miymandolıq sadaqat, miynetsúygishlik hadal ırısqı, rasgóylik, keńpeyillik qásiyetlerin birinshi orınǵa qoyılıwı insaniyat ushın biybaha ruwqıy qádiriyat bolıp esaplanadı. Olar tiykarında islam axlaqınıń munazzam pitkerilgenl bir sistema halında territoriyada puxta qáliplesiwi bul dáwirdiń eń áhmiyetli hádiysesi edi.

8. Adab ilimine tiykar salındı, sheriyat, filologiya ilimleri rawajlandı. Ibn al Muqaffanıń (724-759 ) «Al-Adab as-Saǵir», «Al-Adab-al Kabir» miynetleri, Halil ibn Ahmed (718-792) luǵatshunoslik tiykarlarına baǵıshlanǵan «Al-Ayn» shıǵarması quramında aruz iliminiń teoriyalıq tiykarların jaratıldı, Ibn al-Mutazz (861-908) ádebiyattanıwdıń jáne bir quram bólegi «ilmi bade`» ni ashtı. Arab klasssik sheriyatınıń tiykarın salıwshılar Abu Nuvas (762-813), Bashshar ibn Burud (714-784), Abul Ataxiya (718-825) sıyaqlı ullı shayırlar, Al Johiz (775-868) sıyaqlı ádebiyatshılar birinshi márte Rasulullah hádislerine túrkiy tilde sheriy sharhlar baǵıshlap dástan jazǵan alım shayır Adib Ahmad sol dáwirde jasap ótken.

Bunnan tısqarı Sunna basqıshında Rasulullah ibratı kóp ǵana sorawlarǵa juwap tabıw imkanın bergen bolsa, keyinirek birqansha qıyınıraq, anıq pikir júritiwdi talap etetuǵın mashqalalar payda bola basladı. Nátiyjede aqıl menen is júritiw zárúrligi kúsheydi.

Negizinen bul zárúrlik payǵambar hádislerin toplaw protsesinen olardı temalar boyınsha bólistiriw protsesine ótiwde-aq, yaǵnıy Malik ibn Anas, Imam Muhammed ash-Shaybon, keyinshelik Imam al-Buxariy, Imam at-Termiziy sıyaqlı muqaddes ulamalar xızmetinde ayan bola baslaǵan edi. Biraq muqaddisler xızmeti bári bir olardıń pikirlew qúdireti nátiyjelerin járdemshi dárejede uslap turar, mazmun jaǵınan tiykarınan hádislerdiń ózinde bar edi. Sonıń menen birge islamda sap diniy maqsetlerde hám aqılǵa say oylawǵa tayanıw zárúrligi áwel bastan-aq bar edi. Bunıń sebeplerinen jáne birine toqtalıp ótsek.

Sunna axlaqı muslimler jámáasiniń ishki teń salmaǵı hám tártip-intizamı ushın zárúr bolsa, territoriya hám dúnyadaǵı ózge táliymatlar, ózge aqıyda sistemaların jeńip ótiw ushın endi aqılǵa say oylaw qúdireti lazım edi. Haqıyqatında, IX ásirde Iranda, Maverennaxr hám Xorasan da Mazdayasna isenimi ele keń úrp bolıp ǵana qalmay, hátte bul táliymat haqqında búgingi kúnge deyin jetip kelgen áhmiyetli shıǵarmalar jaratılǵanı bizge málim.Tap usı dáwirde Shıǵıs Túrkstanda monaviylik bid`ati hám buddaviylik isenimi ruwqında túrkiy tilde bay ádebiyat jaratıldı. Adamlar sanasına ásirler dawamında ornap kelgen bul sıyaqlı aqıydalar jańa izshil Tawhid isenimi menen almasıwı ushın Sunna dástúri jeterli emes edi. Bul gúreste ele ilimiy báseke quralı bolmısh aqılǵa say oylaw qúdireti júdá zárúr edi. Demek, Tawhid táliymatınıń rawajlanıwında aǵartıwshılıq basqıshı hár tárepten tariyxıy zárúrlik bolıp, bul baǵdardaǵı háreket Sunna basqıshı ele jetekshi dáreje iyelep turǵanda-aq baslanǵanı sır emes.

Islam aǵartıwshılıǵı basqıshı-milliy ruwqıylıǵımızdıń Islam mádeniyatı sheńberindegi ekinshi basqıshı hám jetekshi printsplerden biri, X-XI ásirlerde óziniń eń ullı jetiskenligin kórsetken hám Tawhid Haqıyqatın aqılǵa say oylaw dárejesinde ańlap jetiwge erisilgen bul printspti Ilim marifatı dep táriplegen maqul. «Islam aǵartıwshılıǵı» - insaniyat ańlap jetken barlıq bilimler Tawhid isenimi muwapıq ekenligi ilim hám aqılǵa say analizde sıpatlawǵa qaratılǵan túrli baǵdardaǵı belgili alımlar toparınıń ulıwma xızmetin ańlatadı.

Islam aǵartıwshılıǵı haqqında sóylewden aldın jáne bir máselege aydınlıq kiritip alıw lazım. Nege islam ruwqıylıǵı rawajınıń birinshi bólimin Sunna basqıshı deymiz hám onı IX ásir menen juwmaqlaymız? Sebebi, bul ásirde jasaǵan 6 ullı muhaddistiń orınlaǵan isleri aqırına jetpey turıp, keyingi basqıshqa ótip ketiw ruwqıy jetilisiw logikasına tuwrı kelmes edi. Quranı kárimniń nızamlastırılǵan teksti tayar bolıp, onnan nusqalar kóshirilgen, Rasulullah hádislerin toplaw tártipke keltirilip, olardıń isenimli toplamların («Jome` as-Sahih») úziw imkanı payda boldı hám keyingi 2 ásir soǵan sarp etildi. Bunnan aytıw múmkin, 6 ullı muhaddis imamlardıń isenimli hádis toplamları házirgi jaǵdayında tártip berilmey turıp, Tawhid táliymatınıń analizlerine urınıw anıq emes juwmaqlarǵa alıp keliwi múmkin edi.

Ulıwma ekinshi basqıshta aqılǵa, oylawǵa tayanıw nátiyjesinde haqıyqattı ańlap jetiwdiń túrli parallel baǵdarları qáliplese basladı. Sunna sheńberindegi mazxablarǵa qaraǵanda endi bul dáwirde qáliplesken pikirli aǵım hám baǵdarlardıń óz-ara parqı ádewir sezilerdi tús alǵan hám óz-ara munozara da kúsheygen edi. Bul eń kereklilerine ǵana toqtalıp ótemiz. Olardı tańlawda óz bilimimizshe is kórmeslik ushın bul dáwirdiń eń belgili adamlarınan Imam Abu Hamid Ǵazzoliy (1058-1111) hámde oyshıl shayır hám alım Omar Hayyam (1048-1122) sanap ótken baǵdarlardıń ózine dıqqat qaratsaq, jeterli bolma kerek.

Eń tań qalarlıǵı sol, dáwirdiń eń áhmiyetli baǵdarın ajıratıp alıwda ullı Ǵazzoliy hám ullı filosof hám tábiyiy pánlerdi úyreniwshi Omar Hayyam birdey juwmaqqa kelgen.

Islam aǵartıwshılıǵı dáwiriniń eń ullı alımlarınan bolmısh Imam Abu Hamid Muhammed bin Muhammed al-Ǵazzoliy haqqında «Eger Muhammedten keyin payǵambar bolıwı múmkin bolǵanda, álbette Ǵazzoliy bolar edi», dep biykarǵa aytılmaǵan. Bul ullı insan islam ruwqıylıǵınıń ózinen aldınǵı 5 ásirlik jetiskenligin óz ásirlerinde tereń juwmaqlap, jańa baǵdarlardı belgilep bere alǵan ullı ustazlar, «Al-Munqiz min ad-dalal» («Adasıwlardan qutqarıwshı») shıǵrmasında imam al-Ǵazzoliy jazadı: «Mende sonday túsinik qáliplesti, Haqıyqattı izlewshiler taypası tórt toparǵa bólinedi:

1.Mutakallimlar…

2.Botiniylar…

3.Filosoflar…

4.Sufiyler…

Omar Hayyam da óziniń «Darxostnoma» («Soralǵan naárse haqqında kitap») miynetinde bul baǵdarlardı ózgerissiz qaytaradı, yaǵnıy mutakallimler, filosoflar, ismoiliylar hám sufiylardı ol da sanap ótedi».

Kalam (ilimi)-Naqılıy hám aqılıy bilimler uyǵınlıǵına tayanǵan islam filosofiyası hám ilahiyat ilimi. Kalam iliminiń dáslepki úlken aǵımı bolǵan mutazila din aqıydaların aqıl tárezisinde ólshep analiz etiwge tiykarlanǵan edi. Bul aǵım wákilleri islamnıń eń áhmiyetli eki máselesi - Ádalat hám Tawhid túisinkleri analizinde sol dárejede alǵa ketti, olar izinen islam aǵartıwshılıǵınıń ullı tolqını keliwi dáwirdiń talabı olıp qaldı. Islamnıń mw`tazila talqinida  Xalifa Mamun (813-833) zamanında rásmiy táliymatqa aylanıp, hátte onıń kóz-qaraslarına qosılmaǵan ruwxaniyler tazyiq astına alına basladı. Bul jaǵday 849 jılda xalifa Mutavakkil (847-866) bunday baxslardı joq etiw haqqında párman shıǵarǵansha dawam etti. X ásirge kelip, kalam iliminiń ashariya hám moturidiya  aǵımları qáliplesti. Kalam filosofiyası Tawhid táliymatın territoriyadaǵı bárshe eski aqıydalardan hár tárepleme ústinligin aqıl hám oylaw qúdireti menen sıpatlap bergen soń, islamnıń ruwxıy dárejesi astı, sonıń menen birge Quranı kárim ayatlarında aytılǵan tariyxıy izbe-izlik qaǵıydası tereńirek túsinile basladı. Allanıń aqırǵı kitabı keltirgen ruwxıy baylıqtı tereń ańlap jetiw ushın islamǵa deyin jaratılǵan pútkil mádeniy miyrastı tereń úyreniw hám tuwrı ózlestiriw lazımlıǵı málim bolıp qaldı.

Kalam filosofiyası Tawhid táliymatın territoriyadaǵı bárshe eski aqıydalar toplamınan hár tárepleme ústinligin aqıl qúdireti menen sıpatlap bergen soń islamnıń ruwxıy dárejesi astı, sonıń menen birge Quranı kárim ayatlarında aytılǵan tariyxıy izbe-izlik qaǵıydası tereńirek túsinile basladı. Allanıń aqırǵı kitabı keltirgen ruwxıy baylıqtı tereń ańlap jetiw ushın islamǵa deyin jaratılǵan pútkil mádeniy miyrastı tereń úyreniw hám tuwrı ózlestiriw lazımlıǵı málim

bolıp qaldı. Bunıń menen islam aǵartıwshılıǵı basqıshınıń ekinshi áhmiyetli qásiyeti - ótmish miyrastı úyreniwge kirisiw hám onı jańasha tiykarda ańlap jetiw háreketi hár tárepleme rawajlandı.

Úshinshi, aytıw múmkin, aqıl qúdireti hám aqılǵa say oylawǵa tayanǵan eń úlken hám eń tereń baǵdar –islam filosofiya mektebi bolıp, bul baǵdar tábiyiy hám anıq pánlerdi úyreniw menen baylanısıp ketti. IX ásirden-aq filosofiya baǵdarınıń birinshi úlken wákili Al-Kindi (800-870) dóretiwshil etkeni málim. IX ásirge kelip, bul tarawda da eń ullı allamlar jáne biziń elimiz yaki, keńirek alǵanda, Maverennaxr hám Xorasannan jetisip shıǵa basladı. Dáslep, Abu Nasr Muhammed ibn Muhammed ibn Uzluǵ Tarxon Farabiy (873-950) di eske alıw orınlı. Ol Farabda túrkiy elden bolǵan harbiy shańaraǵında tuwıladı. Shash, Buxara, Samarqand qalaların basıp ótip, Baǵdatqa kirip bardı 70 ten artıq tildi, óz dáwirine deyin jaratılǵan ilimiy-filosofiyalıq baylıqtı tereń ózlestirdi.

Farabiy saray sheńberinen ilajı barınsha ózin uzaq tutqan, kemtarın turmıs keshirgen, tek ómiriniń aqırında Xalab hákimi Sayfuddavla (943-967) húrmetine sazawar bolıp, onıń járdeminde bir qansha berektli dóretiwshilik etiwge eristi.

Farabiy 160 tan aslam shıǵarma jazǵan belgili bilim sahıbı edi. Ol grek filosofları miyrasın tereń úyrenip, olarǵa sharhlar jazdı. Ásirese Aristoteldiń qıyın filosofiyalıq shıǵarmaların tereń sharhlar berdi. Onıń sharhları tiykarında úlken bir topar alımlar grek filosofiya mektebi mazmunın jańasha túrde ózlestirdi. Bunnan basqa Farabiy iliminiń túrli baǵdarları boyınsha (filosofiyanń ulıwma máseleleri, biliw teoriyası, pánler bóliniwi, matematika, astronomiya, muzıka, ádebiyat teoriyası, fizika, ximiya, meditsina, biologiya, etika, pedagogika, huqıqtanıw, mámleket basqarıw teoriyası, siyasattanıw hám basqa túrli tarawlarda) erkin miynetler jazdı.

Insannıń baxıtqa erisiwi, fazıl jámiyet hám onıń húkimdarı haqqındaǵı Farabiy alǵa súrgen ideyalar keyingi ásir alımları tárepinen jánede rawajlandırılıp, insaniyat tariyxın tuwrı túsiniwde tiykar boldı. Farabiy miyrası XI-XIII ásirlerde-aq latın, áyyemgi yahudiy hám basqa tillerge awdarılıp, Evropa xalıqları ruwqıylıǵın bayıtıwǵa xızmet etti.

Farabiy hám onıń dóretiwshilik xızmeti haqqında úlken monografiyalıq miynetler ózbek tilinde basılıp shıqqanlıǵı ushın bul haqqında artıqsha tárip shárt bolmasa kerek.

Farabiy sap filosofiyalıq Tawhid Táliymatın jaratıwdı niyet qılǵan, desek tuwrı boladı. Onıń pikirleri islamnan tısqarı emes, bálki ilahiy kitapta aytılǵan Tawhid táliymatın tuwrı analiz etiwge deyin jáne bir paǵana joqarıraq kóterildi. Usı jerde Aristotel` hám Farabiy keńirek alsaq áyyemgi Grek klassik filosofiyası hám islam aǵartıwshılıǵı dáwiri menen Tawhid filosofiyası arasındaǵı baylanıs haqqında bazı pikirlerge zárúrlik seziledi. Negi islam aǵartıwshılıǵı Homerdiń kórkem dóretiwshiligine yaki Esxil hám Sofokl tragediyalarına kemirek itibar berip, Platon hám Aristotel filosofiyasına ayrıqsha dıqqat qarattı? Dáslep musılman oyshılları grek kórkem ádebiyatınan xabardar bolmaǵanlar dese, biraq bul natuwrı bolıp shıqtı. Biziń názerimizde, máseleniń áhmiyeti basqashraq. Áyyemgi grek mádeniyatı mifologiyalıq oylaw basqıshında qáliplesken. Sol sebepten ol dáwir kórkem ádebiyatı da xalıqqa jaqsı málim bolǵan mifologiyalıq tımsallarǵa tayanıp jaratılǵan. Platon filosofiyasına deyin biz bul jaǵdaydı baqlaymız. Negizgi idealizm – bul Platon filosofiyası. Ondaǵı ideyalar álemi haqqındaǵı túsinik mifologiyalıq oylaw qabıǵında jáne bir dúnya qaras – bolmıstı filosofiyalıq analizi jaralıp kiyatırǵanınan derek beredi.

Farabiy hám ulıwma, X-XI  ásir musılman danıshpanların Aristotel` filosofiyalıq miyrasın jazǵan, yaǵnıy mifologiyalıq oylaw sap filosofiyalıq dúnyaqaras jeńip ótkenligi bolsa, ájep emes. Farabiy bul qaraslar sahıbı Birinshi muǵallim ataǵın aldı. Analiz etiwshiniń ózi bolsa Ekinshi muǵallim ataldı. Usı jerde jáne Nawayı jaratqan tımsallar yadqa túsedi. Sokrat Farhadtı mıń jıl kútkenin aytadı. Aristotel miyrası da túrk jigiti Abu Nasr Muhammedti 14 ásir kútti.

Farabiy tımsalında milliy oylawımız ulıwmainsaniy dárejege kóterildi, yaǵnıy Farabiy filosofiyası ózinen aldıngı ulıwmainsaniy logikalıq oylawdıń shoqqısı-Aristoteldiń bolmıstı túsiniw dárejesine jetisip, onnan ilgerlep ketti. Islam Tawhid filosofiyasınıń keyingi rawajlanıwı barlıq adamzattı tafakkur

rawajlanıwında jańa pillapayalardan joqarı alıp shıǵıp kete basladı. Abu Abdullah Xorazmiy, Abu Ali Ibn Sino, Abu Rayxan Beruniy sıyaqlı jerleslerimiz miyrası bul joqarılawdıń ayırım buwınların quraydı, dep biymálel aytıw múmkin.

Farabiyden baslap Ibn Sinoǵa deyin barlıq filosoflarımız belgili bilim iyesi edi. Beruniy ulıwma filosofiyalıq pikirler menen kemirek shuǵıllanıp, kóbirek túrli ilim tarawlarına áhmiyet bergen bolsa, Ibn Sino da anıq hám ámeliy bilimler tarawında, hám sap filosofiyalıq baqlawlarda joqarı shoqqılarǵa eristi.

Usı jerde Farabiy Ibn Sino filosofiyası arasındaǵı anıq kórinip turǵan parqtı aytıp ótiw territoriya ruwqıylıǵı rawajlanıwındaǵı ózgerislerge itibarımızdı tartıw múmkin. Farabiy X ásir birinshi yarımında jasadı. Onıń filosofiyalıq oylawına Tasawwif táliymatınıń ayrıqsha tásiri sezilmedi. Biraq Ibn Sino miyrasındaǵı «Hayy ibn Yakzon», «Solomon va Ibsol», «Qus risolası», «Ishq haqida risola» sıyaqlı qatar shıǵarmalarında Tasawwifke baylanıslı mashqalalar kóteriledi hám olarǵa filosofiyalıq juwaplar izlenedi.

Ilimiy ádebiyatlarda arab tili úrp bolǵanı ushın túrkiy ádebiyat kórkem dóretiwshiligine sociallıq hám filosofiyalıq kóz-qaraslardı alıp kire basladı. Ata-babalarımız óz miynetlerinde mámlekettiń túrli formaların kórsetip, onıń tiykarǵı wazıypası insanlardı baxıt saadatqa alıp barıwda dep analizledi. Bul tárepten XI ásir túrkiy sheriyatında belgili orınǵa iye Yusup Xas Hajibtiń «Qutadǵu bilig» sociallıq-filosofiyalıq dástanı (1069 jılda jazılǵan) ayırıqsha itibarǵa ılayıq. Onda mámleketti basqarıw, túrli sociallıq toparlardıń óz-ara qatnaslardı hám jámiyettegi dárejeleri tiykarında mufassal analiz hám juwmaqlar joqarı kórkem formada kórsetip berilgen.

## 3.2. Suwpıshılıq tariyxatınıń qáliplesiwi

Zahidlik (zuhd) bul – irfan emes, biraq tasawwif zahidlikten bólek te emes. Usı kóz-qarastan Uvays Karaniy (644 jıl qaytıs bolǵan) sıyaqlı belgili tulǵalar tasawwiten tısqarı emes, biraq negizi tasawwiftıń qáliplesiwin, biziń názerimizde, Xasan Basriy (642-728) xızmeti, yaǵnıy VIII ásirden, dep belgilengennen kóre, IX ásir ortalarınan, yaǵnıy Zunnun Misriy (796-859), Xoris Muxosibiy (791-857), Boyazid Bistomiy (875 jıl qaytıs bolǵan) dóretiwshiliginen baslaw orınlıraq bolsa kerek. Tasawwif tariyxı túwel bolmaǵansha hám málim bir sistemaǵa túsip qáliplespegenshe, aldıngı salaflar ornı da málim bolıw túsiniginen sırtta boladı. Ǵazzaliyge deyin tasawwif irfanı islam aǵartıwshılıǵı basqıshınıń úlken baǵdarlarınan biri sıpatında qáliplesip úlgeredi. Ǵazzaliy óz miynetlerinde Kalam, filosofiya, hám basqa baǵdarlardı ulıwma normaǵa keltirip. Payda etken juwmaǵı irfon paydasına edi. Máselen, onıń ıshq túrleri hám olardıń óz-ara baylanısı haqqındaǵı pikirlerdi alıp kóreyik.

Ishq hádiysesi áyyemnen adamzattı qızıqtırıp kelgen. Áyyemgi Indiya, Qıtay, Grek jalǵız adamzatqa tán bul ruwx, nápsi hám deneni bir nuqtada birlestiriwshi hádiyseniń analizine baǵıshlap jazılǵan talay shıǵarmalar bar. Islamda bul temaǵa baylanıslı Páklik biradarları jaratqan qomus quramındaǵı miynetten keyin jaratılǵın filosofiyalıq shıǵarma Ibn Sinonıń «Risola fil-l-ıshq» kitabı. Álbette, bul shıǵarmanıń jazılıwına Tasawwiftıń tásiri bar. Sebebi, Tasawwif irfonında jetekshi orın tutıwshı hádiyse ıshq bolıp esaplanadı. Biraq tábiyiy Ibn Sino filosof hám ámeliyatshı táwip bolǵanlıǵınan ıshqqa da bar haqıyqatlıktıń ilimiy izertlewshisi hám sap filosofı sıpatında qaraydı. Meditsinaǵa baylanıslı kitaplarında insandaǵı ıshq hádiysesin ruwqıy teń salmaqlıq buzılıwınıń bir túri sıpatında qaraǵan alım, ıshqqa filosofiyalıq kóz-qarastan qaraydı. Páklik biradarları hám Farabiydiń bul haqqındaǵı filosofiyalıq

baqlawları rawajlandırılıp, ıshqtı ruwqıy hádiyse mazmunı sıpatında izertleydi. Ibn Sino ıshqtı barlıq tábiyat elementlerine tán dep biledi hám insan ıshqındaǵı haywanıy hám ruwxanıy táreplerde ajıratıp kórsetedi. Alım pikirine kóre olardan qaysı biri jeńiwine qarap, insan ıshqı haywanıylıqtan ilahiy ıshqqa ulıǵlasıp baradı. Allah marifatına umtılıw ıshqtıń eń ullı dárejesi dep esaplaydı Ibn Sino. Biraq onıń shıǵarması tereń filosofiyalıq baqlawlar ruwxında jazılǵanlıǵınan ápiwayı xalıq ushın bir qansha abstrakt kóriniwi múmkin.

Ǵazzaliy teksti ózgeshe. «Ihyoi ulum-ad-din»niń tórtinshi bólimi «Munjiyot»da ayrıqsha «Ishq haqqında kitap» bolıp, onda bul insaniy tuyǵı kimge baǵdarlanǵanlıǵına kóre bólistirilip onıń bes túri sanaladı:

1. Insannıń óz-ózine muhabbatı.

2. Onın óz qáwenderleri, oǵan mehir-shápáát kórsetiwshilerge muhabbat.

3. Onıń ulıwma insanlarǵa jaqsılıq qılıwshılarǵa muhabbatı.

4. Insannıń barlıq ishki hám sırtqı gózzallıq iyelerine muhabbatı,

5. Áhmiyeti jaǵınan ózine usaǵan zatqa muhabbatı. Biraq bul barlıq muhabbat túrleri Ǵazzaliydiń keyingi logikalıq analizi nátiyjesinde insannıń pútkil bolmıs hám maqluqatlardıń jaratıwshısı hám xojası Alla bolǵan muhabbatında jalǵız joqarı tuyǵıǵa aylanadı. Alımnıń bul haqqındaǵı sıpat hám dáliylleri dál hám jarqın bolǵanlıǵınan túsinikli hám isenimli shıqqan, onıń tásir kúshi de sheksiz. Ǵazzaliy pikirleri salafları pikirinen bahra aladı, biraq onıń analizi hám usılı abstrakt filosofiyalıq analizlerden parqlı, turmısqa jaqınlastırılǵan.

Solay etip Ǵazzaliy oylaw tárizinde salaflar izinen barǵan halda, birinshiden, pikirlesiwlerdi ápiwayı insanlarǵa túsinerli tárizde bayan etiwge muwapıq boldı, ekinshiden, aǵartıwshılıqqa málim dárejede juwmaq jasap, bul basqısh alımları erisken jeńislerdi ulıwmalastırdı. Úshinshiden, tawhid áhmiyetin ańlap jetiw ushın aqıl hám logikanıń ózi jeterli qılmaslıǵın tán alıp, Tasawwif irfonı qádiriyatları qorǵawına ótti.

Tasawwif haqqında aytqanda, álbette, túrkiy Tasawwif haqqında toqtalıp ótiw lazım boladı. Alisher Nawayı óziniń «Nasoyim ul-mahabba min shamoyim

ul-futuvva» shıǵarmasında túrkiy Tasawwif shayxları haqqında keń maǵlıwmatlar bergen. Bul orında biz tek dúnya Tasawwif tarixatlarınan eń ullılarınıń negizi esaplanǵan Najmiddin Qubra, Ahmed Yassawiy hám Bahawiddin Naxshband xızmetlerine qısqasha toqtalıp ótemiz. Shıǵıstıń ullı irfonıy murshidlerinen biri, Qubraviya tariqatınıń tiykarshısı «shayxı valiytarosh» degen at penen belgili Najmiddin Qubra 1145 jılda Xorezmde tuwılǵan bolıp, 1221 jılı mangol basqınshıları qolında shahid bolǵan. Najmiddin Qubra hám orif, hám ashıq, hám shayır sıpatında belgili. Ol ruwbayılar «Favoih al-Jamol va favotih al-Jalol», «Al-usul al-ashara», «Risolat al-Xiof al-Xáim min laumon al láim», «Risolat odob uz-zokirin» sıyaqlı arab tilindegi shıǵarmalarınıń hámde suwfiyler ushın parsı tilinde jazılǵan qollanbanıń avtorı.

Ol óz Tasawwif mektebin jarattı. Kóplep muridler onıń tárbiyasında shayxlar mártebesine eristi. Najmiddin Qubra tiykar salǵan mektep bir qansha ǵárezsiz shaqapshalar payda bolıwına sebep boldı hám olar musılman Shıǵısında keń tarqaldı. Máselen, ullı Tasawwif shayırı Fariddin Attor, Jaloliddin Rumiydiń atası, Balx qalasınıń eń abıraylı ulaması Shayx Bahawiddin Valad, belgili Tasawwif ádibleri Azizuddin Nasafiy hám Najmiddin Doya sıyaqlı onlap islam áleminde dańq taratqan shaxslar qubraviya tarixatınıń wákilleri esaplanadı.

Túrkiy Tasawwiftıń jáne bir belgili wákili Xoja Axmed Yassawiy Sayramda Ibrahim ata shańaraǵında dúnyaǵa keledi. Onıń ólimi dáreklerde 1166 jıl dep kórsetilgen. Ol Buxarada Abduxoliq Ǵijduwaniy menen birgelikte Yusup Hamadonıy mektebinde bilim alǵan degen ráwiyat bar. Soń Túrkstanǵa qaytıp, ǵárezsiz Yassawiya tarixatına tiykar saldı hám óz táliymatı boyınsha muridler tárbiyalaydı.

Axmed Yassawiy islam ahkomlarınıń túrkiy xalıqlar arasında jayılıwına úlken úles qostı. Irfonıy ádebiyatta arnawlı «Hikmet» janrınıń jaratılıwı da onıń atı menen baylanıslı. Ol óz hikmetlerinde ıshq, páklik, hadallıq, ótirikten saqlanıw, basqanıń malına qıyanet etpeslik, tuwrılıq sıyaqlı kóp ǵana insanıy páziyletler haqqında ayttı. Ol túrkiy Tasawwif ádebiyatında ózine say mektepke

tiykar saldı. Túrkiy dúnyada bir suwfiy shayır joq, oǵan ermegen, onnan órnek almaǵan.

«Maqomoti xoja Bahawiddin Naqshband» kitabında sonday ráwiyat bar: «Bir kúni xojamızdıń sharif sáwbetlerinde Sultan ul-Orifin (yaǵnıy Boyazid Bastomiy) nıń «Bul jola júriwshi qansha júrmesin, sońǵı qádemi biziń birinshi qádemimiz ústinde boladı», degen sózleri naqıl qılınıptı. Xojamız ǵayrat júzesinen: «Birinshi qádem Boyazidtiń aqırǵı qádemi ústinde bolmaǵan adamǵa Haq subhanahudiń sáwbeti háram bolsın» degen edi. Hám olar: «Biz intihonı ibtidoda tugallaymiz», der edi.

Bul naqılda bir haqıyqat kórinedi: Tasawwif irfonınıń jetilisiwinde Bayazid Bastomiy jol basında, Bahawiddin Naxshband (1318-1383) bolsa jol aqırnda turıptılar. Bayazid Bastomiydiń aqırǵı qádemi, naqshbandiya suluki (muridtiń ruwqıy, ádep-ikramlıqqa erisiw jolı) ushun birinshi qádem bolıwı parız, sebebi rawajlanıw sonı talap etedi.

Haqıyqatında, IX ásirden sanalı ráwishte rawajlana baslaǵan Tasawwif irfonı XII-XII ásirlerde óziniń joqarı basqıshına kóterilip, naqshbandiya tarixatında anıq juwmaqlandı. Sol sebepli keyingi ásirlerdiń eń keń tarqalǵan tariqatı naqshbandiya boldı. Naqshbandiya jolı aytıp ótkenimizdey, Bahawiddin Naqshband háziretlerinen ádewir ilgeri Yusup Xamadonıy hám Abduhalıq Ǵijdiwaniylar tárepinen «Xojagon» suluki sıpatında tiykar alǵan bolıp, onıń belgili on bir qaǵıydasınan segizi usı XII ásirde-aq qálipleskeni málim.

Naqshbandtıń eń belgili ibarası «Dil ba yoru dast ba kor» (Qálib yar menen, qol is penen bánt bolsın) bolsa endi Tasawwif irfonı óz tiykarǵı maqsetine eriskenligin, yaǵnıy Haqıyqat asrori qewillerden orın alǵanlıǵı hám bul jaǵı ámeliy háreket birinshi orınǵa shıǵa baslaǵanın bildirer edi. Endi suwfiydiń «Analhaq», yaǵnıy men Haqıyqattı taptım, men Haq asrorın ańlap jetiwge eristim, dep tań qalıwı aqırǵı qádem emes, birinshi qádem bolıp qalǵan edi. Bahawiddin naqıl etedi: «Talab ayyomlarida Mansur Xalloj sıpatı eki márte mende tuǵyan urdı, Bir dar bar edi, eki márte ózimdi dar astına jetkizdim hám dedim: «Ornıń mine sol dar dedim! Táńri inayatı menen bul mártebeden ótip

kete aldım». Házireti Azizon (Xoja Ali Rometaniy ólimi 1321 jıl) aytqan edi: «Eger jer júzinde Xoja Abdulholiq Ǵijdiwaniy kaddasallohu sirrahu-l-azazdiń perzentlerinen bir adam bolǵanında edi, Mansur hárgiz darǵa asılmas edi».

### 3.3. Islam ilahiyatı

Imam Abu Xamid al` Ǵazzaliy Irannıń Túsi qalasında 1059 jılı tuwılǵan. Ol dáslep Nishapurdaǵı sheixlarda oqıwdı baslaǵan. Keyin oqıwın Bagdadta, Damaske, Izrailde, Mekkede Egipette dawam etken, soń keyin úlken ilimpaz bolıp Túsi qalasına qaytıp kelgen.

Al` Ǵazzaliy miynetleri onıń hár ellerdegi kóp sanlı shákirtleriniń isleri arqalı úlken húrmetke bólengen. Onıń eń áhmiyetli miynetleri «Diniy ilimlerdi tiriltiw», «Imam al` Shafiydiń Fikx qaǵıydaların túsindiriw», «Qurannıń qáwmeti», «Adam isleriniń tárezisi» «Faylasuflardı biykarlaw», «Saodat ximiyasi» h.t.b. Ol 1111 jılı dúnyadan ótken.

Ol óziniń miynetlerinde islam ilahiyatınıń ilimiy sistemasin islep shıqqan hám onı filosofiyaliq jaqtan dálillegen. Ol dúnya zańların aqıl arqalı biliw múmkinshiligin moyınlaǵan. Allataalanı aqıl arqalı tolıq ańlaw múmkin emes, onı ayrıqsha ruwxıy, jismaniy, psixofizik, háreketler xám sıyınıw, ibadatlar arqalı ańlaw múmkin dep esaplaǵan.

Onıń zamanlasları belgili ulamalar «Eger Allataala dúnyaǵa Muxammed payǵambarımızdan keyin, bir payǵambar jiberetuǵın bolǵanda. Abu Xamid al` Ǵazzaliydi jiberer edi» dep joqarı bahalaǵan.

Al` Ǵazzalliydiń miynetin joqarı bahalaǵan allamalar bılay deydi: «Adamlardı nadanlıq qarańǵısınan, bilim jaqtısına, hám olardı sueverieden, nadurıs túsiniklerden shıǵarıw isinde júdá áhmiyetli rol` atqaradı. Ol jarıqtıń dáregine uqsaydı, eger onıń nurınan heshkim paydalanbasa, onıń jasawınıń ózide kereksiz. Bilimpazdıń iyelegen bilimi, onıń xalkına tásir etpegen bolsa, ol ele bilimpaz emes. Sebebi ol ózi ushın ǵana juwapker emes, onı qorshaǵanlar hám ózinen qáwmi aldında juwapker. Onıń wazıypasına Allanıń elshisiniń islegenindey adamlardı úyretiw hám wasiyatlaw kiredi». Ol neshshe jıllar dawamında kóp sanlı islamnıń oqıwshıların isenimli tayanıshın tabıw úmitinde universal kitaptı izlegen. Nátiyjede dindarlardıń jaqtılanıwında «Diniy ilimlerdi tiriltiw» degen Ǵazzaliydiń kitabınan paydalanıw hámmesinde jaqsıraq degen juwmaqqa kelgen.

Onıń miynetinde bilimdi iyelewdiń qádiri hám jolları, isenimniń lázzeti, etikası mánisi, sawda hám kelisim, nekege kiriw ham taǵı basqa máseleler, payǵambarımızdıń ádep-ikramlılıq sapası hámmege eń joqarı úlgi ekenligi hám onıńǵ sıyınıwı hám adamlardıń óz-ara qatnasınıń úlgi ekenligin kórsetedi. Sonıń menen haqıyqatshılıqtı, sózde turıw uqıbında, shınshıl, tózimlik, minnedarlıq hám basqa áhmiyetli ádep-ikramlılıq sanalıqlardı jetilistiriw hám tárbiyalaw haqkında aytıladı. Sonıń menen birge adamlar arasında iygilikli islerdi jetilistiriwge talpınıwǵa siltew metodları, yaǵnıy oǵan jetilistiriwde olardıń óz-ara qatnasların bildiretuǵın illetlerdi emlew usılların beredi.

Onıń miyneti dindarlarǵa Allanıń barlıǵı haqqında talpınıwı hám hár tárepleme oylanıwına úlken tásir etedi. Ózine óziniń isleri haqkında esap berip, otırıwına taǵıda ólim haqkında oylawdı oyatadı.

Bundaǵı kóp sanlı júdá bahalı wasiyatnamalardıń bir qanshasına kewil awdarayıq.

Bilim haqqında sóz baslaǵanda Alla taalanıń mınaday sózinen keltiredi «Aytshı: Bilimliler hám bilmeytuǵınlar bir biri menen teńbe» «Alladan, onıń qullarınıń ishindegi bilimliler ǵana qorqadı». «Shınında da bilimli payǵambarlardıń miyrasxorları bolıp esaplanadı, Payǵambar miyraslıqqa ya dinardı, ya dirxamdi qaldırmadı, al olar miyrasqa tek bilimdi qaldıradı».

Al payǵambarlardıń abrayı júdá joqarı onday adamlardıń miyrasxorı bolıwdan artıq húrmetli hesh ńárse joq» dep bilimlilerdi húrmetleydi.

Bull máselede oqıtıwshı hám oqıwshı haqqında júdá ájayıp pikirleri berilgen. Oqıwshı eń dáslep kereksiz hám jeksurın ádep-ikramlılıqtıń issinen ruwxın tazalawı kerek, onnan keyin ózin bilim alıwdan irketuǵın barlıq baylanıslardı úziwi kerek.

Al muǵállim bolsa óziniń oqıwshısına jenkúyerlik islewi, oǵaan ózinin balalarınday qatnasları kerek. Onıń qosımsha oqıtqanına ayrıqsha tólem talap etpewi, nayradaǵa yamasa raxmetnamaǵa urınbawı, lekin olardı quday ushın oqıta otıra oqıwshılarǵa bosańlıq etpewi kerek.

Muǵállim oqıwshıǵa ózinen qolınan kelgen barlıq keńeslerin beriwi kerek. Ádep – ikramlılıq islerdi bar kúshin jumsawı kerek. Onda namektiń tiydirip qoyıw járdeminde, al jeksurın járdeminde tárbiyaǵa qaraw emes. Sebebi jazalaw adamnıń qádirin tómenletedi deydi.

Kitapta «Alladan basqa quday joq» degen sózdiń eń áhmiyetli hám kiyeli sóz ekenligi kórsetilgen. Abu Xurayra atlı saxabanıń Payǵambarımızdıń atınan aytılǵan mınaday sózi keltirilgen: Kimde-kim «Bir Alladan basqa Quday joq». Onıń joldası joq. Oǵan húkimdarlıq tiyisli. Onıń menen maqtanaman, ol hámme islerdiń iyesi» degen sózdi bir kúnde júz ret aytsa, ol adam on quldı azat etkenindey sıylanadı, oǵan júz qayırlı is islegeni jazıladı, onıń júz jaman isleri óshiriledi deydi.

Awqatlanıw, qonaqqa shaqırıw hám olardı qabıl etiw haqkında sózsiz uslaytuǵın qaǵıydalar, miyman qabıl etiwdiń, mirát etiwdiń h.t.b. musılmanshılıq qaǵıydaları kórsetilgen. Onda bay demeydi adamlardı ózine shaqırıw olardıń aldında maqtaw ushın emes al óziniń jaqınlıǵı hám onı jaqınlatıw, olardıń júregin shadlandırıw úydiń iyesi onıń mirátin qabıl etiwi qıyın ekenligin bilgen adamǵa mirát etiwge bolmaydı. Onıń ústine sol adamdı shaqırıw kerek haqıyqatında da onı kórgisi keledi.

Mirátke juwap. Onı sózsiz mirátin qabıl etiwi kerek. Geypara jaǵdayda hátteki minnetli. Olardıń qaǵıydalarıda kórsetilgen.

Nekege qatnasta kitapta Neke bes maqsetti sheshiwge qaratılǵan: balalı bolıw, tilegin qanaatlandırıw, úy xojalıǵınıń Jumısların alıp barıwdan qutılıw, kóp tuwısqanlarǵa iye bolıw, ózińniń hayalıńdı támiynlew ushın kúshli háreket etiw dep kórsetedi

Hayallardıń qanday sapasın esapqa alıw kerek degen sorawǵa: birinshiden dini-diyanatı bolıwı tiyis. Bul máselede pákizelikti moyınlamaǵan hayal, óziniń eriniń qádirin ketiredi. Ekinshiden ol ádep-ikramlı bolıwı kerek. Eger hayal ádepsiz bolsa, tilin tıymasa, onnan ziyan kóp boladı.

Úshinshiden onıń sulıwlıǵıda kerek. Sebebi sulıw hayalı bar erkek basqa halyalarǵa qaray bermeydi. Tórtishiden nekege beriletuǵın sıylıq kóp bolmasın,

kúyewden júdá kóp nárseni talap etiw qadaǵan etiledi. Besinshiden hayal bala tuwıw múmkinshiligine iye bolıwı kerek. Altınshıdan múmkin bolǵansha qalıńlıqtıń etegi ashılmaǵan bolıwı kerek. Jetinshiden hayal kóregenli úyden shıǵıwı dárkar. (190-193 betler).

Sonday – aq úylengen erkektiń wazıypası birinshi toy jasaw. Onı ashıq túrde ótkeriw, ekinshi hayallarǵa júdá, jaqsı qatnas qılıw, olardı ayaw, olardıń jaǵımlılıǵı bolsa tózimlilik islew, úshinshisi óziniń hayalı menen oynasa hám házillesse kóbirek shıdamlı bolıwı tiyis. Sebebi ol hayaldıń júregine jaǵadı. Tórtinshi hayallar tilegen qıla beriwge hám házilge úyretiwge bolmaydı. Hámme nársege úyrete beriw hayaldıń xarakterin buzadı. Ol óziniń erine húrmeti tolıq joǵaltadı. Besinshiden qızǵanıshqa baylanıslı asa ketpew kerek. Altınshıdan rasxodtı ortasha, pákize bóliw. Jetishiden úylengen adam shariattıń barlıq kórsetpelerin biliwi kerek. Segizinshi bir neshshe hayalı bir adam ádalatlı bolıp bir-birinen artıq kórmewi tiyis. Toǵızınshıdan eger tıńlay bermese tárbiyalaw kerek. Onınshıdan hayal menen intim máselesi, on birinshi, on ekinshi qaǵıydalardı balanıń tuwılıwına baylanıslı hám ajırasıwǵa baylanıslı wásiyatlar beredi.

Onıń mınaday mısalına itibar bersek Asma degen saxaba qızın uzatıp atırıp bılay depti «Sen óziń ósken uyańnı taslap baratırsań, ózin kórmegen tósekte bolasań. Zayıbıń menen qatnasta, sen oǵan jer bolsań ol saǵan aspan boladı, sen oǵan tósek bolsań ol saǵan tayanısh boladı, sen oǵan qul bolsań ol saǵan baǵınıshlı boladı. Oǵan dápinbe, onda ol seni jek kóredi. Onnan alıslama, onda ol seni umıta baslaydı. Eger ol saǵan jaqınlassa, sende jaqınlas, eger ol alıslassa sende alıslas. Onıń iyis sezimin, esitiwin hám kózin saqla, ol sennen tek jaǵımlı iyisti sezsin, sennen tek jaqsı sózler esitsin, seni tek sulıw túrińde kórsin dep aqıl bergeni qanday ájayıp.

Óziniń turmısı ushın qalay payda tabıw kerek degen máselede Payǵambarımızǵa qaysı tabıs eń jaqsı tabıs dep soraǵanda, ol «Adamnıń óziniń miyneti menen hám hárbir hadal sawda menen» dep juwap bergen.

Payǵambarımızdıń Vasilya bin Asad atlı sahabası bazarda, bir adamnıń ekinshi adamǵa túye satıp atırǵanın kóripti. Ol úsh júz dirxamǵa satqan túyeniń kemshiligin bayqap, satıp alǵan adamnıń izinen juwırıp «Háy sen túyeni gósh ushın satıp aldıńba yamasa miniwgeme? dep sorasa, ol miniwge aldım degende Vasilya oǵan, men ol túyeniń bashpayında tesik kórdim. Ol uzaqqa júre almaydı depti. Ol adam izine qaytıp júz dirxamın qaytarıp alıptı. Satıwshı: Vasilyaǵa «sen menin sawdamdı buzdıń» dep ókpelegende, Ol biz payǵambar aldında hárbir musılmanǵa qatnasta xadallıqtı uáde etkenbiz. Payǵambarımız tauardıń kemshiligin kórsetpiy satıw gúná, Kim onı kórip turıp aytpawıda gúná degen sózin onıń esine salıp húrmetke iye bolǵan eken. (212-213-betler). Sonıń menen birge aldawdıń, ótiriktiń, jırıp jewdiń kasapatları haqqında uasiyatlar keltirilgen.

Payǵambarımızdan adamlardı hámmesinen burın qaysı qásiyet beyishge aparadı dep soraǵanda «Qudaydıń qorqıwshı, hám ádepli ikramlı adam» degen eken. Ol taǵıda: Ullı hám qúdretli Alla shın mánisinde «Meniń súyiwime Meniń ushın birin-biri súyiwshi adamlar ılayıq. Meniń súyiwime Men ushın biri-biri menen jarasıwshı adamlar ılayıq, Meniń súyiwime, Men ushın biri-birine barıp-kelip turǵan adamlar ılayıq, Meniń súyiwime Men ushın biri-birine járdemlesken adamlar ılayıq» (241 b) depti.

Sonday-aq bunda doslıq hám tatıwlıq haqqında kóp uasiyatlar berilgen. Hásireti Aliden Hadal dos kim dep soraǵanda: Ol Hadal dos sol, kim «seniń menen birge boladı, saǵan payda keltiriw ushın ózi zıyanda qaladı hám qıyın uaziyatlarda ózinikin shashıp, senikin jıynawǵa urınadı. (247 b). Onnan keyin kitapta «Eger jaqsı jasawdı qáleseń dostıńdıda sonday-aq dushpanıńdıda xosh-kewillilik penen qabıl et, ózińniń qádirińdi bil, biraq joqarıdan qarama, tıńlaǵan bol hám ápiwayılıq kórset, biraq ózińdi kem sanama, barlıq isińde ózińdi ortasha usla, sebebi eki shettegide jek kóriwge turarlıq degen juwmaq beredi.

Allanıń elshisi bılay degen. Hár bir musılman basqa musılmanǵa altı zattı islewi tiyis. Eger ushırassań oǵan sálem ber, eger saǵan mirat etse onı qábıl et, eger ol sennen keńes sorasa, oǵan keńes ber, eger ol túshkirse hám Allaǵa shúkir qılsa oǵan jaqsılıq tile, eger ol awırsa onıń kewlin sora, eger ol ólse

onı sońǵı jolǵa shıǵarıp sal» dep kórsetken. Sonday-aq musılman adamǵa óziniń tuwısqanı menen jánjelesse úsh kúnnen artıq qatnaspawǵa bolmaydı. Olar biri – biri menen ushırasqanda kim birinshi sálem berse ol olardıń eń jaqsısı dep kórsetken.

Ibrayım Yusupov eki júzlilik haqqında «Awel-axır haslı buzıq kimseler Hajıǵa barǵan menen musılman bolmas» degeni, eki júzli adam haqqında Payǵambarımızdıń: «Eki júzliniń úsh belgisi boladı. Meyli, eger ol oraza tutsada, namaz oqısada, musılmanman dep tazalansada bir nárseni aytsa ol jalǵan aytadı, bir nársege uáde berse onı buzadı, oǵan isenseń ol seni satadı». (272b) dep aytqanına tuwra keledi.

Islamda adamlardıń izinen tıń-tıńlaw qadaǵan etilgen. Bir xalif túnde qalanı aralap júrip qosıq aytıp otırǵan dawıstı esitip diywalǵa asılıp qarasa bir adam hayallar arasında vino iship otırǵan eken. Xalif «O Allanıń dushpanı, qashanǵa deyin Alla seniń gúnalarıńdı jasıra beredi dep oyladıń» degende ol adam «O, húkimdar, asıqpa, eger men bir máselede Allaǵa boysınbasam, sen onı birden úsh máselede tıńlamadıń. Hámmeden ullı Alla: ańlıma dedi, Siz ańlıdıńız, Alla úydiń artınan kirmeńiz dedi. Siz meniń úyimniń diywalına asıldıńız, Allataala kim musılman bolsa, basqa birewdiń úyine turǵınnan ruxsatsız, sálem bermey kirmesin dedi. Al Siz meniń úyime sorawsız, sálemsiz kirdińiz». Ol sózlerdi esitip Xalif: Eger men seni ózińdi jaqsı tártipte tut dep sorasam aytqanımdı qılasańba degende Awa, eger Siz keshirseńiz Allanıń atı menen ant ishemen bundaydı endi hesh waqıtta islemeymen» depti. (247b) Qarańız qanday dárejede diniy kórsetpeler ullı hám ádalatlı hátteki patshaǵada tálim bolǵan.

Musılmanlardıń qońsıǵa qatnaslardaǵı qońsınıń huqıqı haqqında bılay delingen: Sen oǵan birinshi sálem ber, onıń jaǵdayları haqqında júdá kóp sorawlar bereberme, awırsa kewlin sora, lazımda onı jubat, qıyınshılıǵın birge bólis, quwanıshlı awhalda qutlıqla, oǵan onıń menen birge quwanıshın bólisip atırǵanıńdı kórset, onıń qátesin keshir úyińniń tóbesinen onıń sharbaǵına basqalardıń kóriwge bolmaytuǵınlarına qarama, onıń úyine barar jolǵa kesent etpe, onıń uyine ne ákelip atırǵanında kórme, onıń qandayda bir kemshiligi

bolsa jasır, ózi bolmaǵan waqtında onıń úyine karap tur, basqalardıń ol haqkında jaman sózin qaytarıp tasla, onıń januyasındaǵı halyalarǵa xızmetshilerine kózińdi salma, onıń balaları menen alpayım bol (289 b).

Payǵambarımızdıń ádep-ikramlılıq páziyleti tuwralı» degen bapta Alla taalanıń Quran arqalı onı qalay tárbiyalaǵanı, onıń ádep-ikramlılıq ayrıqshaları. Onıń qalay sóyleskeni, quliskeni, qalay awqatlanlıǵı, qalay kiyingenligi, onıń saqıylıǵı, mehribanlıǵı, onıń qaharmanlılıǵı, onın qúdireti, onıń keshirgishligi hám taǵı basqada ullı qásiyetleri kórsetilgen.

Áskeriy júrislerdiń birinde bir kápir musılmanlar arasına kirip ketip qılıshın shıǵarıp Payǵambarımızdıń basına góshshelep onnan «Seni mennen házir kim qorǵaydı» dep soraǵanda Ol «Eń qúdiretli hám ullı Alla» degende qılısh kápirdiń qolınan túsip ketken eken. Payǵmabarımız ol qılıshtı alıp óz retinde «Endi seni, mennen kim qorǵaydı» degende ol keshirim soraptı Payǵambarımız sonda «Sen Alladan basqa quday joq ekenligine guwalıq bereseńbe» degende, ol «Yaq men tek saǵan qarsı urıspawǵa wáde beremen, saǵan qarsı urısıp atırǵanlarǵada qosılmayman» desede Payǵambaramız onı jiberipti. Ol adam joldaslarına barıp, «Men adamlar arasındaǵı eń jaqsı adamnan keldim» degen eken. Payǵambarımız bárqulla adamdı ólimge buyırıwdı ózine rawa kórmegen (334-335b).

Sonday-aq kitapta júrektiń kemshiligin emlew hám ádep-ikramlılıqtı jetilistiriw, ózińdi tárbiyalaw, satqınlıqtı qaralaw baylıqtı jaqtırmaw, menmenliktiń mánisi onnan qutılıw jolları, sabırlılıq hám alǵıslıq qatnaslar, óz janıńnan esap alıw, oy júgirtiwshilik, ólimdi oylaw, jánnetti táriplew, ondaǵı házliktiń hár qıylı túrleriń haqqında jazılǵan.

Ulıwma alǵanda bul júdá aqıllı wásiyatlardı oqıp, Ne ushın musılman jámáási kóbeyip baratır, Ne ushın basqa dindegilerde óz dinin qoyıp Islam dinine kirip atır? degen sorawlardıń anıq juwabın tabasız hám bul dinniń júdá qayırlı, ádil hám jaǵımlı din ekenine kámil bolasız.

Bul kitaptıń Qaraqalpaqstandaǵı musılmanlar arasına taralıwı hám onnan olardıń tásir alıwı, musılmanshılıqtıń kóp sırların hám qırların úyreniwne

ómirdiń qospalı hám qıyın máselelerine juwap tabıwına, joqarı ádep–ikramlılıqqa tárbiyalanıwına járdem beriwi sózsiz. Sonlıqtan bul kitaptı qaraqalpaq tiline tárjimalaw júdá maqul bolar edi dep oylaymız. Onıń ushın bul 720 betten, 60 baspa tabaqtan artıq kitaptı baspadan shıǵarıwǵa aytarlıqtay qárejet kerek ekenligi turǵan gáp. Bul maqalanı oqıp, kitaptı basıp shıǵarıwǵa járdem beriwge  qáwenderlik etkenler úlken sawaplı hám qayırlı isti atqarǵan bolar edi. Olardıń isimleride kitapta turar edi. Ulıwma bul kitaptı qaraqalpaq tilinde shıǵarıw Allanıń hám xalıqtıń raxmetine miyassar bolıw dep esaplasa turarlıq.

## Juwmaq

Búgingi Ózbekstan Respublikası huqıqıy demokratiyalıq mámleket hám puxaralıq jámiyet qurılıwı sharayatında milliy ruwqıylıǵımızdıń jáhán civilizatsiyasındaǵı ornın tiklew hám búgingi kúnde ruwqıylıq, máripat, ilim, texnika, texnologiya tabıslarin tereń ózlestiriw tiykarında házirgi zaman ulıwma dúnyalıq ruwqıylıq sistemasın rawajlandırıwǵa úles qosıw;

- jaslar ruwqıylıǵın milliy ǵárezsizlik ideyası menen bayıtıp barıw, olardıń sanasında ideologiyalıq immunitetti kúsheytiw;

-insaniyattıń ásirler dawamında jaratqan ulıwma dúnyalıq múlkine aylanǵan bárshe baylıqların Ózbekstannıń milliy ruwqıy qúdiretiniń ajıralmas bólegine aylandırıw hám ǵárezsizligimizdi hár tárepleme bekkemlewge baǵdarlaw.

Ata-babalarımızdan qalǵan miyraslar milletimizdiń tek ǵana ótmishi emes sonıń menen birge keleshegi ushın da, pidayılıq tiykarı hám ilhamlandırıwshı kúsh deregi bolıp esaplanadı.

Ózbekstan xalqı 130 jılǵa shekem kolonıal siyasat tásiri astında jasadı. Bul dáwir dawaminda milliy-ruwqıy miyraslarimizdı joq etiwge, tariyxın umıttırıwǵa qaratılǵan siyasat xalqımız tariyxında óziniń unamsız qayǵılı izlerin qaldırdı. Kolonıal siyasat tásirinde kún keshirgen xalqımız óz tariyxiy miyrasların úyreniw imkaniyatlarınan ayırıldı hám qatań qadaǵalaw astına alındı.

Máselen Imam al-Buxariy, Xoja Ahmed Yassawiy, Imam ál-Beruniy, Najmiddin Qubra, Abu Mansur Matrudiy, ál-Marǵulonıy, Ǵazaliy, Naqshband sıyaqlı alımlarımızdıń qaldırǵan bay ruwqıy miyrasın úyreniw qılmıs sanalar edi.

Islam mánawiyatınıń qırları tereń. Sanap ótkenimiz ilimiylik hám jazba mádeniyatqa, tayanıw, tariyxıy izbe-izlik hám tawxid usılar qatarınan. Quranı kárim ayatlarında insannıń jer júzinde xalifa ekenliginiń bir neshe qayta aytılıwı islam mánawiyatınıń eń ullı qádiriyatlarınan.

Allanıń barlıq kitaplarında aytılǵan, ata-babalarımız ásirler dawamında ańlap jetken hám iyman keltirgen Tawhid haqıyqatınıń áhmiyeti sonda, jalǵız Alla iradası menen biz kórip turǵan Bolmıstıń hár bir tıǵız bólegi ózgeleri menen baylanıslı óz-ara baylanısta. Sol sebepten Bolmıstaǵı hár bir bólek ózgeriwi barlıq Bolmıstı ózgertiredi, hár bir bólektegi ózgeris bolsa, óz náwbetinde, pútkil bolmıstaǵı ózgeristen kelip shıǵadı. Bul ulıwma dwńyalıq nızamlıq jer júzinde xalifa etip jaratılǵan Insan zatınıń ayrıqsha múmkinshiligi-onıń erki, oǵan sanalı hám ıqtıyarlı háreket qılıw imkanı berilgen. Sonıń menen birge Jer júzinde xalifalıq ta úlken múmkinshilik, hám úlken juwapkershilik – sanalı hám húr zat sıpatında Insan hár bir qádemi ushın barlıq Bolmıs aldında juwapker, hár bir háreketine Alla aldında juwap beredi, tawhid haqıyqatınıń jáne bir sırın aytıw kerek. Bolmıstıń jekeligi sonı kórsetedi, ondaǵı eń alǵashqı mákanda jıljıw háreketinen eń joqarı mrifiy jollarǵa deyin negizinde bir waqıttıń ózinde bar.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYaTLAR DIZIMI:

**Prezident miynetleri:**

1. Mirziyoev Sh. «Erkin hám abadan, demokratiyalıq Ózbekistan mámleketin márt hám ullı xalıqımız benen birge quramız» Erkin Qaraqalpaqstan 17-dekabr` 2016-j.

2. Mirziyoev Sh. «Milletlerara doslıq hám awızbirshilik xalıqtıń tınıshlıǵınıń hám abadanlıǵınıń áhmiyetli faktorı» Erkin Qaraqalpaqstan 26-yanvar` 2017-j.

3. Mirziyoev Sh.M. “Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz”. –T.: Ózbekiston Ózbekiston, 2017.

4. Mirziyoev Sh.M. “Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini táminlash yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi”. –T.: Ózbekiston, 2017.

5. Mirziyoev Sh.M. “Erkin va farovon, demokratik Ózbekiston davlatini mard va oliyjanob xalqimiz bilan barpo etamiz”. –T.: Ózbekiston, 2017.

6. Mirziyoev Sh.M. “Tanqidiy tahlil, qatiy tartib intizom va shaxsiy javobgarlik har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bólishi kerak”. –T.: Ózbekiston, 2017.

7. 2017-2021 yillarda Ózbekiston Respublikasini rivojlantirishning (beshta ustuvor yónalishi buyicha Harakatlar strategiyasini “Xalk bilan mulokot va inson manfaatlari yili”da amalga oshirishga oid Davlat dasturini órganish bóyicha ilmiy uslubiy risola. –T.: Mánaviyat, 2017.

8. “Ózbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish bóyicha Harakatlar strategiyasi tóǵrisida”gi Ózbekiston Respublikasi Prezidenti Farmoni. 2017 yil 7 fevral. PQ – 4947.

9. I.A. Karimov «Joqarı mánawiyat – jeńilmes kúsh». – Toshkent: “Mánaviyat”, 2008.

10. I.A. Karimov «Istiqlol va mánaviyat». – Toshkent: Ózbekiston 1994.

11. I.A. Karimov «Alla qálbimizde, júregimizde». Tashkent. 1999j

12. I.A.Karimov Ózbekstan XXI ásr bosaǵasında qáwipsizlikke qáwipler, turaqlılıq shártleri hám rawajlanıw kepilllikleri. Tashkent. «Ózbekstan», 1997

13. I.A. Karimov «Óz keleshegimizdi óz qolımız benen qurıp atırmız» Nókis. «Qaraqalpaqstan» 1999

14. I.A. Karimov «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishochdir». Toshkent. «Ózbekiston » 2000.

15 I.A. Karimov «Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir» – Toshkent, Ózbekiston, 1995.

16. Karimov I.A. Ózbekiston buyuk kelajak sari. // Ózbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish ywlida. -T.: Ózbekiston, 1998.

17. Karimov I.A. Din odamzotni hech qachon yomon ywlga boshlamaydi. «Islom ziyosi wzbegim siymosida» kitobidan. TIU nashriyoti. T:. 2005

18. Karimov I.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yólidan. – T.: Ózbekiston, 1998.

19. Karimov I.A. Ózbekiston XXI asrga intilmoqda. – T.: Ózbekiston, 1999.

20. Karimov I.A. Hushyorlikka dávat. Ózbekiston Milliy axborot agentligi muxbirining savollariga javoblari. – T.: Ózbekiston, 1999.

21. Karimov I.A. Mamlakatimizni modernizatsiya qilish va fuqorolik jamiyat barpo etish – ustuvor maqsadimizdir. – T.: Ózbekiston, 2010.

22. Karimov I.A. Mámleketimizde demokratik islohatlarni yanada chuqurlashtirish va fuqoralik jamiyatni rivojlantirish kontseptsiyasi. // «Xalq swzi», 2010 yil 13 noyabr (№ 220).

**Normativ-huqıqıy hújjetler:**

1. Ózbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. – T.: Óqituvchi, 2012.

2. Inson huquqlari umumjahon Deklaratsiyasi. 19-modda. // Huquqni muxofaza qilish organlariga oid xalqaro hujjatlar: twplam. – Toshkent: Adolat, 2004.

3. Fuqarolik va siyosiy huquqlar twǵrisidagi xalqaro Pakt. 19-modda. // Huquqni muhofaza qilish organlariga oid xalqaro hujjatlar: twplam. – Toshkent: Adolat, 2004. – B. 28; Bola huquqlari twǵrisida Konventsiya. 14-modda. – Toshkent: Inson huquqlari bwyicha Ózbekiston Respublikasi Milliy markazi bosmaxonasi, 2003.

4. Vijdon erkinligi va diniy tashkilotlar twǵrisida (yangi tahriri). ÓzbekistonRespublikasining Qonuni.– Toshkent: Adolat, 1998.

**Kitaplar, monografiya hám oqıw qollanbaları:**

1. Komilov N. Tasavvuf. -T.: «Movarounnahr»-«Ózbekiston». 2009y.

2. A. Abdurahmonov «Saodatga eltuvchi bilim» – Toshkent: Movarounnahr, 2001.

3. «Ruwxıylıq tiykarları». Oqıw qollanba.N.«Qaraqalpaqstan» 2009j.

4. Bazarbaev J. , Dawletova Q. Ádeptanıw. -Nókis, 1994

5. Bazarbaev J. Ruwxıylıǵımız máseleleri. -Nókis, NMPI 2000;

6. Bazarbaev J. Ádep filosofiyası. -Nókis, 2010

7. Mustaqillik (izohli ilmiy-ommabop luǵat). –T.: Sharq, 2000.

8. Najmiddin Komilov. «Tasavvuf yoki komil inson axloqi» – T.: 1999.

9. X. Karamatov «Qur`on va wzbek adabiyoti» – Toshkent: Fan, 1993.

10. U. T. Jwraev, Y.S. Saidjonov «Dunyo dinlari tarixi» – Toshkent: Sharq, 1998.

11. Mánaviyat yulduzlari. – Toshkent: Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 1999.

12. Sultonmurod Olim. Buyuk Naqshbandiya. Kecha, bugun, ertaga. – “Fan va turmush” jurnali, 1993. – № 5-6, 14-15-b.

13. Komilov N. Tasavvuf taraqqiyotidagi yangi ywnalish. Shayx Najmiddin Kubro. – T.: 1995.

14. Tulenov J., Ǵofurov Z. Falsafa. – Toshkent: Wqituvchi, 1997.

15. Falsafa asoslari. – Toshkent: Ózbekiston, 2005.

16. Buyuk siymolar, allomalar (1-kitob). – Toshkent: 1996.

17. Dwstqoraev B. Yassaviy kim edi? – Toshkent: Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 1993.

18. Xoja Ahmad Yassaviy. Devoni hikmat. – T.: Movarounnahr, 2006.

19. Ne`mat Jabbarov. Xoja Ahmad Yassaviy – tasavvuf osmonining porloq quyoshi. – Toshkent: 1994.

20. Tulenov J. Qadriyatlar falsafasi. – Toshkent: Ózbekiston, 1998.

21. Karimov Sh., Shamsutdinov R. Vatan tarixi. – T.: Wqituvchi, 1997.

22. Ózbekistonda ijtimoiy-falsafiy fikrlar tarixidan lavhalar.T., «Ózbekiston»

23. Uvatov U. Mahmud Az-Zamaxshariy.-T.: Abdulla Qodiriy atındaǵı baspası , 1995.

24. M. Zamaxshariy. Nozik iboralar.T;. Kamalak.1992.

25. Muhaddislar sultani. Metodik-bibliografik qwllanma. -T.: Alisher Navoiy nomidagi Ózbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti. 2006 y.

26. Inson kwrki odob. TIU. T.: 2004 yil.

27. Islom. Entsiklopediya. T.: "Ózbekiston milliy entsiklopediyasi". 2004y.

28. Imam Ismayl al-Buxariy. Al-adab al-mufrad (Adab durdonalari). «Ózbekiston» T. 1990y.

29. Ózbekiston Respublikasi (entsiklopediya). – Toshkent: Qomuslar bosh tahririyati, 1997.

30. Malono Jaloliddin Rumiy Ichingdagi ichingdadir. -T.: "Yozuvchi"

31. Imom Abu Homid Muhammad ibn Muhammad al-Ǵazzoliy. Ihyou ulumid-din. Birinchi kitob. –T.: Movarounnahr

**Internet - xabar derekleri:**

1. www.lex.uz.
2. www.tiu.uz
3. www.manaviyat.uz